# МАХ ДУГ

1945 2021

## УÆЛАХИЗЫ 76 АЗЫ

5
2021

1945 2021

УÆЛАХИЗЫ
76 АЗЫ

*ПЛИТЫ Грис*

# ***САЛДАТЫ МОНОЛОГ***

*Рæхджы бырсæм. Бырсынц æнгомæй*
*Нæ хæстæвзæрд бæсты цæуæт.*
*Сæ фарсмæ слæудзынæн дæ номæй,*
*Мæ Ир, æмæ дæ ма уæд мæт.*
*Мæнæй нæ уыдзынæ къæмдзæстыг,*
*Сыгъдæг у ме ‘фсæддон цæсгом,*
*Æгад нæ фæкæндзынæн хæсты*
*Рæсугъд ирон дзыллæйы ном!*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ,
2021

# МАХ ДУГ

5
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу,
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**ИРОН ÆВЗАГ – НÆ НОМГÆНÆГ**
НАФИ. *Дыууæ æмдзæвгæйы* .................................................. 5
**ДАРЧИТЫ ДАУЫТ: 110 АЗЫ**
ДАРЧИТЫ ДАУЫТ. Хæсты цæхæртæ, уарзты фæндæгтæ.
*Æмдзæвгæтæ* .................................................. 8
**ПРОЗÆ**
БИЦЪОТЫ Грис. Царды аууæттæ кæнæ фыссæг мæ цæуылнæ
рауади. *Публицистон уацау. (Дарддæр)* .................................................. 12
**БАСИТЫ МЫСОСТ: 110 АЗЫ**
БАСИТЫ Мысост. Бакæсæм нæ хуртæн. *Æмдзæвгæтæ* .................. 63
**ТОРЧЫНТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 80 АЗЫ**
ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег. Лалымбег. *Сатирикон радзырд* ................. 71
**ХОХОЙТЫ ЭНВЕР: 65 АЗЫ**
ХОХОЙТИ Энвер. Хæссун кæдзосæй лæги ном. *Æмдзæвгæтæ* ...... 77
**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ**
ЗАОЙТЫ Аслæнбег. Æнæнхъæлæджы фембæлд. *Мысинæгтæ* ....... 85
**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ**
**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**
МАМИАТЫ Михал. Ирон адæмы традицион къæлиндар куыд
алайнаг рæстдинæй баззайгæ хæзна. *Уац* .................................................. 101
**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Ирæд. *Таурæгъ* .................................................. 111
Кæсагахсæг. *Англисаг адæмон аргъау* .................................................. 115
**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
ЕГАР. Хæст – лæджы удæн дзæхст .................................................. 119
**«МАХ ДУГ»-Ы ÆВÆРÆНТÆЙ**
Хъæлдзæг хабæрттæ .................................................. 122
**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
ДЗАСОХТЫ Музафер. *Новеллæ. Этюдтæ* .................................................. 129
**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** .................................................. 143

# ИРОН ÆВЗАГ – НÆ НОМГÆНÆГ

*НАФИ*

## БУЗНЫГ, ИРОН ДЗЫРД!

Нæмыгдзæф изæрты куы гуыпп кæны хæст,
Уæд, не 'взаг, дæ мыртыл,
Дæ удрæвдау дзырдтыл,
Уæларвон ныфсытау фæхæссын мæ цæст.

Куы уары нæ хæдзæрттыл ихау нæмыг,
Ракетæйы богътæй,
Цæф лæппуты оххытæй
Куы ныссæлы цæсты бын судзгæ цæссыг,

Уæд мысын дæу, не 'взаг. Мæ удрæбын тас
Дæ уымæлхъуыр дзырдтæй
Бæлоны цъыбырттау
Ныссус вæййы!.. Рауары хур боны хас

Мæ удыл, æмæ та хæстон азар – рох!..
Фæхъуысы мæм тарæй,
Лæгвидыцы сарау,
Ирон мады хъарæг, ирон фыды богъ!..

Мæ зæрдтаг ныфс, не 'взаг! Уæд бауырны мæн:
Дæу чи мысыд ардау,
Æвидигæ цардæн
Тъымы-тъымамæ дæр нæй уымæн мæлæн!

*08. 01. 1992 аз*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ НЫСТУАН АДÆММÆ

Æниу, цæуыл дзурон, цæмæн?..
Мæ сæрыл м‘ адæммæ куыд дзурон?..
Кæддæр мæ ныхасы тæмæн,
Мæ фыды фарн æнхъæлдтой Хурон!..

Кæддæр сæ хъарæг уа, сæ зард
Бæрзонд Хуыцаумæ хъуыст иронау!..
Мæ дзырды рухсæй хордтой ард,
Уыди сын хъулон арвы ронау!..

Ныр сыл цы ‘руад: цы тар æхсæв
Æркодта Ирыл, гъе цы сон у?..
Мыййаг, кæд райдыдта сæ сæфт,
Фæлæ йæ сабитау нæ зонынц?..

Цæмæн ныууагътой рохы мæн?
Сæ цин – кæйдæр æвзагыл дзурын,
Сæ дзæцц – æддагонæй лымæн,
Лæдзæгæй хион лæджы сурын…

Æмæ куыд цæрон æз, цæмæн?..
Æвæстагæй зæххыл куыд зилон?..
Уыдтæн сæ амонды сæмæн,
Ныр нал бæззын сæ цалхæн чъилдон!..

Æллæх, мæ уд дæр нæу æнамонд,
Цы ныфсæй фервæзон мæ рыстæй?
У афæдз иунæг бон мæ бон
Æрвитын иннæты æгъуыстæй?..

Æмæ мæ уæнгты тых сæтты,
Мæ хъысмæт – тар æхсæвæй ирддæр:
Куы бафтон иу афон мæрдтыл,
Йæ уæлвæд анығуылдзæн Ир дæр…

*15.05.2005 аз*

# ДАРЧИТЫ ДАУЫТ: 110 АЗЫ



(1911 – 1989)

# ХÆСТЫ ЦÆХÆРТÆ, УАРЗТЫ ФÆНДÆГТÆ

*ДАРЧИТЫ Дауыт*

## УЫЙ ФЕДТОН ÆЗ

Уый федтон æз. Хæсты быдыры
Хуыссыд уæлгоммæ ‘нцад,
Цыма йын йе ‘рцыдмæ нæ касти
Йæ ныййарæг, йæ мад.

Цыма йæ цуры зæхх нæ сыгъди,
Цыма нæ уарыд зынг,
Цыма йын карз хæсты йæ риуæй
Нæ ахызти нæмыг.

Цыма та сыстдзæни фæстæмæ,
Хæстонтимæ цæудзæн,
Æмæ фыдызнагæн йæ ныхмæ
Хъæбатырæй хæцдзæн.

Уый федтон æз. Хæсты быдыры
Хуыссыд уæлгоммæ ‘нцад,
Цыма йын йе ‘рцыдмæ нæ касти
Йæ ныййарæг, йæ мад.

## СОМ ТА КÆД РУДЗЫНГÆЙ РАКÆСИД ХУР

Иу чызг мæм рудзынгæй бахудт фæлмæн,
Уымæ ныккæсгæйæ, сагъдау фæдæн:
Цæстытæ – стъалытæ, дзыккутæ – сау.
Лæппутæй уыдонмæ чи ‘рхæсдзæн фау!

Бадзырдтон: «О чызгай, ма фæзил, ма,
Хæхтæм нæма ныттылд хур дæр нырма!»
Уый дын мæ фембæрста, цæсгом фæсырх,
Йе ‘нгуылдзтæй асæрфта дзыккутæ, ных.

Афтæмæй радзырдта: «Ма йыл тыхс, ма, –
Райсом дæр урс хæхтæй хъуамæ кæса!..»
Ф’ ауун ис, ацыди. Зæрдæ ныддур...
Сом та кæд рудзынгæй ракæсид хур...

## СÆРКЪУЛÆЙ

Кæсы мæм мæ хъæбул æдзынæг нæ къулæй,
Æмæ та йæ цуры фæлæууын сæркъулæй.
Мæ мийыл мæ зонгæ нæ бакæндзæн дис:
Мæ саби мæ дæле куы не ‘рлæудзæн исты,
Лæггæдтæ хъæбулау нæ кæндзæн мæ хисты.
Æнустæм æнæсысгæ разынд мæ рис.

***

Терк ызгъоры, уайы размæ,
Терк, фынккалгæйæ, бырсы,
Æз æнцад лæууын йæ разы,
Уылæн уылæны хæссы.

Ам-иу бадтæн æз кæддæрты.
Дон-иу афтæ уад уæддæр.
Раздæрау ма æз изæрты
Теркмæ бацæуын ныр дæр.

Иунæгæй фæбадын дурыл,
Арвæй мæм æркæсы мæй.
Фæлæ уарзон нæй мæ цуры,
Нæй йæ кой, йæ хъæр дæр нæй.

Сивта кæд мæныл йæ зæрдæ,
Аскъæфта йæ кæд æндæр?
Æз нæ бынатмæ изæрæй
Алкæд рацæуын уæддæр.

Былæй акæсын дæлæмæ, –
Денджызмæ фæтæхы дон.
Нæй йын раздæхæн фæстæмæ,
Аивгъуыдта уый бынтон.

Кæд мæ уарзон уыйау ацыд,
Йемæ ахаста мæ зын,
Былгæрон уæддæр фæбадын
Æмæ йе 'рцыдмæ кæсын.

***

Æз арæх æмбæлдтæн дæуимæ, мæ хур,
Рæвдыдтай мæ уарзон ныхасæй,
Дзырдтай-иу: «Нæ уыдзæн нæ размæ цæлхдур,
Мæ зæрдæ дæу уыдзæн æгасæй».

Æз дæр дæм æнувыдæй кастæн æдзух,
Дæ уындæй нæ зыдтон æз бафсис,
Æхсызгонæй истон æрвылбон дæ къух,
Дæ цинæй фæллад зæрдæ радис.

Æнхъæлдтон, нæ кæндзынæ сомбон фæсмон,
Мæ зæрдæ-иу байдзаг и рухсæй,
Зæгъ-ма, уæд цы кодтай, мæ фæрдыг, мæ бон,
Цы бадыс мæ цуры фæлурсæй?

Ыскæс мæм фыццагау, фæлмæн мæм ысхуд,
Рæвдау мæ дæ уарзон ныхасæй,
Рæвдау мæ, рæвдау мæ, мæ фæрдыг, мæ уд,
Мæн батав дæ цæстыты 'нгасæй.

## ХÆРИС БÆЛАС

Хæрис цы ’ркъул кодта йæ хихтæ?
Йæ сыфтæртыл цы ’рбадт æртæх?
Цæмæн кæны фæлмасæй джихтæ?
Цы нымпылдтæ йæ быны зæхх?

Цымæ йыл уагæры цы ’рцыди?
Цымæ цæмæн калы цæссыг?..
Кæддæр, дам, ам салдат хæцыди,
Йæ риуыл сæмбæлди нæмыг.

Бæлас кæд ууыл кæны хъыг?..
Кæд калы уый рисæй цæссыг?..

## НЫББАР МЫН

Кæд искуы дæуырдæм фæкастæн тызмæгæй,
Хæлбурцъгæнаг мигътау мæ цæсгом ныттар,
Ысхуыдтай мæ карздæр сыбираг зымæгæй, –
Ныббар мын, дæ хорзæхæй, сонт ми,
Ныббар!

Дзыхъхъытæ фæндагыл цæстæнгас куы тула,
Нæ ныззгъæлдзæн уымæн йæ уæзæй къуыбар.
Æз та дын дæ зæрдæ фæкодтон кæд цъула,
Ныббар мын, дæ хорзæхæй, сонт ми,
Ныббар!

Хъысмæт дæр кæм вæййы зæрдæйы фæндиаг,
Куы срухс вæййы развæд, куы бавæййы тар!
Уыдтæн-иу, æвæццæгæн, хатгай рæдиаг,
Ныббар мын, дæ хорзæхæй, сонт ми,
Ныббар!

*Райдайæн кæс журналы ацы азы*
*4-æм номыры*

*БИЦЪОТЫ Грис*

# ЦАРДЫ АУУÆТТÆ КÆНÆ ФЫССÆГ МÆ ЦÆУЫЛНÆ РАУАДИ

* * *

Æз мæхæдæг педагогон институты куы ахуыр кодтон, уыцы азты æвирхъау «диссæгтæм» хауы Мамсыраты Д. æмæ Хъаныхъуаты В. уац «Ирон поэтты иуæй-иу уацмысты идеологон рæдыдты тыххæй» («Рæстдзинад», 1952 аз, 23 июль) дæр. Уæд фæтæджы сфæлдыст «æлдарадон социализмы» сæрсæфæнмæ тæрæг идеологи йæ фæстаг уылæнтæ раскъæрдта, адæмы хæрзты сафæн селекцион куыст ма йæ тæккæ тынгыл уыди. Амынд фæндæгтæм тæрын чи нæ куымдта, йæхи хъæлæсæй сдзурыны ныфс ма-иу кæмæ разынд, уыдоныл мæлæты азар æфтыдтой, мыггагыскъуыд хъуамæ фæуыдаиккой. Микроскопау лыстæг æвзарæг æнæуувæнчы цæстæй кæсæг къæрцхъустæ систы рæстæджы ахсджиагдæр архайджытæ. Фæхъуыды кæнын: æбуалгъ рæстæджы гуылфæнтæ мæ куы 'рбаййæфтаиккой, уæд, цымæ, æз та мæхи куыд дардтаин? Нæ ныссуйтæ уыдаин? Алцы рæстмæ бамбæрстаин? Мæ цæсгом мын нæ бахæрын кодтаиккой? Нæ мын ауæй кæнын кодтаиккой, ахсджиаг мын чи у, ахæм æмхъуыды, æмуд адæймæгты? Царды ауæтты æмбæхстæй кæй фæдардтой, уыцы информаци ныр дæ къухы бын, афтæмæй æнцон у абон тæрхæттæ æмæ хатдзæгтæ кæнын, ныфсджын уæвын! Фæлæ уæд сæрсæфæны былгæрæтты куырмæджы цæуæджы уавæры адæймаг куыннæ ныссуйтæ уыдаид?!

Фæсхæст журнал «Мах дуджы» номыртæ къух-къухмæ цыдысты, сæ сыфтæ цæстыты раз ихсыдысты, зæронд кодтой. Мамсыраты Дæбейы

роман «Хъæбатырты кадæг»-ы ног сæргæндтæм чиныгкæсджытæ цинцыбæлæй æнхъæлмæ кастысты. Æз дæр – ирон аив дзырдæй мæ мондæгтæ суадзынмæ тырнæг, хъырдыгæнæг чиныгкæсджытæй. Романы архайджытæй мын æппæты зынаргъдæр сси Сослæмбег; сæ хæдзарæй куыд алыгъд æмæ æхсæвæддæ куыд баззад, уыцы нывтæ мын æцæг царды нывтимæ баиу сты. Уæд æз дæр Сослæмбеджы кары бацыдтæн. Æмæ мын уый хъысмæт уæлдай адджындæр фæци. Ноджы Сослæмбег дæр Æрæфы доны былыл схъомыл, æз дæр. Ирон хъæуы, ирон хæдзæртты цыди архайд. Бынæттон æрдзы нывтæ æмæ этнографион æууæлтæ роман цардхуыз кæй кодтой, уый тыххæй иста чиныгкæсæг фыссæджы ныхас йæ зæрдæмæ афтæ хæстæг.

Æмæ автор, адæмæн йæ уарзон чиныг мыхуыры куы рацыди, уымæй цыппар азы фæстæдæр газеты куы радзурид Ирыстоны цард реалистон хуызы æвдисæг поэтты тыххæй: «…фылдæрхатт ацæуынц национ цыбырзонддзинады фæдыл, сæ уацмысты фыссынц æбæрæг рæстæджы Ирыстоныл, иуварс ацæуынц историон æцæгдзинадæй æмæ æруадзынц националистон рæдыдтытæ».

Цæвиттон, Мамсыраты Д. æмæ Хъаныхъуаты В. уац мыхуыргонд куы æрцыд, уымæй афæдзæй чысыл фылдæр раздæр газет «Правда»-йы фæзынди редакцион уац «Литературæйы мидæг зыгъуыммæдзинæдты ныхмæ». Ныхас дзы цыди украинаг поэт В. Сосюрайы æмдзæвгæ «Уарз Украинæйы» тыххæй. Æмдзæвгæйы авторы аххосджын кодтой, украинаг адæмы иннæ советон адæмтæй фæиртæста, зæгъгæ. Бæрæг, дам, не сты, цы рæстæджы Украинæйы кой кæны, цæй тыххæй йæ уарзын кæны, уыдæттæ.

Газет «Правда»-йы редакцион уацыл æрныхас кодтой партийы Цæгат Ирыстоны обкомы 5-æм пленумы. Æмæ æрцыдысты, мидлитературæйы дæр националисттæ агурын кæй хъæуы, ахæм хатдзæгмæ. Бынæттон Сосюраты цæсгæмттæ хъуыди раргом кææнын. Уыцы бæрнон хæс сæхимæ райстой Мамсыраты Д. æмæ Хъаныхъуаты В. Уыдон фыссынц: «В. Сосюрайы æмдзæвгæ «Уарз Украинæйы» халдих у ирон поэт Балаты Темболы æмдзæвгæ «Уарзут райгуырæны» («Мах дуг», 1950 аз, №9). Цæмæй чиныгкæсæг уæды рæстæджы критикæйы тугмысæнтæн йæхæдæг аргъ скæна, уый тыххæй Темболы æмдзæвгæ æрхæссæм æнæхъæнæй (критикон уацы автортæ дæр афтæ бакодтой):

*Рæгътæ, хæхтæ 'мæ фæзтæ!*
*Хъæдтæ, горæттæ – худт.*
*Уарзут Райгуырæн бæстæ,*
*Уарзут, аргъ ын кæнут.*
*Уарзут, хи йыл фæдзæхсут,*
*Хи – æппæты фыццаг.*
*Исчи, исчи куынæ стут,*
*Исчи уымæн, мыййаг.*
*Уарзут, зæрдыл æй дарут,*
*Зæрдыл, ма уæ уæд рох.*
*Кад, йæ кад ын стаут.*
*Кад, йæ кадыл – уæ тох.*
*Калы дидинæг хæрис,*
*Калы, кæрдæг фæцъæх.*
*О, зæгъут-ма, кæмæн ис*
*Ахæм Райгуырæн Зæхх.*
*О, зæгъут-ма, кæй тавы,*
*Кæй нæ хурау йæ цард?*
*Цард йæ рухс тынтæ уафы,*
*Цардæй гуыры нæ зард.*
*Цардæй зæрдæтæ райынц.*
*Цард, нæ цард у дзæнæт.*
*Цардæй цъититæ тайынц,*
*Цардæй зæрдæтæ – 'лгъæд.*
*Худынц рæгътæ 'мæ фæзтæ,*
*Худынц, хъарм у сæ худт.*
*Уарзут Райгуырæн бæстæ,*
*Уарзут, аргъ ын кæнут.*

Идейон æгъдауæй уыйбæрц нывыл арæзт у ацы æмдзæвгæ – раст гимнау зæлы, – фæлæ йæ критикон уацы автортæ уæды барæнтæй нæ абарстой æмæ зæгъынц: «…Фæлæ нын цавæр райгуырæн бæстæ уарзын кæны Тембол? Кæцы дуджы райгуырæн бæстæйы кой кæны? Цы хорз миниуджытæм гæсгæ нын æй уарзын кæны? Уыцы фарстатæн дзуапп нæ дæтты поэт. Цы нын равдыста райгуырæн нывтæй?

Хæхтæ, рæгътæ, фæзтæ, дæттæ, хæрис бæлæстæ æмæ 'ндæртæ. Фæлæ уыдæттæ кæддæриддæр уыдысты. Тембол ницы равдыста нæ советон Райгуырæн бæстæйы нывтæй, нæ сарæзта социалистон Фыдыбæстæйы фæлгонц».

Балайы-фыртæн йæ иннæ æмдзæвгæ «Мæ зæрды – мæ уарзон бæстæ»-йы тыххæй та йæ ахæм азымы бадардтой: «...Ирыстоны «æрæхгæдта» национ хъузгæй... йæ уацмысы æвдисы фыдæлтыккон Иры...», «Тембол цы адæймаджы æнкъарæнтæ æвдисы, уыдонæн иумæйагæй ницы ис советон адæймаджы зæрдæйы уагимæ...»

Балаты Тембол йе 'мдзæвгæ «Райгуырæн бæстæ»-йы фыссы:

*Мæ райгуырæн бæстæ – Уæлладжыр, Куырттатæ,*
*Дыгургом, Æрыдон, Дæргъæвс æмæ Дзау...*

Критикон уацы автортæ йæ аххосджын кæнынц: «Поэт хохы цъассы аууон бамбæхста индустриалон æмæ колхозон социалистон Ирыстоны, хæрис бæлæстæ æмæ æхсæрдзæны аууон бакодта æхсарджын кусджыты æмæ колхозонты. Нæ йæ бафæндыд афæлгæсын не стыр Райгуырæн бæстæйыл. Æнæбæрæг рæстæг, æнæбæрæг дуджы Ирыстоны кой кæны поэт».

Епхиты Тæтæри йе 'мдзæвгæ «О мæ Ирыстон»-ы зæгъы, зæгъгæ, фашисттæ Ирыстонмæ куы 'рбаирвæзой, уæд:

*Сæгдзыд сау рæхыс*
*Царæй халдзысты,*
*Уазал сау фæнык*
*Уадмæ дардзысты.*

Уыцы зæрдæйы арфæй цæуæг колоритон рæнхъыты тыххæй йæ азимаг фæкодтой нæ критиктæ: «Тæтæри нæ равдыста, Ирыстоны ирæттæ кæй нæ фервæзын кодтой, фæлæ йæ советон æфсад æмæ æппæт советон адæм иумæ кæй фæрвæзын кодтой, уыцы хъуыддаг. Поэттæ Плиты Грис æмæ Хъайтыхъты Георæн дæр сæ иуæй-иу æмдзæвгætæ хызт не сты национализмы цыбырзонддзинадæй».

Дæбейы цармы бацыди дыууæ удгоймаджы, сæ иу – «Хъæбатырты кадæг» сфæлдисæг, иннæ, йæхи ныхмæ дæр чи дзуры (йæ роман ын вульгарон-социологон критичы цæстæй бакæс, уæд дзы тæссаг хъуыдытæ куыннæ срæдывдтытæ кодтаид), йæ 'мсис фысджытыл артæндзарæн æрмæг чи ныффыста. Уæнгты уазал ацыд, уд, зонд кæмæй сæлы, ахæм уазал. Ахæм критикон уац-иу мыхуыргонд æрцæуæд, æндæр-иу йæ кæнонтæ бакодта.

Уыцы рæстæг-иу критикæйы амæттаг чи баци, уыцы фыссæгыл цы бон акодта, уый тыххæй Балаты Темболæн йæхимæ байхъусæм: «Мæ чиныг «Райгуырæн бæстæ» рацыди 1945 азы. Уайтагъд мыл националисты гакк аныхæстой. Къуыммæ мæ тардтой: «Нар, Нар кæныс. Ирыстон йеддæмæ ницы уыныс!» Мæ чиныгыл мын иу хатт Наукон-иртасæг институты æрдзырдтой, иннæ хатт – уæлæдарæсхуыйæн фабричы клубы. Фæстаг æмбырд арæзт æрцыд Битеты Стъепаны хъæппæрисæй. Æз уырдæм нал ссыдтæн. «Йæ аххос зоны æмæ не 'рбацыд», – сæмбæлдысты мыл Стъепаны ныхæстæ. Уæдæй фæстæмæ-иу искуы национализмы кой рауайæд – мæ ном-иу æнæ зæгъгæ нæ фесты. 1949 азы куыстон Хетæгкаты Къостайы номыл ирон литературæйы музейы хицауæй. Уыцы аз мæм сидын байдыдтой оргæнтæм. Куы мæ-иу Скрынников фарста, куы – Ратнер. Дæрзæг æвзагæй-иу дзырдтой мемæ. Сæ алы ныхас дæр – рæхуыст. Мæ мады дæр мын-иу сæхицæй ралгъыстой. Националист, дам дæ æмæ, дам, иунæг нæ уыдзынæ. Хъуамæ сын ранымадтаин мæ 'мхъуыдыгæнджыты, мæ 'мдзæхдон адæмы. Зæгъын, цæй националист дæн, мæ бинойнаг уырыссаг куы у. Уый дæр, дам дын хъуыдыгонд уыд, уый, дам дын ныгъуылæн у. Аз æмæ мæ æрдæджы бæрц алы изæр дæр дæс сахатыл сæхимæ цæуын кодтой. Æдзухдæр мæм иугæндзон фарстатæ лæвæрдтой. Къахæн фарстатæ. Горæтæй мын ацæуæн никæдæм уыди. Мæ хæрз хо Къостайыхъæуы фæзиан, æмæ йæм мардмæ нæ ныццыдтæн. Хæстæджытæ, хиуæттæ мыл фæтутæ кодтой, дæуæн, загътой, дæ хойраг бахæрынмæ нæ бæззы. Дзурæн мын ницы уыди, æмæ мæхи куыд сраст кодтаин?.. Иуахæмы та сæм фæсахсæвæртыл куыд фæцæйцыдтæн, афтæ мæм уынджы иу уырыссаг æрбауырдыг æмæ мæ афарста:

– Махмæ та цæуыс?

– Æз дæу нæ зонын, – дзуапп ын радтон æз.

– Уыйхыгъд дæ æз хорз зонын, мæнмæ-иу æрбацу ацы изæр.

Йæ кабинеты номыр мын загъта. Уыцы изæр уый кабинеты къæсæрыл бахызтæн.

– Цалынмæ дæ сæр нæ фесæфти, уæдмæ дæхи искæдæм айс, – сдзырдта уый, куыддæр къæсæрæй бахызтæн, афтæ, йæ дзыппæй систа уæды æхцаты чысыл цъæпæра (уый фæстæ сæ куы банымадтон, уæд рауадысты 500 сомы). Æрбалæвæрдта мæм сæ æмæ сабыр, фæлæ фидар хъæлæсæй загъта:

– Æвæстиатæй билет балхæн æмæ ардыгæй дæхи айс.

Æз исдуг хорзау нал фæдæн. Кæд мæ, зæгъын, къахгæ кæны, кæд мын къæппæг аразы. Фæлæ æнахуыр æнувыд хъæлæсæй дзырдта æмæ мæ йæхиуыл æрæууæндын кодта. Мæ бинонтæн ма хæрзизæр загътон æмæ уыцы изæр горæты арæнæй ахызтæн. Уыди, уыди уыцы кусæндоны дæр æцæг адæймæгтæ. Йæ ном дæр ын нæ базыдтон, ницæмæуал сарæхстæн. Кæд мард у, уæд ын цырт сæвæрин, кæд æгас у…

Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты 3-аг курсмæ бацыдтæн уыцы аз æмæ йæ 1952 азы каст фæдæн. Уый размæ 1950 азы цытæ 'рцыди, æххæст уыдоны кой дæр ракæнон. Каникулты рæстæг Ирыстонмæ ссыдтæн. Мæ чиныг «Æмдзæвгæтæ» мæнæ-мæнæ хъуамæ фæзындаид. Чиныг æрурæдтой. Типографийы ахорæнты тæф чи кодта, ахæм экземплыртæ дзы уыди Хъайтыхъты Михал æмæ Гапбаты Иванмæ. Æрныхас ыл кæнæм, зæгъгæ, фысджыты, бæрнон кусджыты æрхуыдтой. Доклад дзы кодта Хъайтыхъты Михал. Цынæ мæ схуыдта – националист, эквилибрист, формалист… Иван та чиныг стъолыл хоста æмæ мæстæлгъæдæй дзырдта: «Ацы чиныг национализмы хъылмайæ йæ тæккæ дзаг у!»

* * *

50-æм азты заманæй тынгдæр кæй бахъуыды кодтон мæхæдæг, уыцы бонтæ иннæ бонты 'хсæн уæлдай мылазондæрæй лæууынц цæстыты раз. Уыцы бонтæй иуы, педагогон институтæн Маркусы уынджы цы бæстыхай ис, уым ныхас кодтой ирон æвзагзонынады фарстаты тыххæй. Мах, студенттæ дæр, залы бадтыстæм, президиуммæ гомцæстæй кастыстæм, къæрцхъусæй хъуыстам. Уæд æз, «хомбыл сту-

дент», цæй хъуыды кæнынхъом уыдтæн. Нæ размæ нын цы хастой, уый нымайын хъуыди хорзыл, царды æнæмæнг цы хъæуы, ахæм ахсджиаг хъуыддагыл. Æмæ мæм истæуыл фау сæвæрыны ныфс дæр нæ уыди, нæ мын уыди гуырысхотæ кæныны бар дæр.

Загътой нын, æмæ æрцыдыстæм, хъуыстам. Ныхæсты наукон мидис æмбарынхъом дæр нæ уыдтæн, уæвгæ нæ уымæй уый фæстæ лекциты рæстæг дæр, практикон ахуырты рæстæг дæр фæрсæг нæ фæци. Нæ сæйраг хæс уыди, æвзагзонынады кусджыты æхсæн дæр, наукæйы сыгъдæгдзинадæн тæссаг кæмæй у, ахæм антимарксистон зианхæссæг адæймагтæ дæр кæй ис, уый бамбарын. Мæ хæс уыди уыдоны нæммтæ бахъуыды кæнын. Уыдон уыдысты тæссаг адæм нæ цардарæзтæн, цыдысты, наукæйæн стыр зиан чи 'рхаста, уыцы академик Марры фæдыл… Марр йæхæдæг æгас нал уыди æмæ ма уымæн кæй бон цы уыди, фæлæ наукæ бахизын хъуыди, йæ куыстытæ йын пропагандæ чи кодта, уыдонæй, йæ ахуыргæнинæгтæй.

Куыд дзырдтой, афтæмæй уыдонæн сæ тæккæ тæссагдæртæй иу уыди Абайты Васо. Куыннæ бауæндыдаиккам докладгæнджытыл, кæд мæ «цытджын фæтæг æвзагзонынады тыххæй цы генион куыстытæ ныффыста, уыдон нæ æвзагзонынады историйы байгом кодтой ног дуг, стыр прожектораy ын ныррухс кодтой йæ дарддæры рæзты фæндæгтæ æмæ йæ систой бæрзонд къæпхæнмæ» (Серебренниковы докладæй).

Абайты Васо та марксистон ахуырадæн цæлхдурæвæрæнтæ кодта.

Цымæ, зæгъын, уæддæр цытæ дзырдтой, зæгъгæ, уæды газеттæ афæлдæхтон, æмæ мæнæ 1952 азы 3 январы газет «Рæстдзинад»-ы номыры стыр æрмæг «Ирон æвзагзонынады фарстаты тыххæй наукон конференци». Конференци уыди хъæууонхæдзарадон институты клубы. Сæйраг доклад дзы скодта ССР Цæдисы Наукæты Академийы æвзагзонынады институты директоры хæдивæг, филологон наукæты кандидат Серебренников «Профессор Абайты Васойы куыстыты марксистон рæдыдты тыххæй». Иннæ докладгæнджытæ – Кодзырты Тамарæ, Хъуылаты Гала, Багаты Никъала æмæ Ардасенты Хадзыбатыр…

Фæнды мæ Серебренниковы докладæй æрмæстдæр иунæг бынат æрхæссын. Цæвиттон, аххосджын кæны ирон æвзагзонджыты, Абай-

ты Васойы марксистон рæдыдтæ сбæрæг кæнынил æмæ сæ аиуварс кæнынил лæмæгъ кæй куыстой æмæ сæ æмбæхсгæ дæр ма кæй кодтой, уый тыххæй. Марры æмæ йæ ахуыргæнинæгты къуыммæ тæры, цы знаггад ракодтой, уый цæстыты раз æвæры: «Марры теори сызмæста ирон æвзаджы грамматикæ. Морфологи æмæ синтаксис æддæг-мидæг ауадысты. Уый ахх осæй ирон адæммæ абоны онг нæма ис конкретон фарстаты бындурыл арæзт ирон æвзаджы хорз грамматикæ. Ирон адæммæ нæма ис ирон-уырыссаг æмæ уырыссаг-ирон æххæст дзырдуæттæ, терминологон дзырдуæттæ, нæма ис ирон æвзаджы хæрзарæзт наукон-историон грамматикæ».

Уæды онг Абайты Васойы куыстытæ нымад уыдысты тæккæ хуыздæртыл, студенттæ æмæ скъолаты ахуыргæнджытæ сæ куыст уыдонмæ гæсгæ арæзтой. Уыдонмæ гæсгæ арæзт цыдысты æвзаджы программæтæ дæр. Ныр ыл ахуыргæндтæ фыр тæссæй хъоды бакодтой.

Абайты Васо уый размæ ныффыста, Ирон-уырыссаг дзырдуатмæ кæй бæхаста, уыцы «Ирон æвзаджы грамматикон очерк». Цæрæнбонты кусы, стыр адæмтæй дæр кæмæдæрты чи нæма ис, Паддзахадон премийы лауреаты ном ын кæй тыххæй радтой, бирæ наукон кусджытæ иумæ кæй фæаразынц, иунæгæй ахæм фæллойыл – «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат»-ыл. 1952 азæй нырмæ Терчы цас дон акалди, фæлæ уæд «Васойы ахх осæй» арæзт цы не 'рцыди, уыдон абон дæр конд нæма сты. Цымæ сæ Абайы-фырт искæмæн йæ къухтыл хæцыди æмæ хæцы…

* * *

Уæлдæр дзырдтон, 1947 азы Хъайтыхъты Геор «национ формæйы æууæлтæй пайдагæнджыты» куыд карзæй æфхæрдта, «культурæйыл Нартыл ахуыр кæнут», зæгъгæ, чиныгкæсджытæн зонд чи амыдта, уыцы фысджыты къуыммæ куыд тардта, уый тыххæй. Геор хъæрæй фæуайдзæфтæ кодта, хахуыргæнæджы уавæры кæй æвæры йæхи, уый зонгæйæ, уый фæстæ уæддæр бавдæлд æмæ йæхæдæг ныффыста æмдзæвгæ «Бакæс нæ хохмæ æдзынæг». Уым ис ахæм рæнхъытæ:

Бакæс нæ хохмæ æдзынæг,
Тых лæгæн уый кой фæдæтты.
Чи загъта: «Амард Уырызмæг?..»

Æвæдза, æрдзон æвронг реалистон зонд амарын нырма никæй къухы бафтыди, стæй бафтинаг дæр нæу.

О, æмæ ныр, фондз азы фæстæ, Мамсыраты Дæбе æмæ Хъаныхъуаты Валодя Хъайтыхъы-фыртæн йæхи аххосджын кæнынц, нарты идеализаци кæны, зæгъгæ. Стæй зæгъынц æппæтæн зондæн райсинаг «философон» хъуыдытæ дзурæгау: «Нарты таурæгътæ сты ирон адæмы сфæлдыстады стыр хæзна. Фæлæ советон адæмы нартимæ иу кæн, нæ фæсивæды уыдоны митыл ахуыр кæн, уæд уый афтæ амоны, æмæ поэт размæ нæ цæуы, фæлæ фæстæмæ, нæ дуджы æхсидгæ цард равдисынæн нæ агуры ног фæлгонцтæ, фæлæ сæ исы ивгъуыд заманæй».

Партийы Центрон Комитет иу уынаффæ иннæйы фæдыл хаста, коммунизм аразæг цавæр аивад æмæ литературæйыл хъомылгонд хъуамæ цæуа, уый кæройнаг дзырды онг æмбарын кодтой сфæлдыстадон кусджытæн. Бардзырд дæттæгау сæ домдтой: æндæр хуызы фыссæн нæй, махимæ æмдзу чи нæ кæны, уый – не знаг. 1953 азы 3-æм февралы партийы Цæгат Ирыстоны обкомы 3-аг пленумы обкомы секретарь Севостьянов дзырдта: «Фæлæ бирæ фысджытæ, куыд Мамсыраты Д., Плиты Г., Токаты А. æмæ æндæртæ партийы Центрон Комитеты уынаффæйы фæстæ нæ ныффыстой иу зынгæ уацмыс дæр. Ахæм хъуыддагæн дарддæр уæвæн нæй».

Æвæццæгæн, рæстæджы домæнты аккаг уацмыстæ цæуылнæ фыссыс, зæгъгæ, искæмæн бауайдзæф кæнын æнцондæр уыди сæ ныффыссынæй, уымæн æмæ, уæвæн цæмæн нæй, уый домдтой сфæлдыстадон кусджытæй. Дунейы литературæйы фæлтæрддзинадæй рабæрæг раджы – царды æцæгдзинад æххæстæй æвдыст кæм не 'рцæуы, уыцы уацмыс никуы фесгуыхы, аивады æмвæзмæ никуы схизы.

Уæдæ уæддæр цавæр хъуамæ уой, кæй домдтой, уыцы уацмыстæ? Ууыл æнæ ныхъхъуыды кæнгæ нæ фæуыдаиккой мингай фысджытæ. Ныхъхъуыды кодта Бекъойты Елиоз дæр, ныффыста радзырд «Мисурæты лæвар» æмæ йæ ныммыхуыр кодта газет «Рæстдзинад»-ы (1952 аз, 30 ноябрь). Йæ фыццаг хъуыдыйæдтæй йын нымадæй цалдæр

фæуадзæм æмæ дарддæр кæсæм: «Фæлæ зæрдæйы фæндиаг рæвдз куы фæцæуы йæ куыст, фæллойадон хæслæвæрд фылдæрæй сæххæст кодта колхозы, Райгуырæн бæстæйы пайдайæн фылдæр бакусын ын бантысти, зæгъгæ, уæд Мисурæты цæсгом фыр цинæй хурау худын райдайы». Æмæ ма иу скъуыддзаг: «…Бригады механизатортæ цытджын партийы XIX съезды номыл социалистон ерысы бацыдысты. Мисурæт æмæ йе 'мбал тракторист Умар дзырд радтой, цы тракторыл кусынц, уымæй куыстадон хæслæвæрд дыууæ хатты фылдæрæй æххæст кæныны тыххæй».

Елиозы къухы бафтыди аивадон радзырды мæнгтæ дзурæг хус уацхъуыды æмвæзмæ æртæрын. Елиоз нын республикæйы æвзонг фысджыты æмбырды прозаикты семинары теоретикон ныхæстæ фæкодта, ныр та нын, теорийæ практикон æгъдауæй куыд пайда кæнæн ис, уый равдыста. Ома мæнæ уыцы фæндагыл куы цæуат, уæд уæ национа-лист дæр ничи схондзæн, формалист дæр, пессимист дæр, ивгъуыд рæстæджытæ идеализацигæнæджы ном дæр уыл не сбаддзæн. Уæдæ ахæм радзырды порнографи ссарын суанг Джиоты Хазбийы бон дæр нæ бауыдзæн…

Рæстæг цавæр уацмыстæ домдта, налат æхсар æмæ лæгдыхæй кæй фыссын кодтой, ахæмтæ разæнгардæй чи фыста, уыцы фысджытæ æнæхъæн æфсад баисты, рæстæгыл кады зарджытæ кодтой, «советон æхсидгæ патриотон идейæтæй» сæ уацмыстæ ифтыгътой.

Епхиты Тæтæрийы сфæлдыстады райдианты ахсджиаг бынат æрцахста кусæг къласы темæ, зæгъгæ нын дзырдтой ирон литературæйы урокты йæ поэмæ «Слесар Михал»-ы (æмдзæвгæтæй фыст роман дæр ма-иу æй рахуыдтой) тыххæй. Диссертацийы йæ зæрдиагæй æвзæрстой. Газет «Рæстдзинад» æй 1948 азы фæмыхуыр кодта цалдæр номыры. Иу зæрдаивæй ист скъуыддзаг дзы бакæсæм:

*Нæ кæсæг, æз курын.*
*Ды ма кæн мæсты,*
*Уæндонæй дæм дзурын –*
*Дæуæн мæ фæнды…*
*Михал æмæ Къостайыл*
*Кæд нал уыд мæ дзырд.*

*Уыдысты фæндагыл,*
*Ныхас сæм нæ уыд.*
*Ærхæццæ сты мæнæ,*
*Ærбайхъус мæм ныр.*
*Куы барухс мæ зæрдæ –*
*Сæ ныфс у стыр.*

Гъе, тæккæ ахæм «уацмысты» тыххæй фысджыты æппæтзонæг фæтæг схуыдта «адæймаджы уды инженертæ». Горькийы аргъау «Девушка и смерть» та кæд æмæ сæвæрдта хохы цъуппыл, эта вещь, дам, посильнее «Фауста» Гете.

Исчи æнæмæнг ахъуыды кæндзæн: цымæ, ацы цæхгæр ныхасгæнаг та йæ рæстæджы йæхæдæг Сталинмæ цы цæстæй касти? Йæ алы дзырдыл дæр ын æууæндыдтæн, табу йын кæнгæйæ, зæххон хуыцау æй чи хуыдта, уыцы милуантæй иу уыдтæн æз дæр.

«Райдайгæ поэттæ се 'мдзæвгæтæ куы 'рбахæссынц редакцитæм, уæд уыцы æмдзæвгæтæн сæ фылдæр фыст вæййынц нæ советон царды ахсджиаг темæтыл: не стыр фыдыбæстæ уарзыны тыххæй, адæмты фæтæг И. В. Сталинмæ стыр уарзондзинад дарыны тыххæй…» – фыссы Гулуты Андрей «Ныхæстæй нæ, фæлæ фæлгонцтæй», зæгъгæ, уыцы уацы («Рæстдзинад», 1951 аз, 10 июль).

Газеты уыцы номыры иу-цалдæр æрыгон авторы æмдзæвгæтимæ мыхуыргонд сты ацы рæнхъытæ дæр:

*СТАЛИН – НÆ ХУР*

*Ды нæ хур дæ, мах дæ хъармæй тавыс,*
*Бон дæ фæрцы рухс вæййы æрмæст.*
*Ды бæллиццаг царды тынтæ уафыс,*
*Махæн уымæн у бæрзонд нæ рæзт.*
*Ды нæ ныфс дæ. Де стыр тыхы руаджы*
*Скодтай махæн рухс цардмæ фæндаг.*
*Стæм æнтыстджын н 'алы стыр хъуыддаджы,*
*Сæфт æрцæуы мах къухæй знаг.*
*Буц фæтæг, дæ фæрцы азæй-азмæ*
*Размæ мах æнтыстджынæй цæуæм.*

*'Рттивы фидæн, рухсгæнгæ, нæ размæ,*
*Уымæн ныр йæ къæсæрыл лæууæм.*

Сæдæгай, мингай профессионалон æмæ хæдахуыр рифмæбыд рæнхъытæ 'лвисджытæ се 'гас иумæ агуырдтой фæтæджы кады аккаг ныхæстæ. Уымæй бæрнондæр хæс никуыма лæууыди сфæлдыстадон кусæджы размæ, зæгъгæ, æндæр кой нæ уыди. Æмæ æз дæр мæхи амондджыныл нымадтон, уыцы кадæгмæ мæ ныхæстæ дæр æфтыд кæй æрцыдысты, уымæй.

Æууæндыдтæн, фæлæ, механизмы хай кæй уыдтæн, – цыдæр винтиклæсгæр, рæстæджы пъæззыйы азарæй ме уæнгтæ парахат кæй никуы аивæзтон, уый мæ мидзæрдæйы æнкъардтон. Мæ мад æмæ мæ фыд сæумæцъæхæй изæрдалынгтæм афæдзæй-афæдзмæ колхозы куыстæй хæдзармæ не 'фтыдысты, дыууæйæ-иу скодтой 1300 фæллойбоны, фæлæ дзы æртхуыз дæр никуы баистæм æмæ хæрдхуыз дæр.

Загътон: фæтæгæн йæ алы дзырдыл дæр æууæндыдтæн, зæгъгæ. Фæлæ уыди, фæтæджы зæххон хуыцау чи нæ хуыдта, гæныстоны рæстæджы бæллæхтæ æвронг цæстæй чи уыдта, йæ ныхмæ æргом чи æрлæууыди, ахæмтæ дæр… Мæн дзы зæгъын фæнды, 1947 – 1949 азты горæт Воронежы чи фæзынди, уыцы организацийы тыххæй, хуыдтой йæ «Фæсивæды коммунистон парти». Уый тыххæй уацау ныффыста поэт Анатолий Жигулин «Черные камни» (мыхуыргонд у журнал «Знамя»-йы 1988 азы). Æрмæст дыууæ азы фæцарди уыцы парти. Йæ уæнгты нымæц схæццæ 60. Агуырдтой, коммунистон идеалтыл иузæрдион чи уыди, фæсивæды уыцы минæвæрттты. Разы нæ уыдысты, бæстæйы цы уавæр сæвзæрди, уымæй, разы нæ уыдысты, колхозонтæ цы тыхтона цæрдтытæ кодтой, уыимæ. Сæ сусæг æмбырдты кастысты Ленины куыстытæ. Се 'гас дæр уыдысты фæскомцæдисы уæнгтæ. Кастысты, чиныгæмбæхсæнты кæй дардтой, Ленины уыцы куыстытæ, уæлдайдæр «Письмо к съезду». Уыцы куыст кæмæ разындаид, уый хъуыддаг тæрхондонмæ хаудта. Сталинæй хуыцау кæй саразтой, уыимæ дæр разы нæ уыдысты. Сæ размæ сæвæрдтой ахæм хæс: бацæудзысты институттæм, зæрдиагæй кæндзысты æхсæнадон куыст. Суыдзысты партионтæ дæр. Тох кæндзысты, партийы уæнгтæй чи сбюрократ ис, давгæ чи кæны, гæртæмттæ чи исы, уыдоны ныхмæ. Сæ

сæйрагдæр бæллиц уыди ЦК сног кæнын æмæ уымæн йæ Генералон секретары аивын. Уыцы программæ сæххæст кæнын тагъд рæстæг къухы кæй нæ бæфтдзæн, уый æмбæрстой, уæддæр сæ нысанмæ æдæрсгæ тырныдтой. Дзырд сыл бахастой сæ дыууæ 'мбалы… Уый фæстæ – лагерьтæ. Æртæйæ сæрра сты. Сæ иу йæ къух йæхимæ систа…

Фæсивæды коммунистон партийы уæнгты æназым реабилитаци скодтой 1956 азы.

Адон мæ фæлтæрæй сты, райгуырдысты коллективизацийы заман. Библийы хуызæн сын ахуыр кæнын кодтой Коммунистон партийы историйы «Цыбыр курс», хъуамæ уыдаиккой коммæгæс, фæлмæнвад, æмхуызон хъуыдыгæнæг.

Фыссæг Хæблиаты Сафаримæ нæм ацы ныхас æнæнхъæлæджы рауади. Пединституты иу рæстæджы ахуыр кодтам, фæлæ йæ æз уæдæй нæ хъуыды кæнын. Филологон факультеты æртæ азы куы сахуыр кодта, уæд æй ныууагъта æмæ историон факультетмæ баивта. Чысылæй чиныгуарзаг рахаста æмæ институтмæ æдзæттæйæ нæ бахауд. Куыд мын радзырдта, афтæмæй сæм 1952 азы кæрон, кæнæ та 1953 азы райдианы марксизм-ленинизмæй уыди семинар. Дзырдæй-дзырдмæ нал хъуыды кодта, ахуыргæнæг сын цытæ дзырдта, уыдон. Ныхас цыди национ фарстайыл, ома, дам, Ленин æмæ Сталин æмхуызон цæстæй кæсынц уыцы проблемæмæ. Сафар кæцыдæр фæзилæны ахуыргæнæгмæ дзырдæппарæн бакодта:

– Мæнмæ гæсгæ, Ленинмæ уыцы койтæ нæй…

Ахуыргæнæг ыл фæтъæлланг ласта:

– Махæн Ленин æмæ Сталинæй хъауджыдæр нæй! Ды та цыдæр антигуырысхотæ кæныс!

– Мæнмæ гæсгæ та, Ленин æмæ Сталин фæрсæй-фæрстæм æвæргæ не сты, – нæ састи Сафар-студент. – Сталин Ленины онг не схызти…

Семинары фæстæ ахуыргæнæг смидæг институты фæскомцæдисон комитеты, æмæ тæссаг хабар тæвдæй бынатыл сæмбæлди. Фæсидтысты Сафармæ уырдæм. Мæстæлгъæдæй йæм фæзагъд кодтой. Хъуамæ дзы тас бацыдаид, æмæ, йæхи дæр æмæ уыдоны дæр фыдбылызы чи æппæрста, уыцы тæссаг хъуыдытыл йæ къух систаид. Цал хатты йæм сидтысты, уал хатты йæм – æртхъирæнтæ, тымбылкъухæй-иу стъол ныггуымс кодтой…

Уымæй рацыди 15 азы. Партийы XX съезды фæстæ æфхæрд адæм сулæфыдысты, уалынджы та «адæмты фæтæджы» мард дæр мавзолейæ рахастой. Сафар горæты уынджы хæрхæмбæлд фæци йæ уæды ахуыргæнæгимæ, салам ын радта æмæ йæ афарста:

– Цæй, куыд кæнæм? Сталины ма Ленины фарсмæ æвæрæм?

– Хуыздæр фæу, – раарфæ йын кодта ахуыргæнæг. – Уый æнхъæл чи уыди, æмæ хабæрттæ афтæ æрзилдзысты…

– Алцы æмбарынхъом та кæцæй уыдтæн, – дзырдта Сафар, – фæлæиу зонгæ-зонын мæнгтæ чи дзырдта, уыдонмæ мæхи нал баурæдтон.

***

Æдылы хъæддзау хъæдмæ дыууæ цыды кæны, зæгъгæ, уыцы æмбисонд мæныл дæр æрцыди – пединститут фæдæн æмæ æвæстиатæй бацыдтæн Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институтмæ. Пединститутмæ цæмæты æнхъæлмæ кастæн, уыдонæй мын ницы радта. Цæуылнæ, уыди дзы зондджын ахуыргæнджытæ, фæлæ сæ алы къахдзæф дæр – хъавгæйæ, сæ алы ныхас дæр – барстæй. Фæстæдæриу ам мæ ахуыры азтæ куы æрымысыдтæн, уæд-иу ахъуыды кодтон: пединститутæн йæ пайда фылдæр уыди, æви йæ зиан!

Литературон институты нын советон литературæйæ лекцитæ касти профессор П. Новицкий. Йæ ныхас-иу райдыдта хæрз мынæгæй, цадæггай-иу йæ хъæлæс йæхиуыл схæцыд æмæ-иу кæронмæ фæдзырдта нæргæ хъæлæсæй. Мах-иу нæ цæстытæ нал истам, фыццаг стъолы уæлхъус чи бадти, уыцы фæлурсцæсгом фыдцъылызтæаразт чызг Голубевайæ – профессоры хъæлæсы срæмыгъдæй-иу алы хатт дæр хæрдмæ фæхаудта. Классикы ном кæуыл сфидыдта, ног рæстæджы литературæйæн бындур чи æрæвæрдта, уыдонæй иу æмæ дыууæйы нæ зыдта лæгæй-лæгмæ, йæхæдæг литературон царды цаутæй бирæ цæмæндæрты æвдисæн уыди. Æмæ нын уый иуахæмы байуæрста анкетæтæ, йæхæдæг кæй æрхъуыды кодта, ахæм фарстытимæ – иу-дыууадæсы бæрц уыдысты. Зæгъæм: «Уырыссаг литературæйы классиктæй, кæнæ советон дуджы фысджытæй фылдæр кæй уарзыс?», «Цæмæй хицæн кæны иннæ фысджытæй?», «В. Маяковскийæн цы аргъ кæныс?..» Фæхъуыды кодтон æмæ æппæт фарстытæн дæр дзуапп радтон. Профессор йæ лекцитæй иу рауæлдай

кодта нæ дзуаппытæ æвзарынæн. Сæрмагондæй бафиппайдта, хи хъуыдыйæ чи фæхайджын, ахæм студентты дзуаппытæ. Фæдих кодта, йæ зæрдæ кæмæй нæ барухс, уыцы анкетæтæ дæр. Мæ дзуаппытæ æвзаргæйæ, цыма уæлдай фылдæр фæдзырдта. Мæ ном нæ загъта, фæлæ мæм афтæ касти, цыма мæ кой кæй кæны, уый ме 'мкурсонтæ се 'гас дæр бамбæрстой – мæ цæсгом, æвæццæгæн, туджы разылди. Профессоры дзыхы мæ дзуаппытæ хус зæлланг кодтой, касти сæ уазал зæрдæйæ, мæнæ-мæнæ срæмудздзæн, ныннæрдзæн йæ хъæлæс, æмæ мыл æрбазыгъгъуытт ласдзæн мæ анкетæ. Мæ дзуаппытæ «раст» кæй рауадысты, хи хъуыдыйæ хызт кæй разындтæн, уый мæм уæды хуызæн никуы бахъардта. Пединституты иу «рæстæмбис» бæрæггæнæн дæр никуы райстон, æдзухдæр – раззæгтимæ. Æууылд æмæ луæрст хъуыдытæ нын фæтъыстой нæ сæрты 4 азы дæргъы, нæ туджы ахъардтой. Æмæ мæ рарвыстой фæсивæды ахуыр кæнынмæ: уыдоны туджы та æз хъуамæ бауагътаин уыцы тæрæзтыл барст хъуыдытæ.

Ныр мын сæ мæ цæстытæм æхсидав дарæгау ныддардта профессор П. Новицкий.

Цардæй мæлæты æхсæн чи бахауы, ахæм рынчынæн æвдадзы хос цы басгуыхы, уый мын басгуыхти Литературон институт. З. Архипов нын А. П. Чеховы тыххæй сæрмагонд курс касти. Лекцитæ нæ. Йæ мотор уыцы дзæбæх кæмæн куыста, ахæм машинæйы размæ нæ-иу цыма æрмадзмæ бахуыдта. Машинæ-иу хайгай райхæлдта, стæй та-иу æй фæстæмæ æрæмбырд кодта. Уый æнахуыр æхсызгон куыст уыди. Зæрингуырды къухы-иу йæ алы хай дæр цыма бауддзыд, йæ уæз æмæ-иу ын йæ нуары змæлд уырзтæй куыд банкъардта, уый дæр хатыдтам. Чеховы сфæлдыстадон æрмадзы сусæгдзинæдтæ нын нæ цæстыты раз æвæрдта. Детальтæ, штрихтæ – фыссæджы арæзтадон æрмæг, – йæ аивадон фæрæзтæ йын афтæ хуыдта. Дыууæ сахаты-иу дыууæ цæсты фæныкъуылдау атахтысты.

Алы къуыри дæр нæм иу бон уыди сфæлдыстадон семинартæ. Æз уыдтæн прозæйы семинары. Уым та нын нæхи фыстытæ æвзæрстой. Хайгай, мургай бакæн радзырд, йæ алы дзырды аууонмæ дæр ын бакæс. Семинары уæнгтæй алкæмæн дæр – ныхасы бар. Дзурыс, цыдæриддæр хъуыды кæныс, уыдон, дæ фиппаинæгтæй фæсвæд ницыуал ныууагъ-

тай. Штамп, трафарет, схемæ, лакировкæ... Ихсыд дзырдтæ, æфстау ист хъуыдытæ», аслам цыдæртæ, æнæсой ныхæстæ – ныззгъæлдтаиккой дыл-иу семинары де 'мсæр, де 'мбар уæнгтæ. Нæ дзы уыди бынат цæстмæхъус ныхæстæ æмæ былалгъæй загъд æппæлæнтæн. Критикæ – æгъатыр карз, фæлæ цæстуарзонæй дæуæн баххуыс кæныны охыл. Æмæ йæ æфхæрдæн ничи иста. Быхстай йын фондз азы дæргъы. Критикæ сфæлдыстадон кусæджы уæлдæфау кæй хъæуы, уый дæм бахъардта, адджын хъизæмæрттæ дын чи 'взарын кæндзæн, ахæм фæндаг кæй равзæрстай, уымæ дæ цæттæ кодта...

Институты конференц-залы мæ рæстæджы зæлыдысты Н. Хикметы, М. Шолоховы, Анна Зегерсы, Луи Арагоны, Л Леоновы, А. Твардовскийы, К. Федины, К. Чуковскийы, А. Арбузовы, И. Эренбурджы, В. Каверины... хъæлæстæ. Иу кæнæ иннæ уацмыс куыд райгуыры, уый тыххæй-иу фысджытæ сæхæдæг цы дзырдтой, уыдон дæр æвдадзау ахадыдтой. Кæуыл сахуыр дæ, уыцы сыхæгтау фыссæг – хуымæтæг, зæххон, фæлæ-иу дзурын куы байдыдта, уæд-иу уымæй дæу æхсæн æгæрон быдыртæ айтыгътой сæхи, æмæ дæ-иу нал уырныдта, уыйонгты искуы фæхæццæ уыдзынæ, уый. Дзырд – мыр йеддæмæ ницы у, дзырд дæ раулæфтимæ атахти æмæ айсысти. Фæлæ фыссæг дзырд æрцахсы, цыдæр кæлæнтæ йын бакæны, æмæ дзырд дзырд нал вæййы; дзырд дæ зынгау басудздзæн, дзырд дæ ахиздзæн нæмыгау, дзырд дын басгуыхдзæн æвдадзы хос, сдзæбæх дæ кæндзæн, æрæздахдзæн дæ цардмæ. Æрвылбон кæй хъусыс, уыцы дзырдтæ – æгоммæгæс, уазал, афтид агъудтæ, фæлæ фыссæг риссы дунейы рисæй, уæларвон комытæф æм фæхæццæ, йæ дзырдтæй дунейы хъæдгæмттæ æндидзынц, дзæбæх кæны рыст удты, ныфсæвæрд æмæ сæ æнхъæлцау кæны сæ фидæнæй.

Мыхуыры фæзынди В. Дудинцевы роман «Не хлебом единым». Мах, студенттæ, цардыстæм Мæскуыйы бынмæ Переделкинойы. Электричкæйы цыдыстæм. Уымы адæм куыстмæ дард рæттæй цæуынц æмæ, цæмæй сæ рæстæг уæгъды ма сæфа, уый тыххæй семæ кæсинаг рахæссынц. Афæдзы дæргъы электричкæйы чиныгкæсджыты къухты журнал «Новый мир» (Дудинцевы роман уым мыхуыргонд уыд) уыдтон. Мах дæр æй нырыккон советон литературæйы семинары æвзæрстам, æмæ йæ бакастæн. Романы тыххæй ныхасгæнджытыл-

иу сæмбæлдтæн метройы дæр, троллейбусы дæр. Кæдæй-уæдæй царды æцæгдзинадæй цыдæртæ загъд æрцыди нырыккон фыссæджы уацмысы, æмæ йыл адæм цин кодтой. Конференцитæ йыл арæзтой. Сæйраг архайæг – инженер-æрхъуыдыгæнæг, размæ йæ нæ уагътой. Хъизæмæрттæ йын бавзарын кодтой, йæ бинонты цард дæр ныссуйтæ. Гæвзыкк уавæрты æрвыста йæ цард. Уый, СЦКП-йы XX съезды фæстæ бæстæйы политикон климæт фæхъармдæр, æмæ фæци уыцы романæн рухсмæ рауадзыны фадат.

Æмдзæрæны кæнæ-иу институты уæгъд рæстæг студенттæ куы бакъорд сты, уæд-иу сæм рауади, уыцы азты дæр ма кæй нæ мыхуыр кодтой, ахæм уырыссаг фысджыты кой. Æнæ чиныгмæ кæсгæйæ-иу дзурын райдыдтой Есенины æмдзæвгæтæ. Хъодыгонд уыди уымæн йе сфæлдыстад, зианхæссæгыл æй нымадтой. Балаты Темболимæ Литературон институты чи ахуыр кодта, уыдонæй иуы атардтой, Есенины чиныг æм кæй разынд, уый тыххæй.

Иуахæмы нæ аудиторимæ æрбацыди къæсхуыртæарæзт бæрзондгомау сылгоймаг. Йæ цæсгомыл æргом фыст уыди: йæ фæллад никуы ссæуы, æхxормæгтæ бавзæрста, йæ дарæс дæр – ихсыдвæд, хуызивд. Стъолтæй иуы уæлхъус сбадти æмæ лекцийы кæронмæ уым фæци. Зæгъын, кæд йæ цотæй исчи немæ ахуыр кæны æмæ уый фæдыл æрбацыд – мæ мадæй мæм карджындæр фæкасти. Фæбадти уыцы бон лекциты кæронмæ, æрбацыди уый фæстæ бон дæр. Уалынмæ рахъæр сты йæ хабæрттæ – уыди ссæдз азы размæ репрессигонд, политикон æгъдауæй тæссаг адæмтимæ хаст æрцыди. Ацы институты ахуыр кодта, афтæмæй йæ æрцахстой. Ныр æй сраст кодтой, æмæ йæ ахуыр хъуамæ кæронмæ ахæццæ кæна. Æвæццæгæн ын, карзæй фæдзæхст уыди, æмæ йæ хабæрттæй никуы ницы дзырдта, койæ зыдтам, йæ лæг æй банымыгъта, æмæ, дам дзы ныр дæрдты лидзы. Уый уыди Ирина Нолле. Суанг институты фæудмæ йæ æрвылбон дæр уыдтон, фæлæ йæм афтæ дæр æдæрсгæ бакæсын нæ бафæрæзтон – цыдæр æбуалгъ сусæгтæ хаста йæ зæрдæйы, йæ буары. Исчи нын хъуамæ бамбарын кодтаид, цы азимаг фæци, æви йæ чи фæазимаг кодта. Фæлæ нырма ничима зыдта, мæлæтхæссæг тасы азарæй куыд фервæзæн ис, уый. Уæддæр, æзæдза, цард йæ кæнонтæ кæны, æназым адæймагæн йæ рæстдзинад тыхы суадон фесты, æмæ зындоны артæй дæр рахизы.

Ноллейы кар кæцыдæр рæстæг нал фиппайдтон. Не 'мцахъхъæн та баци, не ’мныхас кæнын дæр та базыдта. Йæ цард ын тыхыскъуыд кæм фæкодтой, фæстæмæ уыцы кармæ раздæхыны курдиат æмæ хъарутæ дæр ма йæм разынди.

Цæрæнбонты мæ цæстыты раз лæудзысты С. Бондийы, Виктор Шкловскийы сурæттæ. В. Архиповы кой уæлдæр скодтон. Революцийы агъоммæйы рæстæгæй фарн чи æрхаста, энциклопедион зонындзинæдтимæ чи æрцыд, æртæйæ дæр уыдонæй уыдысты. Авдтаргæнæг рæстæджыты сын цыдæр хуыцау æххуыс кодта, цыдæр амонд сæм каст, æвыдæй баззадысты æмæ нын нæ афтид удтæм рухс фæуагътой. Здæхтой нæ рæствæндагмæ, аивады 'рдæм. Лектортæ схонæн сын нæй, наукæйы кандидатты, докторты хуызæн дæр мæм нæ кастысты. С. Бонди нын касти сæрмагонд курс А. С. Пушкины сфæлдыстадæй. Дзырдтой дзы: уыцы курс кæсы Ломоносовы номыл университеты дæр. Æмæ, дам ын «Евгений Онегин»-æн иу семестр куы радтой, уæд бакатай кодта: «Уыцы рæстæгмæ студенттæн цы радзурдзынæн романы тыххæй?!» Стихы теорийы тыххæй чиныг фыста, чиныгуадзджытæ йын лæгъстæ кодтой: рахæсс дæ къухфыст – дыууадæс азы дæргъы йыл куыста. Фæлæ йæ нæ лæвæрдта, цæттæ нæма у, загъта. Стихы теори махæн дæр амыдта. Ритм цы у, уый мæм уæд бахъардта. Ритмы тыххæй-иу куы дзырдта, уæд хъусты зæлыд уады къуыс-къуыс, денджызы гуылфгæнаг бæрзондрагъ уылæнты нæрын, поезды цæлхыты æмуынæр гыбар-гыбур, уадымсы фæлмæнныхил фендзæвдтытæ. Йæ буар-иу æмызмæлд сси, кафæгау-иу кодта, къухы 'нгуылдзтæ-иу стъолыл размæ-фæстæмæ – згъоргæ. Зачетты, фæлварæнты рæстæг-иу ныссуйтæ дæ – дæ билеты фарстытæн дын-иу йæхæдæг дзуапп радтаид, афтæ-иу бакодтаид: «Афтæ йæ нымай, æмæ фарстытæн дзуапп радтон» æмæ дын-иу, стипендийæ дæ чи нæ фæиртаса, ахæм бæрæггæнæн сæвæрдтаид.

В. Шкловскийы лекциты рæстæг-иу нæм уæгъд бынат нал баззад, бандæттæ-иу æрбахастой аудиторимæ. Къулрæбынты лæугæйæ йæм хъуыстой. Зын мын уыди йæ ныхасы фæдыл уайын, – йæ хъуыдытæ цалдæр уылæнæй фæрсæй-фæрстæм ивылдысты, кæмдæрты-иу фæиу сты, æмрухс-иу ныккодтой æмæ-иу ныдздзæгъæлтæ дæн. Исты

зоныс, нæ зоныс, пединституты уымæ нæ кастысты. Фæлварæны рæстæг комкоммæ дæ билеты фарстæн дзуапп ратт, æндæр, предмет зоныс, нæ зоныс, уый ничи бæрæг кодта. Æмæ райгуырди ног афоризм – базырджын ныхас: «Цыдæриддæр мæм уыди, уыдон иууылдæр радтон, мæхимæ дзы ницуал ныууагътон». Прозæйы теорийы сусæгдзинæдтæ та нын В. Шкловский рахаста нæ размæ. Зачеты рæстæг ын цыдæртæ радзырдтон, – йæ ныхæстæй йын цы бахъуыды кодтон зæрдаивæй, уыдон. (Пединституты нын фылдæр ахуыргæнджытæ цæттæ текст кастысты, мах сæ фæстæ фыстам, æмæ-иу ын фæлварæнты рæстæг дзырдæй-дзырдмæ рафæзм йæ лекцитæ, уæд-иу арфæйаг фæдæ). О, фæхъуыста мæм Шкловский, стæй мæ бафарста, цы адæмыхаттæй дæ, зæгъгæ, æмæ афтæ бакодта: «Уæдæ ма мын зæгъ: Коцойты Арсен куыд арæзта радзырды сюжет?» Уый фæндиаг дзуапп кæцæй радтаин. Æз идейæтæй дзаг уыдтæн, цитатæтæй. Æмæ йæ æмбæрста, цастæ мæ домæн ис, уый. Абон дæр ма махмæ эпикон жанрты кусджытæй бирæтæ сæ хъус нæ дарынц сæ уацмысы сюжетон нывæзтмæ. Цардæй комкоммæ ист хабæрттæ кæрæдзимæ бафтуантæ кæн, теорийы домæнтæ хынцгæйæ, – бабаст, архайды тæмæн, кæронбæттæн – таурæгъы мадзæлттæй йæм фæкæс æмæ йын йæ бæрцмæ гæсгæ жанр нынныссан кæн сæргонды бынмæ. Хабæрттæ сты арæзтадон æрмæг, æмæ дзы уацмыс саразы æрмæстдæр курдиатæй хайджын дæсны лæг.

Ныр ыл ахъуыды кæнын: авдтаргæнæг рæстæджы бæллæхтæ уыцы фарнхæсджытæ æнæмæнг æмбæрстой. Ноджы уый дæр æмбæрстой, æмæ ИВГЪУЫД, АБОН æмæ СОМ æрдзон фæткмæ гæсгæ кæрæдзийыл баст кæй вæййынц, æмæ уыцы фæтк хæлд куы æрцæуы, уæд стыр бæллæхтæм кæй æртæры, цард кæй ныррауæт вæййы. Æмæ уыцы фæтк хæлд æрцыди, фæлтæрты 'хсæн самадæуыд, сыбыртт дæр кæй сæрты нал хъуыст, ахæм сис.

Институты фыццаг дыууæ курсы нын ахуыры тыххæй афæдз дыууæ хатты нæ стипенди урæдтой. Æмæ-иу мæ 22 сомы ничердæмуал æххæссыдысты. Хъарм хæринаджы хъæстæ æдзух нал кодтон. Смоленскы фæзы-иу метройæ схызтæн сæумæрайсом. Уым 2 булкæйы алхæн, дæ дзыппыты сæ атъысс. Цæугæ-цæуын нывнал дзыпмæ, булкæйæ фескъуын гæбаз æмæ дæ куыд ничи бафиппайа, афтæ йæ дæ дзыхы баппар. Арбаты уынджы-иу, комдзæгтæ гæнгæ, фистæгæй бафардæг

дæн институтмæ. Иуæй, æхца фæстауæрц кодтон, иннæмæй, – рæстæг. Хæдзармæ фыстон: ницы хъуаг дæн – мæ кæстæртæн дæр скъолайы ахуыры тыххæй æхца фидын хъуыди, хæдзар – тыхстытæ, се рагъыл – алы хæстæ...

Нæ институт нын фыццаг категорийы институтты æмвæзмæ систой, зæгъгæ, кæрæдзийæн æппæлыдыстæм. Рацыди цасдæр рæстæг, æмæ студенттæ нырхæндæг, ныхъхъуынтъызæрфыг сты. Рацæй-рабон, æмæ дын куы рабæрæг уаид – ахуыргæнджыты мызд фæфылдæр кодтой, фæлæ стипендитæ, куыд уыдысты, афтæмæй баззадысты. Уый тыххæй æргом сдзурджытæ разынди студенттæй, тæссаг уыди, уавæр змæстмæ куы расайа, уымæй, æмæ æргом ныхасгæнджытæн сæ ныфсхастдæртæй цалдæры институтæй дыууæ азы æмгъуыдмæ ацух кодтой. Ома, искуыты уал ацæрæнт, акусæнт, æмæ, цард хуыздæр куы базоной, уæд дарддæр сæ ахуыр ахæццæ кæндзысты. Партийы рæнхъытæй æппæрст æрцыди фæсарæйнаг литературæйы кафедрæйы уæнг, профессор Металлов.

Переделкинойæ нæ институтмæ ласын байдыдтой автобустæй. Лæвар. Иу сæумæрайсом, автобустæм куыд æнхъæлмæ кастыстæм, афтæ ныл уæларвæй дур æрхауæгау сæмбæлди æбуалгъ хабар: дысон Фадеев йæхи амардта! Не 'мдзæрæнæй Фадеевы дачæмæ кæд уыдаид иу километр. Дзырдтой: дзыппыдаргæ хæцæнгарзæй фехста йæхи. Дзырдтой: фæстаг рæстæг нозтыл фæци æмæ йæ къух йæхимæ systa. Иу фыстæг ныффыста Фысджыты цæдисы номыл, иннæ – А. Сурковы номыл. Фæлæ афтæ хъуыдыгæнæг нæ уыди: кæд, рæстæг кæй аивта, репрессигонд адæмæй ма æгас чи у, уыдон фæстæмæ кæй здæхынц, уыдæттимæ баст у йæ трагеди?! Кæд йæ роман «Черная металлургия»-йы цы проблемæйыл фыста (1952-æм азы йæм Маленков фæсидти, радзырдта йын, æфсæйнагтайынгæнæны æвæджиауы ног мадзал кæй æрхъуыдычындæуыди, уый æмæ йын бафæдзæхста, роман ныффыссын хъæуы, зæгъгæ), уый мæнг кæй рауади, йе 'рхъуыдыгæнæг инженер – цæстфæлдахæг, æмæ, Фадеевы бирæ азты фыдæбон кæй фæмæнг, уыимæ баст у хабар?! И. Эренбург куыд фæзмыдта, афтæмæй Фадеев афтæ загъта: «А дунейыл Сталин æмæ мæ Мадæй фылдæр никæй уарзын. Уæвгæ, уыдонæй тынгдæр тæрсгæ дæр никæмæй кæнын». Æви,

зæххон хуыцауы цæсгомыл сау тæппытæ кæй федта, кæд ын уыимæ бæттын хъæуы йæ трагеди! Фæлæ уæд, Кремлы дуæрттæ гом кæмæн уыдысты, æмæ Фадеевы æмсæр чи уыд, уыдон дæр бирæ цыдæртæ нæма зыдтой. Æцæгдзинад æмбæхст кæм вæййы, уым та алы дам-думтæ арф уидæгтæ ауадзынц.

Мæ фондз азы стырдæр фыдæбон – уацау «Фыдуаг у Æрæф». Рецензент Романенко йын йæ хъæнтæ хурварс æрæвæрдта, æмæ мæхи цæсты дæр нал ахадыдта. Паддзахадон къамисы сæрдар В. Иванов загъта бæрцæй цалдæр хъуыдыйады, ома ацы куыст банымаинаг у. Æппæты стырдæр аргъ мын скодта нæ семинары хицау Валерия Анатольевна Герасимова (уыцы рæстæджы-иу йæ уацау «Байдаровские ворота»-йы кой мыхуыры арæх уыди). Афтæ загъта: «Æз ацы лæппуйыл æуухæндын, цъапкуыст нæ кæндзæни». Уацау мыхуыргонд æрцыд «Мах дуг»-ы. Чиныгмæ бахæссыны аккагыл æй никуы банымадтон.

***

Уыцы уацау мын нæ фæци ныфсы хос. Мæ кармæ гæсгæ – мæ 27-æм аз дæр кæронмæ тындзыдта – кæй ницы сарæзтон, уый мæ ныхыл фыстæй хастон. Мæ дыккаг институт мæ бæрнджын кодта, æмæ хъуамæ исты сæнтыдтаин, ирон чиныгкæсæг кæмæ æрыхъуса, ахæм ныхс загътаин. «Рæстдзинад»-ы редакцийы кусын куы райдыдтон, уæддæр уыцы хъынцъымтæй нæ фервæзтæн. Райстой мæ промышленнон хайадмæ. Мæнæ, ленк кæнын чи нæ зоны, ахæмы гуылфгæнаг арф донмæ куыд баппарай, уыйау æнкъардтон мæхи. Заводы кæддæр экскурсийы рæстæг цы уыдтæн, æндæр ын ницы æмбæрстон, æмæ мæм цы уацхъуыдтæ лæвæрдтой, уыдоны æвзагмæ базилыны ныфс дæр мæм нæ уыд. Уацхъуыд кастæн, кастæн, æмæ дзы дамгъæ дамгъæйыл нал хæцыди, дзырд – дзырдыл. Машинисткæты уатмæ мæ барвыстой мыхуыргонд æрмæг рахæссынмæ. Машинкæтæ нæмыгзгъалæгау къæркъæр кодтой. Сæ иуы раз бадти журналист Хуытъинаты Махарбег. Æнæ къуызгæйæ, уыцы цæттæ хъуыдыйæдтæ дзырдта, машинкæйыл мыхуыргæнæг æй тыххæйты æййæфта. Æз æм хъусыныл фæдæн. Стæй дын куы бафиппаин – йæ къухы иунæг сыф. Стæмхатт æй йæ цæсты зулæй ауыны æмæ дзуры æдæрсгæ, иу хъуыды иннæйы схойы. Цыма диктор у, æмæ цæттæ текст кæсы. Машинисткæйы раз – цалдæр мы-

хуыргонд сыфы. Мæ дисæн кæрон нал уыди, Махарбег-иу цы сыфмæ æркасти, уым – æрмæстдæр цыбыр хъуыдыйæдтæ, нымæцтæ кæрæдзи бынмæ фыст. Æмæ йæ фембæрстон – импровизаци кæны. Ме уæнгтæ æркалдысты. Йæ разы мæхимæ мæлдзыджы йас дæр нал кастæн. «Нæ, æз ам ницы бакæндзынæн», – алыг кодтон цæхгæр. Иу бон ма къуыттыйæ фæбадтæн. Тын нывæндæгау кодтой редакцийы кусджытæ, æмæ сæм хæлæгæй мардтæн, зæгъын, сæ хъуыды куыд æрбæстон вæййы, æрвылбон уыйбæрц «рæгъæд» æрмæг раттын сæ къухы куыд бафты! Редакторæн загътон: тынг фæллад дæн æмæ иу мæй баулæфон. Нæхимæ хæдзары та сын афтæ бамбарын кодтон: сфæлдыстадон институт каст фæдæн æмæ æнæмæнг хъуамæ аивадон уацмыс ныффыссон.

Редакцимæ фæзындтæн афæдзы фæстæ. Мемæ бахастон мæ фыдæбон, мæ ныхас кæмæй райдыдтон, уыцы уацау «Зарæг сабырдзинад уарзы».

Дзырдтой: журналист алы бон дæр хъуамæ секретариатмæ дæтта 200 – 250 рæнхъы. Мæхинымæр загътон: уыйбæрц нæ дæтдзынæн, æмæ мын «ацу» куы зæгъой, уæд ацæудзынæн. Мæ дыккаг катай та, раздзырдтæ фыссын мæ куы бахъæуа, уыимæ баст уыди. Æмæ та загътон: раздзырдтæ мæ куы домой, уæд дæр ацæудзынæн. Цасдæры фæстæ базыдтон: уыцы жанр бирæтæн – сæ уд, сæ дзæцц. Телефоны руаджы факттæ райс, истытæ базон, бæрцæй 4 –5 фарсы афысс, æмæ, мæйы дæргъы цы гонорар хъуамæ бакусай, уымæн йæ цыппæрæм хай – дæ дзыппы. Рæнхъытæ дæр мæ нæ бадомдтой, раздзырдтæ дæр, æмæ æрсабыр дæн.

Фæлæ мын мæнæ – ног фæлварæн. Цырыхаты Михал – культурæйы хайады хицау – мæ разы æрæвæрдта Мамсыраты Дæбейы къухфыст. Чырынтæ тетрады – æнгомрæнхъæй фыст радзырд. Загъта мын, Дæбейы къухфыстытæ кусинаг вæййынц, зæгъгæ. Цы мæ домы, уый бамбæрстон, фæлæ, зæгъын, кæд æндæр исты зæгъинаг уыди. Бакастæн радзырд, æмæ дисæй амардтæн: ау, ацы куыст Дæбейы къухæй рацыди! Хъуыдыйæдтæ «хъуыры фæбадынц», кæм хъуыды – æгæр æууылд, кæм дзырд йæ бынаты нæй, кæм – æрбалвасинаг бынæттæ. Рæнхъæй рæнхъы 'хсæн исты бафыссыны бынат нал уыди тетрады, æмæ йæ машинисткæтæ рамыхуыр кодтой. Æгæр æм куы нæ фæныхилин, зæгъгæ, мæхиуыл хæцыдтæн, фæлæ йæм

редакци кæнынмæ куы бавнæлдтон, уæд мæ айрох ис мæ хъуыды... текст ныхъхъулæттæ. Рамыхуыр та йæ кодтой, бакастæн æй. Секретариатмæ куы бацыди, уæд мæм мæ зæрдæ афтæ сдзырдта, цымæ ма мæ цыдæр бакæнын хъуыди. Фæлæ цы!.. Радзырд джиппы уагъдæй газеты фарсыл куы бакастæн, уæд фембæрстон мæ рæдыд: автормæ раттын хъуыди машинкæйæ мыхуыргонд текст. Мæхи уый бынаты авæрдтон – мæ къухфыст ме 'вастæй уæлæнгай рæстытæ куы бакæниккой, уæддæр мын зын уаид, æмæ хорзау нал фæдæн. Сындзытыл бадæгау фæкодтон кабинеты, телефоны алы зæллангæй дæр-иу мæ уд ауад – ныртæккæ мæ Дæбе бацагурдзæн æмæ мын алывыдтæ фæкалдзæн. Ахæмæй ницы 'рцыди, æмæ мын æнæ дзуаппæй чи баззад, уыцы диссæгтæ иу фылдæр фесты.

Æмбæрстон æй, газеты кæцыдæр номыры фидауц чи хъуамæ суа, ахæм æрмæг куы нæ ныффыссон, уæд мæ редакцийы кусджытæ се 'мсæрыл нæ банымайдзысты, æмæ уæд мæнæн семæ кусгæ нæу. Фæлæ мæ æгады цыд акæнын дæр нæ фæндыд. Колхозтæ аразыны дуджы йæ лæджы кæмæн амардтой (цалдæр хатты йæ йæ кабинетмæ бахстой, фæлæ та-иу аирвæзт, маргæ йæ акодтой Ирыстоны арæны æдде, йæ мард ын голладжы æвæрдæй фаджысты баныгæдтой), æхсæнадон куысты цыренмæ йæхи чи æппæрста, ахæм сылгоймагмæ фæцыдтæн. Иу цау, иу хабар дæр мын нæ радзырдта царды æцæгтæй, – уыдон, дам дæ цæмæн хъæуынц. Газеты раздзырдтæй, æмбырды докладтæй ист цæттæ хъуыдыйæдтæ кæрæдзимæ фефтуантæ кодта. Партийы Цыбыр курсы коллективизацийы дуджы цауты тыххæй цы хъуыдытæ загъд уыди, уыдон мын хи ныхæстæй фæзмыдта. Æндæр хатт чырыстонхъæуккаг зæронд лæджы бирæ фæрафæрс-бафæрс кодтон, зæгъын, мидхæсты заман Дыгуры партизанты къорды уыдтæ, æмæ мын уæды рæстæгæй исты бæлвырддзинæдтæ радзур. Зæгъын, уæлæдарæсæй уæ кæуыл цы уыди, хæргæ цы кодтат, уыдæттæ дæр мæ хъæуынц. Мæнæ цыма Тогойты Данелы фарсмæ уыди æдзухдæр, æмæ йæ оперативон бæлвырддзинæдтæ дзурын бахъуыд, уыйау уæды ставд хабæрттæ нымайынмæ фæци, æмæ ныссуйтæ, Фыдыбæстæйы хæсты цаутимæ йын-иу фемхæццæ сты уæды цаутæ. Зæхмæ æрхизын мын нæ бакуымдта.

Æмæ ма ноджыдæр иу фæлтæрæн скодтон, номыры фидауц

чи хъуамæ фæуа, ахæм æрмæг бацагурыны тыххæй. Мæ хъустыл æрцыди: дæс къласы каст чи фæци, ахæм лæппу ныр цалдæр мæйы хъугдуцæгæй кусы. Æвæджиауы æрмæг дзы кæй разындзæн, уый мын гуырысхойаг нал уыди. Æмæ йæ æвæстиатæй бацагуырдтон. Ирон адæймаджы цæстæй кæсгæйæ, уый сылгоймаджы куыст уыди, у æмæ уыдзæн. Мæ нымадæй дæр, уыцы фæтк фехалын йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæн уыди. Нæлгоймаджы дыгъд æхсыр æнæрхъуыдыйæ чи бахордта, йæ артæнбынтæ чи фæкалдта, æмæ урссаг кæмæн фенад, ахæм сылгоймаджы дæр зыдтон. Цымæ йæм, зæгъын, уыцы фæтк фехалыны ныфс куыд разынди! Фыццаг хатт хъуджы бын куы æрбадт æмæ йæм алырдыгæй сылгоймаг-дуцджытæ куы ныккастысты, уæд цы уавæры уыди! Науæд ма бонрухсæй уынгты, ædæрсгæ къахдзæфтæ кæнгæ, сæхимæ æрбафардæг? Рагацау цин кодтон: уыцы фарстытæн дзуапп куы райсон, уæд мæ очерк фесгуыхдзæн.

Дæс къласы фæстæ куысты фæлтæрддзинад кæмæ уыд, ахæмты уыцы азты райдыдтой институттæм æнæ конкурсæй исын. Рæстæмбис бæрæггæнæнтæ-иу райсæд (æмæ сын ахæм бæрæггæнæнтæ дæр æнæ æвæргæ нæ уыдысты), æндæр-иу институты фæмидæг. Æмæ та дын ацы хъайтар дæр, раст ын æмдзæгъд кæн, ахæм стыр ныхæстæ дзурынмæ куы фæуаид. Ома, парти æмæ советон хицауад фæсивæдмæ сидынц, цæмæй уыдон суой фæллойы фронты хъазуатонтæ... Бауагътон æй дзурын, гæххæтмæ йын фæкалдтон йæ уæлвонг ныхæстæ. Очерк рауади хъуæгтæ. Фæцыдтæн ма йæм ноджыдæр, фæфарстон уый тыххæй фермæйы кусджыты дæр, бампъызтытæ кодтон очерк. Мæ хъайтар куыддæр институтмæ бахаудта, афтæ æндæр куыст бацагуырдта. Чи йæ зыдта, уыдонæй мын иу афтæ: «Гъер бамбæрстай, хъуджы фæдæгыл цæмæн æрхæцыд, уый!»

Институттæм истой, дыууæ азы-иу чи бакуыста, ахæм æнæхин фыдæбонджынты. Институттæм истой, йæ къух уазал доны дæр чи никуы атылдта, фæлæ дыууæ азы бакуыстон, зæгъгæ, ахæм гæххæттытæ-иу чи самал кодта, уыдоны дæр. Хиды тæф чи кодта, уыцы гæххæттытимæ иу тæрхæгыл æвæрдтой æвæлмон гæххæттытæ. Æмæ амарди бæрнон уынаффæйы фарн. Ныййарджыты, фæсивæды æхсæн фыдæхдзинад æнхъызти. Уый тыххæй газеткæсджытæн исты зæгъын хъуыди, фæлæ ноггуырд темæ сси нæфæтчиаг.

Æмбæрстон æй, мæхимæ диссаг цы фæкæса, газеткæсæг дæр ахæм æрмæг бакæсдзæн æхсызгонæй. Йæ цард кæмæн ныссуйтæ, ахæм лæппутæ Ольгинскæйы звено сарæзтой, зæгъгæ, æрыхъуыстам, æмæ сæм Икъоты Юриимæ араст стæм. Нæ сæ бафæндыд немæ ныхас кæнын. Колхозы сæрдар сын сæ раздзæуæджы сыфцæй ласæгау бакодта йæ кабинетмæ æмæ йын карзæй ныффæдзæхста: адонæн цалынмæ уæ хабæрттæ радзурай, уæдмæ дæ нæ ауадздзынæн. Æмæ ныл дуар сæхгæдта. Дзырдта уазал зæрдæйæ, йæ цæстыдзагæй дæр нæм не 'рбакасти.

«Мады зæрдæ нал фехсайы», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ рацыди нæ очерк. Газеткæсджыты æууæндын кодтам, хъæубæсты сабыр цардхалджытæ кæй æрнывыл сты æмæ сæ ныййарджытæ æнæмæтæй кæй бафынæй вæййынц, ууыл. Сæ фæззæджы куыстытæ кæронмæ нæма фесты лæппутæ, афтæ нæм редакцимæ æрбадзырдтой: «Мады зæрдæ та æхсайы!» Базыдтам: лæппутæй иу ахæстонмæ бахауди, звено фехæлди... Уый размæ дæр æмбæрстон: уæлæнгай æвæрд хабæрттæ рауыгътам, очерк ацъапп ластам, æмæ нæ лæппутæ æрбайрох сты. Газеты куыст цæсты нал ахадыдта. Мæ фæндиагæй, алы журналист дæр мæй иу хатт хъуамæ ныффыстаид, авд дуары мидæг æмбæхст сусæгдзинæдтæ æргомгонд кæм цæуынц, ахæм ахсджиаг æрмæг. Нагъ, уæд социалон конфликттæ æмæ уæззау проблемæтæ лыг кæныны рæстæг нæ уыди. Лыстæгдæр нæй, ахæм сасирæй луæрст цыдысты æппæт æрмæджытæ дæр, æмæ дзы зæрдæхсаинагæй рухсмæ ницы ирвæзти. Йæхицæн сæрниз ничиуал кодта, газеты кусæг-иу телефоны руаджы цы æрмæг райста, ууыл «дон» аскъæр, æмæ, уавæр куыд амыдта, уымæ гæсгæ дзы-иу радзырд дæр сарæзта, уац дæр, репортаж дæр, очерк дæр...

Хайады хицау-иу спълан кодтаид партийы обкомы бæрнон кусджытæй искæй уац (газеты идейон уæз ахæм æрмæджытæй аразгæ уыди), йæхæдæг-иу ныффыста уац, цæугæ та-иу бæрнон кусæджы номыл ракодта, æхца дæр уымæн, ноджы – иннæтæй фылдæр.

Поэт Тохты Иван Фысджыты цæдисмæ ссыди хъæуæй æмæ цæхæртæ калдта. Паддзахады æхцатæ чи бахордта, сæ хъæуæй иу ахæм бæрнон кусæджы митæ хурмæ рахаста. Редакцийы кусæг фæцыди, зылынджыны бацагуырдта, йæ хæдзары фæминас кодта, сыздæхти æмæ фельетоны бæсты очерк рауагъта.

Газеткæсджыты нымæц къаддæрæй-къаддæр кодта. Редакци-

ты кусджытæ зылдысты райкомтыл, колхозты правленитыл, алы куыстуæттыл, хъуырыцъар ивазгæйæ, лæгъстæ кодтой: рафыссут газет! Адæмы чи нал хъуыди, уыцы газет лæгдыхæй фыссын кодтой. Адæм кæй нал кастысты, уыцы газеты кусын – бегара фидæгау.

Журналисты куыст нал ахадыдта, æмæ йæм сæ ныфс хæссын байдыдтой, хъуыдыйад рæстмæ саразын чи нæ зыдта, ахæмтæ дæр. Журналисты æвдисæндар-иу кæмæндæрты фæци йæ хæдзары тыхстытæ аразыны фæрæз – кæцæй лæварæмхасæн фыдызгъæл рахæсс, кæцæй цы, кæцæй цы...

* * *

Куыддæр мын фадат фæци, афтæ чиныгуадзæнмæ кусынмæ бацыдтæн. Уыдтæн аивадон литературæйы хайады редактор. Удæгас фыссæджы сфæлдыстадон æрмадзы сусæгтæ раздæр чи базоны, уыдонæй-иу – редактор. Нырма йæ чернилæ дæр кæмæн нæма басур, нырма йæ дзырдтæ тæлфгæ кæмæн кæнынц, уыцы «ноггуырд» уацмыс – дæ бæрны. Æнхъæлмæ йæм кæсынц æууæндаг, цингæнаг мингай чиныгкæсджытæ. Ды «ноггуырдæн» – йæ фæндаграстгæнæг. Сфæлдыстадон æрмадзы тыххæй дын уый размæ фæдзырдтой, ныр дын фæци йæ къæсæрæй бахизыны фадат. Ныр дæхи цæстæй уындзынæ, зæрдæйæ банкъардзынæ, уым цы алæмæттаг змæлд фæцæуы, уый. Иударон чи ссис, уыцы дзырдтæ фестынц хæрдгæ, æмæ сæ сфæлындынц алы нывæфтыдтæ æмæ фидыцджын фæлгонцтæ, æгомыг предметтæ бауддзыд, бацардæгас вæййынц. Чиныгкæсæг кæй дæ, уый дæ айрох, уымæн æмæ балæууыдтæ уæлфæдзæхстон дунейы.

Ахæм цин æвзæрстон, чиныгуадзæны кусын куы байдыдтон, уæд, уартæ 28 азы размæ. Уæд ма æфтиагджын куыстыл цуангæнджытæ афтæ арæх нæ уыдысты, æви сæ æз нæма фиппайдтон. Мæ цин тагъд æрмынæг. Мæ размæ чиныгуадзæны цы фæтк сфидар, уый æххæст кæнын хъуыди мæн дæр, æмæ мæ фыццаг бонæй мæ фæстаг бонмæ (бакуыстон дзы дæс азы) мæ сæр схъил кæнынмæ дæр нал æвдæлд.

Къухфыст мыхуырмæ куыд хъуамæ цæттæгонд цæуа, уый тыххæй паддзахадон уагæвæрды загъд ис: «Чиныгуадзæн æрбахоны, адæмы домæнты аккаг уацмыстæ сфæлдисын йæ бон кæмæн у, ахæм авторты».

Уæвгæ, эстетикон æфсармæй хайджын фыссæг уагæвæрдтæ æмæ инструкцитæм гæсгæ кæд фæкусы? Фæлæ уыцы домæнтæ бирæ автортæ зонгæ дæр нæ кодтой, дзургæ дæр сын сæ ничи кодта. Мæ рæстæджы сæ исты бадомын йæ фæсонæрхæджы дæр никæмæнуал уыди. Фиппаинаг æххæстæй дæр нæма загътай, афтæмæй дæ чи бамбæрстаид, ахæм авторимæ кусгæ дын у, зæгъгæ, уæд-иу уый редакторæн бæрæгбон уыди. Рæдыдтытæй бæз-бæз чи кæны, ахæм ирон къухфыст чиныгуадзæнмæ æрбахæссын бирæтæм худинаг нал касти. Уый редактортæ сæхæдæг дæр ницæмæуал дардтой. Ме 'рбацыдмæ дæр бæрæг уыди, автортæй йæ куыстмæ чи цы цæстæй кæсы, уый. Бæллиццаг автортæ – стæм. Иннæтæ-иу æрбаппæрстой сæ къухфыстытæ, æмæ-иу цалынмæ чиныг джиппыуагъдæй фæзынди, уæдмæ сæ къухтæ уазал доны дæр нал атылдтой. Сæ сæйраг фыдæбон – къухфыст пъланмæ тагъддæр бахауа, хуыздæр гæххæттыл æй ныммыхуыр кæной, хъæздыгдæр аивадон фæлысты рацæуа, фылдæр гонорар ын сæвæрой. Ахæм къухфыстыты-иу хатгай иунæг удæгас хъуыдыйад дæр нал баззад, афтæ «хуымгонд»-иу цыдысты. Текст-иу ритмикон æгъдауæй бынтон æндæрхуызон зæлын байдыдта, æмбис тæнæгдæр-иу фæци. Редактор-иу йæхимæ райста авторы хæстæ, ома уацмысыл-иу бакуыста литературон æгъдауæй. Авторты бартыл дзурæг уагæвæрдты домæнтæм гæсгæ, ахæм куыст бакæнæгæн чиныджы авторы фарсмæ йæ ном фыст æрцæуы, æмæ, цас бафыдæбон кæна, уый бахынцгæйæ йын бахай кæнынц авторы гонорары 40 кæнæ 50 проценты. Фыдæбонджын адæймаг авторимæ æмбар куы нæ свæййы, уæддæр чиныджы титулон сыфыл джиппæйфыстæй фæнысан кæнынц: литературон æгъдауæй йыл бакуыста ахæм æмæ ахæм адæймаг.

Фыссæджы ном хæсса æмæ йæм фыссыны културæ ма уа, æрдзы мидæг уымæн уæвæн нæй. Нæ цæстытыл ма ауайын кæнæм: радакторы зæрдæмæ нæ фæцыдысты Къостайы «Сидзæргæс»-ы ахæм дыууæ рæнхъы: «Афтæмæй сын дуртæ Цуайнаджы фыхта». Уымæн та уæвæн ис. Зæгъæм, Къоста райгуырди мах дуджы, æрбахаста редакцимæ йæ шедевр (æвдисы ивгъуыд царды нывтæ). Редакторы зæрдæмæ нæ фæцыди, йе та, йæ уацмыс фесгуыха, уый йын йæ цæст нæ уарзы, æмæ йын йæ рæнхъытæм фæныхылдтытæ кодта. Кæй зæгъын æй хъæуы, классикон уацмыс амæлдзæн. Кæд искæй бæсты цæрæн ис, уæд искæй

бæсты уацмыстæ фыссæн дæр ис. Адæймаджы хъæдгæмттæм базил, мæрдтæй йæ раздах, уымæн уæвæн ис, фæлæ йæ цармы нæ бабырдзынæ. Лæгъз хъуыдыйæдтæй исты хъуыдытæ æмæ хабæрттæ дзурын аивад нæма у. Аивадон уацмысы æвдыст æрцæуы, зæрдæйы чи ахызти, уыцы рис, уыцы цин...

Литературон æгъдауæй-иу Санаты Уарийы къухфыстытыл кæй бакуыстой, уымæн ма бамбарæн уыди – хъысмæт ын йæ цæстырухс куы айста, сфæлдыстадон куыст кæнын уæд райдыдта. Ахæм æхххуысхъуаг уыди Джиоты Дауыт дæр – машинæйы цæугæйæ фыдбылызы бахауд æмæ къахыл цæуынхъом нал сси. Йæ къухфыстытæ мæм иухатт æрбахаудтой, æмæ сыл зæрдиагæй бакуыстон. 1964 азы 2-æм мартъийы мæм фыста: «Дæ бонтæ хорз, мæ хæлар Грисæ. Райстон дын дæ лæвар (йæ чиныджы экземплярты кой кæны). Уæллæй, ахæм уæхскуæзæй бакуыстай мæ уацауыл, æмæ дзы ахæм никуы федтон. Æгæр æй цæлхъывтай, фæлæ æвзæрæй ницы бакодтай. Цæвиттон, уыцы уацау мургай лæвæрдтон «Фидиуæг»-мæ, æмæ уымæн афтæ рауад. Радзырдтыл дæр бæстон бакуыстай. Иу дзырдæй, стыр бузныг. Дæ хъарутæ, дæ рæстæгæй бирæ бахардз, æмæ мын хатыр фæуæд». Дарддæр фыссы редакторы къуыхцыйы тыххæй – чызджы ном уацауы ивд æрцыд лæппуйы номæй. Йæхи тыххæй та ма зæгъы: «Стыр æнамонд хабар мæм кæсы. Мæйы размæ бандзыг сты мæ галиу къухы уырзтæ, ныр та – мæ рахиз къухы. Æнæуи дæр – æнамонд, ныр бынтон сæфт кæнын. Мæнæ мæ фыстытæй дæр бæрæг у». Ахæм авторæн баххуыс кæнын дæхицæн удыбæстæ скæнæгау у.

1947 азы 27 июлы Цæгат Ирыстоны фысджытæн партийы обкомы агитаци æмæ пропагандæйы хайады цы æмбырд уыди, уым Битеты Стъепан сæрмагондæй йæ хъус æрдардта уацмыстæ литературон æгъдауæй кусыны фарстмæ. Уый дзырдта, зæгъгæ, журнал «Мах дуг»-ы цы æрмæг цæуы, уый дæр æмæ чиныгуадзæны мыхуыргонд уацмыстæ се 'гас дæр вæййынц фæлвых, бындуронæй бакусинаг, уымæ гæсгæ-иу æнæмæнг хъуамæ куыстгонд æрцæуой литературон æгъдауæй. Уæдæй нырмæ 40 азæй фылдæр рацыд, фæлæ ма абон дæр ацы хъуыддаг Ирыстоны хынцинаг у.

Ахæм мæгуыр уавæрмæ цæмæн æрхауди нæ литературæ, абон уымæн йе 'фсæнттæ рухсмæ рахæссын хъæуы. Уыцы уавæр фарнмарæг

рæстæджы азарæй сæвзæрди. Нæ фысджытæй æрмæст 1937 азы амæттаг баисты 24. Уыдоны 'хсæн уыдысты Æрнигон Илас, Барахъты Гино, Беджызаты Чермен, Гатуты Дзахо, Дзесты Куыдзæг, Къосираты Сæрмæт, Къубалты Алыксандр, Хъуылаты Созырыхъо, Малиты Георги, Тыбылты Алыксандр – нæ литературæйы пехуымпартæ. Сæ фылдæры цард аскъуыди ахæстæтты æмæ лагерьты, ирвæзгæ ма дзы чи ракодта, уыдонæн та сæ удтæ нал æрыхъал сты. Уæдæ 37 азы фæстæ дæр курдиатджын, хъуыдыгæнæг ЛÆГТÆ ам æрвыстой уæлæуыл зындон. Æрмæст Нигер цы бавзæрста, уыдæттæ дæр фаг сты уавæр равдисынæн. Ахуыргонд рухстауæг, стыр курдиатæй хайджын поэты æрмадзы артдзæст ныннуд и. Адæмон аргъæутты сюжеттæ ма-иу комкоммæ æмдзæвгæтæй цы раивта, æндæр ын ницыуал бантысти. Йæ амæлæты бонмæ йе 'хсад мидæггаг дзаумæттæ æфснайдтыхтæй йæ фарсмæ фæдардта, зæгъгæ, цалæй фехъуыстон хистæр фæлтæры фысджытæй. Æнафонты-иу дуар чи 'рбахоста, æназымты-иу йæ бинонты къордæй чи атыдта, алы æхсæв дæр, зæгъынц, уыдоны фæзындмæ æнхъæлмæ касти. Ирыстоны фæллойгæнджытæ адæмты фæтæгмæ цы фыстæг ныффыстой, Нигер уый «иттæг арæхстджынæй æмдзæвгæты хуызы рацарæзта». Æмæ йын уый рахуыдтой йæ поэтикон сæйраг сгуыхт, уымæн æмæ дзы æвдыст æрцыди: «Ирыстоны æххæст æмæ ирд образ нæ рагон бонтæй нæ абоны цытджын дуджы онг...» «...Ирыстон æвдыст цæуы йæ рæзты фæндагыл». Ацы скъуыддзæгтæ ист сты, Мамсыраты Д. æмæ Хъаныхъуаты В. иумæ кæй ныффыстой, уыцы уацæй.

*Советон Цæдис – нæ фыдыбæстæ,*
*Советон адæм – уæд не 'фсымæртæ,*
*Сæ цин нæ цин у, сæ хъыг нæ хъыг у.*

Фæтæгмæ æгас нацийы номæй фыстæг арвитыны хъуыды дымысдæртæй кæй сæры сæвзæрд, уый ма рабæрæг уа, уый æнхъæл нал дæн, фæлæ фæсхæст ахæм фыстæджытæ Кремльмæ фæцыдысты алы республикæтæй. Æмæ уæд партийы Цæгат Ирыстоны обкомы дæр райгуырди ахæм фыстæг. Фæлæ зæххон хуымæтæг ныхас куыд хъуамæ ацыдаид Нæртон адæмы байзæддæгты бæстæйæ, æмæ фысджыты

бæрны бакодтой уый æмдзæвгæтæй рацаразыны куыст. Уыцы хуызы йыл бафыдæбон кодтой Нигер æмæ Мамсыраты Дæбе. Хуыздæрыл нымад æрцыди Нигеры фыст.

Хъуыды ма кæнын: фæсхæсты цыбыркъух азты сабиты дæр кодтой быдыры куыстытæм. Иу ахæм бон æз дæр быдыры фæдæн, афтæмæй нæм сихæрттæм æвваххс фæзындысты æнахуыр уазджытæ æмæ нын фехъусын кодтой: «Нæ зæрды уæ ис, Ирыстоны фæллойгæнджытæ цытджын фæтæджы номыл цы фыстæг æрвитынц, уыимæ базонгæ кæнын». Æмæ нын æй бакастысты.

О, æмæ нæ пехуымпарты аивады рухс махмæ нал ракалди, мæрдтæм дæр сыл тугтæ фæмысыдысты, сæ «зондахасты, се сфæлдыстады» сын агурын кодтой реакцион мидис.

1952 азы 31 декабры газет «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд æрцыд, «Наукон конференци ирон литературæйы фарстаты фæдыл», зæгъгæ, ахæм æрмæг. Конференцийы сæйраг докладгæнджытæ уыдысты И. Шаморников, Хæдарцаты Азæ æмæ Гуытъиаты Хъазыбег. «Партион мыхуыр раст критикæ кодта республикæйы иуæй-иу историкты æмæ фысджыты, сæ фыстыты зæронд царды æгъдæуттæ идеализаци кæй кодтой, литературæйы истори æмæ революцийы агъоммæйы фысджыты сфæлдыстад иртасынмæ раст кæй нæ цыдысты, уый тыххæй, – дзырдта Хæдарцаты Азæ. – ...Нæ литературæиртасынады кусджытæ, фысджыты сфæлдыстад ахуыр кæнгæйæ, уыдонæн не сбæрæг кæнынц сæ зондахасты æмæ сфæлдыстады реакциои мидис, сæ хъæндзинæдтæ... Ахæм рæдыдтытæ æруагътой сæ уацты Гæдиаты Цомахъ, Мамсыраты Дæбе, Ардасенты Хадзыбатыр æмæ æндæртæ». Гуытъиаты Хъазыбег дзуры хиуылхæцгæдæрæй: «Мах хъуамæ рох ма кæнæм Хъаныхъуаты Иналы, Брытъиаты Елбыздыхъойы, Гæдиаты Секъайы æмæ æндæрты æппæт сфæлдыстад, фæлæ сын сбæрæг кæнæм, се сфæлдыстады адæмты прогрессивон тырнындзинæдтимæ иумæйагæй цы ис, стæй дзы реакционæй цы ис, уый».

Ирон литературæйы фарстыты фæдыл наукон конференци арæзт кæй æрцыд, уымæн уыди бæлвырд æфсæнттæ. Уыдоны тыххæй дзуры Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы уæды сæрдар Гуытъиаты Хъазыбег: «Цуциты Барис йæ чиныг «Цæгат Ирыстоны АССР-йы экономикон æмæ культурон рæзты очерктæ»-йы ранымадта нæ

литературæйы классикты нæмттæ. Къостайы фæстæ дыккаг бынат саккаг кодта Брытъиаты Елбыздыхъойæн, стыр аргъ ын кæны йе сфæлдыстадæн. Уыцы чиныг джиппæйуагъд куы æрцыди, уымæй бирæ нæ рауад, афтæ журнал «Коммунист»-ы (1953 аз, № 5) мыхуыргонд æрцыди Джыккайты А. уац «Цуциты Барисы чиныджы цы антимарксистон зыгъуыммæдзинæдтæ ис, уыдоны тыххæй». Ирон драматургийы бындурæвæрæджы сфæлдыстадæн уацы автор ахæм аргъ скодта: «Брытъиаты Е. у реакцион-буржуазон драматург, буржуазон национализмы иузæрдион идеолог. Брытъиаты Е. уацмыстæ дзаг сты национализмы маргæй, уырыссаг адæммæ цыдæриддæр уырыссагæй ис, уымæ æнæуынондзинадæй... Уыди, Цæгат Кавказ фæсарæйнаг лæбурджытæн ауæй кæнынып чи архайдта, уыцы хæххон контрреволюцийы рупор» ...Журнал «Коммунист»-ы хъуыдытæ та уыцы рæстæг нымад цыдысты ЦК-йы æнæмæнг æххæстгæнинаг уынаффæйыл. Уац рамыхуыр кодтой республикæйы сæйраг газеттæ, «Рæстдзинад»-ы фæзынди 1953 азы 1 апрелы. Уацыл æрныхас кодтой партийы Цæгат Ирыстоны обкомы пленумы. Уый фæстæ та арæзт æрцыди наукон конференци. Æмæ конференцийы дæр, пленумы уынаффæйы цы хъуыдытæ ныффыстой, уыдон загъд цыдысты. Цæвиттон, уæле дæлæмæ нын разамынд лæвæрдтой. Æмæ дзы дæхи дæр ничердæм фæсайдтаис, цы домдтой, уый ма зæгъай, уымæн дæр уæвæн нæ уыди. Коммæ чи нæ бакастаид, ууыл уынгæджы бон кодта. Æрмæст-иу гæнæн æмæ амалæй ме 'ргом тынгдæр здæхтон фыссæджы сфæлдыстадон къуыхцытыл дзурынмæ...»

Уый уыди æбуалгъ тыхми. ЗНОН, АБОН æмæ СОМ æрдзон фæткмæ гæсгæ кæрæдзиуыл бæттæг фарны тæгтæ тыхыскъуыд æрцыдысты. Нæ литературæйы бындурæвæрджыты æмæ сæ фæдонты бынæттæ сафтид сты, Цард та афтид бынæттæ нæ быхсы, æмæ, нæ классикты бынтæ цы хæзнадоны уыдысты, уыдоны бæсты уым фæзындысты «Слесæр Михалы» æмуæз, æмзæл уацмыстæ. Фыссæджы нал хъуыди культурæйы, интеллекты, профессионалон дæсныйады сæр. Хъуыди фæтæджы лозунгтæй ифтыгъд уацмыстæ фыссын, хъуыди уыцы рæстæг стауæг «ног» литературæ. Уымæн хъуыди йæхи теоретиктæ, критиктæ, пропагандисттæ. Партион кусæг æмæ фыссæг иу цармы хъуамæ бацыдаиккой. Аивад схемæйы фæлгæттæ нæ быхсы, курдиат

гæнæн æмæ амалæй мæнг фæндагæй йæхи хизы, æмæ уæд агитатор, пропагандист, журналист... бацахста фыссæджы бынат. Хъуыдыйад рæстмæ аразын чи нæ зыдта, се 'хсæн-иу суанг ахæмтæ дæр разынди. Æмæ ахæмтæ домдтой: «Чиныгуадзæнты редактортæ ма мызд цæй тыххæй исынц, кусæнт къухфыстытыл». Æмæ-иу редактортæ дæр балæууыдысты сфæлдыстадон кусæджы бынаты. Ахæм къухфыстиу фыццаг фæлæгъзытæ кодтой газетты, журналы кусджытæ, уый фæстæ – чиныгуадзæны редактор, æртыккаг хатт – тæлмацгæнæг. Цымæ цал æмæ цал сты, уыцы хуызы чи сфыссæг ис, уыдон?! Ахæм автортæй цалы схорзæхджын кодтой майдантæ æмæ ордентæй, цалæн дзы саккаг кодтой цытджын премитæ?

Джиппæй фысты цыма «хуыцауы комытæф» бацыд, афтæ йыл-иу куы цин кодтой, уыцы рæстæгæй-иу Дзесты Куыдзæг ахæм хабар æрæмысыд: сæ уæттæй иуы къултыл фæныхæстой чиныджы сыфтæ. Æвæццæгæн, джиппæйфыст гæххæтт стæм æмæ кадджын кæй уыди, уымæ гæсгæ сæм фидыцы хос дæр касти. Куыдзæг йæ сабибонты уыцы джиппæй фыстытæм кæсынил фæцалх ис. Йæ цæстыты раз къулыл – æдзухы гом чиныг. Æмæ раджы базыдта кæсын. Уалынмæ Къостайы æмдзæвгæтæ, æнæ чиныгмæ кæсгæйæ, дзурын дæр райдыдта. Хистæрты раз сæ-иу сæрыстырæй дзырдта. Фæлæ сæм, загъта, уый æппындæр диссаг нæ касти. Къостайы зарджытæ дзурын та чи нæ зыдта уæды заман кæстæрæй, хистæрæй! Фæлæ, зæгъгæ, чиныг дæ къухмæ райстай æмæ сæ уырдыгæй кæсыс, уæд-иу сæ цинæн кæрон нал уыди. Ома, дамгъæтæ афтæ æдæрсгæ кæй цæст ахсы, дзырдты мидæг сæ чи фæдзыгуыртæ кæны, уый æцæг ахуыргонд лæг у!

Гъе, æмæ джиппæйфыст дамгъæйы тавс куы нал уыди, риторикон хъуыдытæй йæ куы ифтыгътой, уæддæр ыл чиныгкæсæг нæма сыстырзæрдæ, нæ йæ уырныдта, джиппæй фыстытæн мæнг уæвæн ис, уый. Афтæмæй та-иу литературон æгъдауæй бирæ къухфыстытыл цас кусын хъуыди, цас!

* * *

Брежневы рæстæг «адæмон знаджы» ном никæуылуал ныхæстой, фæлæ ма ахæстонмæ тардтой сфæлдыстадон кусæджы. Брежнев цæттæйæ æрбаййæфта курдиæттæ цъистгæнæг милуантæй арæзт

бюрократон аппарат, уымæн разамынд дæттын нал хъуыди, йæ кæнонтæ кодта. Фæлæ уый афтæ нымайын нæ хъæуы, æмæ Брежневы рæстæг иппæрдæй аззади – Сталины æмæ Брежневы замантæ иу рæхысы цæгтæ сты. Наукæ, литературæ, аивад, техникæ бынтон заууатмæ æрцыдысты. Узбекистаны мафийы сæр – Ш. Рашидов – стыр æхсæнадон архайæг æмæ стыр фыссæг. Брежнев йæхæдæг – фыссæг, Ленины премийы лауреат, фатертæ æмæ хæрзиуджытæ уарæг. Д. Кунаевы риуыл 3 сызгъæрин стъалыйы сауыгъта, уый йын вагоны дзæгтæй лæвæрттæ кæй ласта, уый тыххæй. СЦКП-йы ЦК-йы Политбюройы раздæры уæнг П. Шелест куыд зæгъы, афтæмæй 1966 азы Брежневыл сæххæст 60 азы, йæ риуæй æрттывта Социалистон Фæллойы Хъайтары стъалы. Политбюройы уæнгтæ бауынаффæ кодтой: раттæм ын дыккаг стъалы дæр. Шелест иумæйаг уынаффæйы бын куыддæр йæ къух æрæвæрдта, афтæ йæм Н. Подгорный æрбадзырдта:

– Петр Ефимы фырт, ды зоныс... Брежнев куры, цæмæй йын раттæм Советон Цæдисы Хъайтары стъалы...

– Ома, куыд куры?! – ныддис кодта уый.

– Афтæ йæ фæнды, æмæ гъер цыфæнды дæр дзур... Цыма йæ айразмæ кæддæр уыцы хæрзиуæгмæ бавдыстой...

– Чи йæ бавдыста, кæд?

– Цæй, ныр мæ цы хурхæй марыс? Мацыуал дзур, бирæты сразы кодта («Строительная газета», 1988 азы 23 июнь).

Брежневы «трилоги» арвмæ систой, æз дзы тынгдæр раппæлон, зæгъгæ, ерысы бацыдысты алы дымысдæртæ. Се 'ппæты дæр амбылдта СЦКП-йы Краснодары крайкомы уæды фыццаг секретарь Медунов – «трилоги» æрæвæрдта «Сагъæс Игоры æфсадыл»-ы фарсмæ.

Мыхуыры æндæр кой нал уыди – критиктæ сын не 'вгъау кодтой эпитетты хуыздæртæ, арæзтой дзы чиныгкæсджыты конференцитæ, тæлмацгондæй сæ джиппы уагътой нæ бæстæйы алы адæмты газеттæ, журналтæ. Уæд æз журнал «Мах дуг»-ы редакторы хæдивæджы хæстæ æххæст кодтон. Обкомæй нæм æрдзырдтой: «Æртæ чиныгæй уал дыууæ ныммыхуыр кæнут». «Рæстдзинад»-æй сæ рамыхуыр кодтам. Типографимæ æрвитыны размæ мæхицæн кæсгæ æрцыдысты. Дзырдæй-дзырдмæ тæлмац цы вæййы, уый. Ранæй-рæтты текстæн бамбарæн дæр нæ уыди. Ехх, ныр сæ,

зæгъын, «Мах дуг»-ы уырыссагау рауадз! Адæргæй ма Хæблиаты Сафармæ фæдзырдтон («Рæстдзинад»-ы тæлмацгæнæгæй куыста), æмæ дзы иуæй-иу «талынг бынæттæ» фæирддæр кодтам. Брежневы хорз чи зыдта, Хрущевы рæстæг дæр æмæ уый рæстæг дæр ахсджиаг документтæ чи арæзта æмæ бæрнон кусджытæн докладтæ чи цæттæ кодта, уыцы консультанттæй иу – Федор Бурлацкий – Брежневы тыххæй зæгъы: «...Уый æппындæр нæ уыди чиныг кæсыны 'рдæм здæхт, уæдæ йын бынтон æнад та фыссын уыди» («ЛГ, 1988 азы 14 сентябрь).

«Уый хорз бамбæрста Сталины формулæ: æппæт дæр аразгæ у кадртæй, – кæсæм Брежневы тыххæй уыцы уацы æндæр бынат. – Цадæггай, æнæ хъæр, æнæ цъистæй, фиппайгæ дæр сæ-иу нæ бакодтой, афтæмæй обкомты секретарьтæн аивта се 'мбисы, министртæн – сæ фылдæры, центрон-наукон куыстуæтты разамонджытæй дæр – бирæты. Ленины æмæ Паддзахадон премитæ дæтгæйæ, фæстаг ныхасы бар хаудта йæхимæ. Æниу Брежневмæ куыстадон фарстытæ лыг кæнынæй хуыздæр касти истытæ уарын æмæ лæвæрттæ кæнын...» «XX съезды архайджыты дæр æмæ ныфсхаст новаторты дæр, 30-æм азты куыд уыд, афтæ топпы дзыхмæ нал æвæрдтой. Æнæ цъистæй сæ-иу аиуварс кодтой, ассыдтой сæ-иу, сæ авналæнтæ сын-иу æрцыбыртæ кодтой. Æппæт рæтты дæр уæлахиз кодтой «рæстæмбис курдиаты хицæуттæ...» Уыдон цадæггай бацахстой партион æмæ паддзахадон аппараты бынæттæ, систы-иу канд хæдзарады нæ, фæлæ наукæ æмæ культурæйы разамонджытæ дæр. Бæстæ сæгъуыз, заууатмæ æрцыди...»

Ныр аренæмæ рахызтысты, фарны хъæстæ кæмæ нал уыд, уыдон. Лæгсафæг вульгарон-социологон критикæйы тырыса хæсджытæн сæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд сæ цъыфкалæн ныууадзын. Нæ лæвæрдтой хъуыды кæныны бар, фыссæгæй домдтой, цæмæй пайда кæна æрмæстдæр рухс ахорæнтæй, кады зарджытæ нывæнда.

Джиоты Хазбимæ гæсгæ, колхозы сæрдар «хъуамæ уа раздзог, æгъдауæвæрæг. Уæдæ ма сæрдар цæмæн у!» Тетцойты Таймураз уыцы домæн йæ зæрдыл нæ дардта æмæ йæ уацау «Зынг зæгъынæй ком нæ судзы»-йы хъайтартæй иу, сæрдар «Хъамболаты æвдисы цæстфæлдахæгæй, æхсæнадон исбон давæгæй... Тетцойы-фырт цы

сæрдары сныв кодта, ахæм хайгай дæр зын æрæмбырдгæнæн у». «Колхозы сæрдар йæхæдæг архайы давджытимæ... Цымæ куыд æгъдауæй бахауд уый сæрдары къæлæтджынмæ?!» «Кæсыс чиныг æмæ дис кæныс: кæд æмæ кæм æрцыдаиккой ахæм цаутæ?» Уыцы зылынгæнæг фарстытæ нæ критик авторы цæстытæм æхсидæвтæ дарæгау ныддары («Рæстдзинад», 1973 азы 21 декабрь).

Джиоты Хазби Тетцойты Таймуразы уацауы алы дзырды аууонмæ дæр йæ рæдыдтытæ агурæн гиперболон аппаратæй лыстæг куы касти, Ирыстоны колхозтæй иуы уæды æцæг уавæр æвдисæг хабæрттæ мын фæдзырдта, зоотехникæй дзы чи куыста, ахæм адæймаг. Йæ маст-иу схæлбурцъытæ кодта. Цыма хæрзæрæджы æрцыдисты хабæрттæ, афтæ бæлвырд сæ дзырдта: «Мæ бæрны уыдысты родтæ, æмæ уыдонмæ зылдтæн. Иуахæмы нæм æхсыры заводæй хъаст æрбацыд, уе 'хсыр хъæстæ у, микробтæ дзы разынд, зæгъгæ. Мæнæн бафæдзæхстой: дуцыны рæстæг æхсырмæ дæ хъус фæдар. Аппаратмæ кæсын (урссаг авг хæтæлыл акæлы), æмæ дын иуахæмы æхсыр тугхъулæттæй куы рацæуид. Цы базонын ма мын æй хъуыд, хъуг – никробактериозæй рынчын. Ахæмтæ дзы разынди 50. Се 'хсыр сын заводмæ нал ауагътон. Ахæм урссаг хъуамæ фермæйы куыстгонд æрцæуа, фыцын æй хъæуы 20 минуты дæргъы. Никробактериозæй рынчын стурты саггæмттæ фехæлынц. Афойнадыл ын хос куынæ кæнай, уæд йæ син нал фæисы. Низ æрхæгмæ бацæуы, никъкъуылых вæййы стур, йæ хæцъæфтæ амæлынц. Сæ родтæ зылынкъæхтæй райгуырынц. Ахæм цыхт бахордтай – ахсæн фехæлдзæн, бактери рæуджытæм бахызт – рак дзы фæзындзæн. Æппын ницы, уæддæр адæймаг фæкъуылых вæййы. Дыккаг бон хабар сæрдармæ бахæццæ, æмæ фермæмæ æрбалæбурдта. Рынчын фос иннæтимæ баиу кæнын кодта. Уæдæ, дам мын мæ пълан цæмæй æххæст кæнын кæныс! Горæтмæ фæдисы фæцыдтæн, министрады балæууыдтæн. Лæг æрæрвыстой. Инфекционист йæхи цæстæй федта алцыдæр. Загъта сын мæн тыххæй: «Цы ис, уый равдыста, цæмæй йæ зылынджын кæнут?» Æз дзырдтон: «Æхсыр фых хъуамæ цæуа». Сæрдар, йæ фарсхæцджытæ мæ кой дæр не суагътой. Знаггадгæнæг мæ рахуыдтой. Хъуыддаг тæрхондонмæ хаудта. 60-æм азты дæр ма закъонæй карз æфхæрд цыди, рынчын стуры рæгъауы чи ны-

ууагътаид, уый. Хъуыддаг хурмæ хаст куы æрцыдаид, уæд колхозы разамонджытæй кæуылдæрты æнæмæнг цæфтæ æруадаид. Цæвиттон, дуцæн аппараттæ, урссаджы мигæнæнтæ хъуамæ æхсад цыдаиккой раздæр сæрмагонд содæйæ, уый фæстæ тæвд донæй. Куыд рабæрæг, афтæмæй аппараттæ æхсадтой раздæр щелокæй, уый фæстæ уазал донæй. Уый сæхæдæг æрхъуыды кодтой, фæрсгæтæ-йеддæ ма чи кодта. Уазал донæй аппараттæ, урсаджы мигæнæнтæ цасфæнды фехс, уæддæр ыл щелочы хъæстæтæ баззайдзысты. Аппараттæ æмæ мигæнæнтæм зилæг мын афтæ: «Æз æй содæ хуыдтон». Дыккаг бон щелочы голджытæ цыдæр æрбаисты. Ноджы ма цы кодтой? Æхсыр хъæстæ куы уа, уæд дын æй нæ айсдзысты, дæ пълан нæ сæххæст кæндзынæ, æмæ уæд – фæдис райкомæй, обкомæй. Маст кæй хъæуы, æмæ æхсырыл уагътой микробты марæг стрептомицин. Ныр ацы хос йæхæдæг марг кæй у, ууыл та æндæр исчи хъуыды кæнæд».

Зоотехничы тохæй ницы рауади, уал кусæджы дарæн нын нал ис, зæгъгæ йын йæ мызд æмбискъаддæр фæкодтой. Æмæ æндæр куыстмæ ацыди. Бæстæ сæфт у, зæгъгæ-иу ныммарой кодта, дзуапп ничи ницæй тыххæй лæвæрдта: ма мæ хъыгдар æмæ дæ ма хъыгдарон. Фосы низтæ-иу куыд бæрæг кодтой! Иу стурæй туг сис, фондз пробиркæйы йæ ныккæн, ома фондз стурæй туг систон. Хъæуы хъомтæй-иу бирæтæ бынтондæр рохуаты баззадысты. Рынчын стуры рæгъауы куы ныуугадзай, уæд хизæнтæм æфты, йæ хæлд саггæмттæй кæрдæгыл цæуы, йæ низ уым зайы. Йæ мизынцъаг, йæ фаджысимæ хъацæнтæ быдыртæм ласт цæуынц, æмæ низ ахæлиу вæййы. Уæдæ давыны алы мадзæлттæй дæр иттæг дæсны пайда кодтой (æмæ кæнынц!) колхозы разамонджытæ. Дзидзайы хæсмæ-иу стур (йæ уæз 300 – 400 килæйы) радтой, æвдисгæ та-иу æй афтæ бакодтой, цыма 2 –3 стуры радтой. Рæгъауы сын уыди уæлдай стуртæ. Бахъуаджы сахат – кусæрттаг.

Зоотехник фæдзырдта, стæй хорзау нал фæци, ныллæгъстæ мын кодта: «Цы дын радзырдтон, уыдонæй фæсномыгæй спайда кæн». Уыцы сæрдары, загъта, уый фæстæ уæлдæр бынатмæ сивтой. Æдас нæу – йæ цот сæ тæккæ цардвæндæгтæ агургæйæ сты æмæ сæ размæ нæ ауадздзысты.

Ævæдза, бирæ азты дæргъы мингай, милуангай адæмты туджы тас хъардта. Амардта сын се 'ууæнк, ис-цæстæй сæ куырм кодта, ис-хъусæй – къуырма. Нырма кæд æрæууæнддзысты! Се 'гас ма дзырдхъом суыдзысты! Ног фæлтæрты хъомыл кæныны фарн æмæ хъарутæ ма сæм разындзæн!

Ныхас цы рæстæгыл рауад, уыцы азты мæ рагон зонгæ Гуытъиаты Аврам Черменыхъæуы рынчындоны сæйраг дохтырæй куыста. Ахæм хабар мын радзырдта: «Районы санэпидстанцæйы кусджытæ мæм æрдзырдтой: уæ хъугдуцджытæй ахæмтæ æмæ ахæмтæ рæухъæнджынтæ сты. Æмæ цалынмæ сæхи фенын кæной, уæдмæ сæ мауал рауадз кусынмæ. Æз колхозы сæрдарæн хабар бамбарын кодтон. Æмæ уый дуцджыты фермæмæ нал ауагъта. Хъомтæ дыгъд не 'рцыдысты. Сæрдар районмæ фæхабар кодта, æмæ бæстæ фæдис сси. Партийы Горæтгæрон райкомы уæды секретарь Катенев æм æрдзырдта, загъд кæны: «Фермæйы куыст цæмæн нықъкъуылымпы кодтай?» Сæрдар ын хабар бамбарын кодта. Уый бардзырд дæттæгау: «Кæд ма дæ кусын фæнды, уæд ацу, сæйраг дохтыры ссар, хъугдуцджыты фермæмæ рæвдздæр баласут, æмæ зоны хæс дæр куыд сæххæст кæнат, афтæ!» Хъуыддæгтæ та сæ фыццаг джиппы абадтысты. Афтæ домдта рæстæг – робот фест. Робот та фæстæмæ нæ дзуры. Ды дæр – робот, дæ уæле, уый дæр – робот».

* * *

Газет «Рæстдзинад»-ы мыхуыргонд æрцыди Цырыхаты Михалы уац «Нæ ныхасы фарн куыд уа». Авторы хъуыдымæ гæсгæ, «абоны цаутæ æмæ ног хъуыддæгтæй хайджын чи у», ахæм уацмыстæ уымæн нæ фыссынц нæ фысджытæ, æмæ «фæндаг ферох кодтой суанг сæ райгуырæн хъæутæм дæр. Сæ цæстытыл уайынц, кæм райгуырдысты, уыцы хæдзæртты кæртытæ. Бæллынц ногдзыд кæрдæг æмæ дидинæджы тæфмæ, сæумæрайсом мæргъты цьыбар-цьыбурмæ байхъусынмæ. Фæлæ дзы абон чи цæры, уыдон цы мигæнæг сты, хорæрзад, фыдызгъæл æмæ хойраджы æндæр продукттæ сбирæ кæныныл цы ног мадзæлттæй архайынц, цæмæ бæллынц æмæ цæмæ тырнынц, уыдæттæ та зонынц æрыхъусæггаг ныхæстæй... Уый мидæг ис, нæ уацмыстæ хъæууон царды æцæгдзинадæй мæгуырау

кæй сты, уый аххос дæр». Ацы хъуыдытæ (ома, фыссæг адæмы æхсæнмæ куы 'фта, командировкæты куы цæуа, уæд ныффысдзæн нывыл уацмыс) кæддæр чидæр йæ доклады загъта, æмæ сæ-иу уый фæстæ бæрнон кусджытæй алчидæр, литературæйыл дзургæйæ, йæхи ныхæстæй афæлхатыдта. Михал сæрдары хæстæ куы æххæст кодта, уыцы азты уыцы домæнтæ æдзухдæр æвæрдта фысджыты раз. Диссаг мæм уый кæсы, æмæ ацы уацы иу сым дæр кæй нæ зæгъы нæ бæстæйы, нæ адæмы царды цы трагикон бæллæхтæ æрцыди, уыдæтты тыххæй. Фæстаг азты æндæр ныхас нæй: курдиатджын, хъуыдыгæнæг адæмы фæтæг æмæ йæ æнæнымæц хъузонтæ мыггагыскъуыд фæкодтой. Канд хуымæтæджы фиппаинаг зæгъæджы нæ сæфтой – йæ сæрæн-иу чи ницы зыдта, ахæм æнахуыргонд рæстзæрдæ фæллойгæнджытæй дæр милуанты басыгъта уыцы рæстæджы азар. Диссаг мæм кæсы, къазармайы уавæрты кæй фæдардтой, уыцы адæм сæ судзгæ фыдтыл куы хъуыды кæнынц, цардивæны зынтæ куы æвзарæм, къуырцдзæвæнæй нæ раирвæзын куы хъæуы, уыцы рæстæджы тыххæй йæ цæсгом куыд хъæцы, сæры магъз кæмæй сдон, уыцы иударон былалгъыл ауыгъд, цурон штамптæй дзурын: «Дымы нæ дарæг зæхх æмæ адæймаджы удыхъæд ивгъуыд рæстæджы рæдыдтытæй æмæ фæлхæрттæй сыгъдæггæнæг дымгæ. Фæтасыд æмæ кæлын райдыдта мидбынаты цоппай кæныны системæ. Рæстдзинад айтыгъта йæ базыртæ æмæ анхъæвзта нæ царды тугдадзинтæм». Сбарæм ма сæ, 18 азы размæ газет «Рæстдзинад»-ы 24 ноябры уац «Поэзи æмæ цард»-ы Михал цы ныхæстæ загъта, уыдонимæ: «Уæдæ уадз æмæ нæ поэзийы дæр ацы фондзазоны (ныхас цæуы 9 фондзазоныл – Б. Г.), стæй уымæй фæстæмæ дæр уа ахæм уæрæх æмæ арф хъуыды. Уадз æмæ денджызау æнхъæвза нæ царды тæккæ ахсджиагдæр къабæзтыл æмæ мин хъæлæсæй зæлланг кæна коммунистон арæзтады фæндагыл». Уæлдæр æрхастон Ф. Бурлацкийы ныхæстæ: «Бæстæ сæгъуыз, раууатмæ æрцыди». Михалы нымадæй, поэзи «мин» хъæлæстæй кæуыл хъуамæ зæлланг кæна», уыцы рæстæджы тыххæй загъд сты ацы ныхæстæ.

Æмæ уæдæ Михалы кæцы «циныл» бауæндыдæуа? Æви, «кæй уæрдоны бадай, уый зарæг кæн» чи загъта, уый хал ахордта! О, уыцы зауаты рæстæг дæр нæм уыди, рауатмæ кæй цыдыстæм, уый чи

уыдта, марой чи кодта, адæмы æгомыг рис йæ рис кæмæн сси, æмæ-иу рæстаг ныхас зæгъыны ныфс æмæ лæгдзинад кæмæ разынд, ахæмтæ. «Рæстæджы егъау проблемæтæй иуварс лидзын, ивгъуыд заманы хицæн фактты æмæ адæймаджы «уæлахиздзинæдтæ» æнæхъуаджы детализаци кæнын – ахæмтæ сты, мæнмæ гæсгæ, Хъодзаты Æхсар æмæ Джыккайты Шамилы сфæлдыстады сæйраг аиппытæ. Хатгай бæрæг нæ вæййы, цавæр эстетикон æмæ политикон хаххыл лæуд сты, уый дæр, æмæ сæ уыцы хъуыддаг æркæны идейон рæдыдтытæм», – фыссы Михал йæ уац «Поэзи æмæ цард»-ы. Акса-ма, Михал уартæ уæд дæр къуыммæ тардта уæды «рæстæджы егъау проблемæтæй иуварс лидзджыты», сæ идейон рæдыдтытæ сын хурмæ хаста, уæды рæстæгимæ æмдзу кодта. Æмæ та мæнæ ныр дæр фæцарæхсти, къуыммæ та тæры фысджыты ныр, рацарæзты рæстæг дæр: «...нæ фысджыты æхсæнадон активондзинад у уæлдæр къæпхæнмæ сисинаг». Уæллæгъи, цы загъдæуа. Нæ зонын! О, уæд, цоппайы рæстæг-иу бæрнон кусæг зондамонæг, уæле дæлæмæ дзурæг сси. Ныр та рæстæг домы: дæхицæй райдай, дæхи зæрдæмæ ныккæс, сбар дæ дæргъ, дæ уæрх, исты равдис. Æцæгтæ дзурæн рæстæг у, талынг къуымтæ срухс кæнын хъæуы.

Театралон дунейы зындгонд у Ленинграды драмон Стыр театры раздæры разамонæг, ССР Цæдисы адæмон артист Георгий Товстоноговы ном. Йæ разы йын æдзухдæр карз домæнтæ æвæрдтой, дæ бынатæй фæхаудзынæ, зæгъгæ-иу æм æртхъирæнтæ кодтой. Уæддæр коммæгæс не сси. Рæстдзинад зæгъын – йæ царды мидис, Æмæ уый афтæ фыста: «Ныртæккæ театр зын уавæры ис. Ралæууыди, æцæг аивадон хынцинæгтæ лыг кæныны рæстæг – хъуамæ басгарæм адæймаджы уды æрфытæ. Афтæ мæм кæсы, æмæ сценæйæ дзурын хъæуы, бирæ азты дæргъы нып пъæззыйау чи бадт, уыцы тасæй адæймаджы психологи куыд ныггæлиртæ, уый тыххæй. Дзурын хъæуы нымудзыны, цъаммардзинады æмæ, намыс кæй скадавар, уыдæтты тыххæй» (Газет «Известия», 1988 азы 15 сентябрь). Зын у хъуыдыгæнæг лæгæн, зын у рæстаг, рисæнкъарæг лæгæн.

«Уацмысæн – бæлвырд хъуыды», зæгъгæ, уыцы уацы («Рæстдзинад», 1974 азы 25 июнь) Тедеты Ефим зæгъы: «Поэт Ходы Камал «хаттæйхатт фæкæлы». Йе 'мдзæвгæ «Поэты хъынцъым»-ы бæрæг дары

цардæй æнæразыдзинад». Дæлдæр хæссы æмдзæвгæйæ скъуыд-дзаг. Поэт хъынцъым кæны, йæ рæстæджы æхсины лæгтæй куыд фервæзæн ис, ууыл, дзуры, цардæй сæхицæн пайдаисджытæ, мæнг кадмæбæлджытæ фыдæлтæй æрцæугæ фарн куыд сафынц, уыдæттыл. Ходы Камал йе 'мдзæвгæйы комкоммæ нæ бацамыдта, разы цæмæй нæ уыди, адæмы уынгæджы равæрмæ цы тардта, æмæ йæ хъынцъымтæн иллюстративон æрмæгау чи басгуыхтаид, ахæм факттæм. Уыдæттæ поэзийæ домæн нæй. Уыцы хуызы прозæйы гæнæнтæ уæрæх сты, фæлæ уæды прозаикты уацмысты дæр царды æцæгдзинад æвдисæг æрмæг не ссардзынæ. Уымæн æмæ уæд æрмæстдæр цыты зарджытæ кæнæн рæстæг уыди.

Иуахæмы мын нæ сæйраг горæты уынгтæй иуы сæрты мæ ныхасæмбал ацамыдта бирæуæладзыгон хæдзармæ æмæ сдзырдта: «Уæртæ уым цы ис, уый зоныс?» Зæгъын, чи нæ йæ зоны – инсти-тут. Загъта: «Æз зонын, йæ къæсæртæй фæлварæн раттыны охыл чи никуы бахызт, афтæмæй ам диплом чи райста, ахæмты». Зæгъын, ныхасы дымæгмæ факттæ куы нæ æрæвæрай, уæд уыдон дам-думтæ сты. Уымæй, дам, раст зæгъыс. Фæстæдæр фембæлдтæн, ме 'фсымæримæ уыцы институт иу аз каст чи фæци, ахæмимæ. Рауади нæм сæ институты кой. Хъуыды, дам ма кæныс, де 'фсымæрæн «2» куы сæвæрдтой, æмæ, ахуыр нæ кæныс, зæгъгæ йæм загъд куы кодтай, уый? Рæстæмбис бæрæггæнæны фаг дзуапп раттын, дам, йæ бон уыди, фæлæ, дам, уыцы ахуыргæнæг, цы зоныс, уымæ нæ, фæлæ дзыпмæ касти. Лаборанткæ, дам-иу, æхца æрæмбырд кодта, ахуыргæнæгæн-иу бам-барын кодта: курс цæттæ у. Æмæ-иу уæд æрбацыд фæлварæн исынмæ Чи ницы лæвæрдта, уыдоны хурхæй мардта. Чи, зæгъын у, куыннæ, зæгъын-иу схъæлæба кодтат? Ахуыр кæнын кæй нæ фæндыд æмæ бæрæггæнæнтæ æхцайæ чи 'лхæдта, уыдонмæ, загъта, уый хорз касти. Уый фæстæ бафтыдтæн мединститутмæ. Мæ зонгæ ахуыргæнæг мын – партийы историйæ лекцитæ касти – йæ хъæстытæ фæкодта. Загъта: «Ахуыр кæнын никæйуал фæнды. «2» сæвæрдтай студентæн, уæд дæм искæцæй бæрнон кусæг æрбадзæнгæрæг кæндзæн, æмæ ма йын йæ «2»-йæ «4» ма сараз, стипенди дæр ма хъуамæ иса. Фæссаууонмæ чи ахуыр кæны, ахæмтæ мын дзырдтой: стæмтæй фæстæмæ алы студент дæр æрмæст «курсон куыстытыл» афæдзмæ схардз кæны 200 –300 сомы».

«Лобко Мария Федоры чызг æмæ Александр Василийы фырты куыд тынг фæндыди, цæмæй сæ фырттæ Минскы召 мединститутмæ бахауой, уый. 1983 азы августы мæй 1000 сомы банымадтой сæ хистæр фырт Андрейы æнувыд аудæджы къухы. Сæ кæстæр фырт Александр институты цæмæй фæмидæг уыдаид, уый тыххæй та ныййарджыты 1986 азы бахъуыди 1200 сомы ауæлдай кæнын... Фиддонты нымæц бынтон фидар нæ уыд. Институты раздæры проректор П. И. Касько гæртæмттæ иста 509 сомы дæр, 4000 сомы дæр (чи цас лæвæрдта, уыйас)... Уæвгæ, æрмæст æрмæджы æхца нæ иста. Хъуыддаджы цыдысты картофы голджытæ дæр æмæ фæткъуыйы асыччытæ дæр, вареннæйы банкæтæ дæр æмæ коньячы æвгтæ дæр, сау еугæф æмæ шведаг шампунь дæр...» («Медицинская газета», 1988 азы 29 июль).

Уæлдæр кæй кой скодтон, уыцы дохтыр Гуытъиаты Аврамы маст-иу мæ разы арæх схæлбурцъ кодта: «Рынчын никæй хъæуы. Санитаркæтæ дохтырæй зындæр ссарæн сты. Сæумæрайсом фæзынынц рынчындонмæ, хæринæгты уæлдæйттæ амбырд кæнынц (адæмæн хæринаг бирæ хæссынц), чи зоны, мæрзгæ дæр нывыл ма ныккæной, æмæ сæ хæдзæрттæм афардæг вæййынц. Рынчынтæ сæхæдæг бафснайынц сæ палатæ. Æмæ санитаркæтæм сдзырд дæр нæй. Сæ мызд чысыл у, æмæ уайтагъд лидзынмæ фæвæййынц... Дохтыр сбæрæг кодта, рынчынæн цавæр уколтæ хъуамæ кæной, цавæр нуазыны хостæ йын дæттой, фæлæ, рацæй-рабон, æмæ уыдонæй рынчындоны ницы разынди. Хостæ уæвгæ сты, фæлæ сæ рæгъмæ нæ уадзынц. Фондз-дæс хатты зынаргъдæрæй сæ уæй кæнынц. Рынчыны тыххæй ничи ницæуыл бацауæрддзæн, уый зонынц æмæ сæ туджы аргъ кæнынц. Хостæ сты сæйраг дохтыры хæдивæджы бæрны, бар сæм дары хистæр медицинон хо дæр. Уыдон æхцассивæн кæнынц.

Иуахæмы æруæззау хæсты 1-аг къорды инвалид (сгарæг ротæйы командир уыди) Федор Власов. Ничи йын уыд æппындæр. Намысы ордентæ æртæ дæр райста. Чермены консервгæнæн заводы куыстон. Сæвæрын æй хъуыди Горæтгæрон районы рынчындоны. Бон сæм-иу æртæ хатты сдзырдтон æмæ та-иу рынчынæн йе сгуыхты нысæнттæ дæр ранымадтон, фæлæ мæм хъусæг нæй. Уæд мын дохтыртæй иу афтæ бацамыдта: йæ хæстон диагноз ма йын скæн. Æз ныффыстон: йæ цæнгтæ æндзыг кæнынц, сисын сæ йæ

бон нæу, йæ галиу роджы æцæгæлон буарыхъæд, ома æфсæйнаджы схъис. Дыууæ къуырийы фæдзурыны фæстæ йын бынат скодтой районы рынчындоны. Æрмæст терапевтон хайады. Сызмæлын йæ бон нæ уыди. 5 боны фæстæ йæ фæстæмæ консервгæнæн заводмæ æрластой. Хабар мыл сæмбæлд æмæ йæ бабæрæг кодтон. Ставд цæссыгтæ ныккалдта. Хъуамæ, дам, мæ къух мæхимæ систаин, фæлæ, дам ма дæумæ æнхъæлмæ кастæн. Уый фæстæ бирæ нал ацард.

Хæсты чи фæци, уыдоны афæдз 4 хатты хъуамæ уыной дохтыртæ. Фæлæ сæ нæ бæрæг кæнынц. Ныр сыл æрзилын хъæуы, зæгъгæ, уæд та сын сæ карточкæтæ рахæссынц æмæ та дзы фæсаууонмæ истытæ ныффыссынц. Карточкæтæ нынннæрсынц. Амæлынц зæрæдтæ, уæддæр ма сын сæ карточкæтæ фæсаууонмæ фыстытæй фæдзаг кæнынц...»

Бирæ азты горæты рынчындоны чи кусы, ахæм æндæр дохтыр мæ фарста мæ фæстиноны рæстæг. Рынчындонæй йын цæмæйдæрты рахъаст кодтон, æмæ афтæ бакодта: «Хуыцау бахизæд адæймаджы уырдæм бахауынæй». Уыцы ныхæстæ мæ зæрдæйы судзгæ нæмыгау ахызтысты, цыма зæхх мæнæ-мæнæ фенкъуысдзæн æмæ дуне ныффалгæрон уыдзæн...

Гъе, уыдæттæ æмæ ма ноджы бирæ æндæр æбуалгъ диссæгтæ уыдысты Камалы хъынцъымы æнæсысгæ суадон. Уæд дæр æй æмбæрстон. Ефим дæр æмбæрста бæстæйы уавæр, фæлæ уый размæ æндæр хæс лæууыди – иуæй, йæхи равдиса нæ цардарæзты сæраппонд иузæрдион тохгæнæгæй, иннæмæй та, 30-æм азты кæрон нæм чи стыхджын, уыцы сафæг критикæйы традицитæ дарддæр хæццæгæнæджы бынаты балæууа... Искæмæйты йæ маст сиса. Æхсæнады цæсты сæ бафтауа. Æмæ Камалы тыххæй карзæй фæрсы: «Кæм цæры, кæй æхсæн, кæцы дуджы автор у? Цы йын фæцагъта йæ базыртæ, цæмæй фæсастис афтæ йæ ныфс? Кæм фæсаджил йæ фæндаг, не 'ппæтæн дæр рагæй, амондмæ æнæгуырысхо чи ссис, уыцы развæндаг цæуылнæуал уыны?» Уацы кæронбæттæн ныхæстæ бакæсгæйæ – «Цæмæн гуырынц нæ литературæйы ахæм æнæидейон, зианхæссæг уацмыстæ? (Цæрукъаты А. æмæ Хъодзаты Æ. æмдзæвгæтæй дæр зæгъы), «Чи сын радта фæндаг мыхуырмæ?» – иунæг хъуыды райгуыры адæймагмæ: уыцы рæстæджытæ та ногæй куы æрыздæхиккой, уый куыд тынг фæнды уацы авторы!

Уæддæр цымæ Тедейы-фырт цы ныфсæй схызти нæ хуыздæр поэтты хъысмæттæн тæрхонхæссæджы бæрнон æмæ бæрзонд бынатмæ, зæгъгæ, куыд хъуыды кодтон, афтæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты Æхсæртæгкаты У. ныхæстæ: «Поэты зæрдæйы сабузта царды цин, адæмæй ракуырдта ныхасы бар æмæ парахат хъæлæсæй ныззарыдис нæ абоны амондджын цардыл. Нæ рухсдæр фидæныл, фарныл, амондыл, фæллойыл, сабырдзинад æмæ хæлардзинадыл, уарзондзинадыл...» Ацы ныхæстæ ист сты Æхсæртæгкаты У. рецензи «Фарн уæм бадзурæд»-æй («Рæстдзинад, 1972 азы 27 декабрь). Рецензийы автор Ефимæн Парнасы бæрзондыл цытджын бынат скодта, зæгъы: «Суанг йе сфæлдыстадон куысты райдианæй фæстæмæ Ефим йæхи бахъахъхъæдта хус поэзийæ... фидарæй æрлæууыдис йæхи ауæдзыл, фæхæст ис йæхи сæрмагонд хъæлæсыл».

Республикæйы Фысджыты цæдисы правлени æмæ газет «Литературная Россия»-йы хъæппæрисæй цы «Ныхас» арæзт æрцыд, уым нæ ныркон литературæйы уавæрæн аргъ кодта сæйраг докладгæнæг, зындгонд критик А. Турков. Тедейы-фырт, æнæидейон æмæ зианхæссæг æмдзæвгæтæ фыссы, зæгъгæ, аххосджын кæй кæны, уыцы поэт – Хъодзаты Æхсары тыххæй – критик зæгъы: «Бафиппайын хъæуы уый, æмæ Æхсары æмдзæвгæты æмбырдгонд «Кремень» уырыссаг æвзагыл кæй фæзынди 1985 азы, бæстæйы царды стыр ивддзинæдтæ цæуын куы байдыдтой, уымæй раздæр, фæлæ йе 'мдзæвгæтæ дзаг сты, бæстæйы цытæ цæуы, уыдоныл судзгæ сагъæстæй». Чысыл дæлдæр кæсæм: «Фæлæ мæнæ рафæлдахæм, 1987 азы октябры мæйы мыхуырмæ æрвыст чи æрцыд, Тедеты Ефимы уыцы чиныг. Автор йæхи хоны «дуджы æууæлтæ агурæг», афтæмæй, нæ царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонæн чиныджы сæ кой дæр нæй. Кæцыфæнды рæстæг дæр чи сбæздзæн, ахæм зæлланггæнаг декларацитæ та дзы æгæр бирæ дæр ма ис».

Абон «зауаты азтæ» кæй хонæм, уыцы рæстæг дæр сфæлдыстадон хъуыды нæ амарди. Бæстæйы къуырцдзæвæнæй ракæныны мадзæлттæ агуырдтой йæ удæйатонагæнджытæ, æлдариуæггæнæг бюрократон разамонджыты сфæлдыст догмæтæй амад фидæрттæ-иу срæмыгътой удвидар фарнтауджытæ.

Тедеты Ефимы уац мыхуыргонд куы 'рцыд, Алагиры районы уыцы аз фæзындысты, абон æгас хъæууон хæдзарады куыст дæр кæмæ гæсгæ арæзт цæуы, хæдзарадон хыгъды нардуатæй кусыны

уыцы мадзæлттæ. Уыцы рæстæг мысы партийы Алагиры райкомы уæды 1-аг секретарь Дудиаты Моисей: «Æз нефты куыстгæнæг уыдтæн, хъæууон хæдзарадæн ницы зыдтон. Æмæ мæ размæ ахæм хæс сæвæрдтон: 2 –3 азмæ хъæууон хæдзарад хъуамæ базонон уæд та дзæбæх бригадиры бæрц. Ног фæлтæрддзинады тыххæй цы литературæ уагътой – æнæ кæсгæ мын дзы ницы ирвæзт. Уæд базыдтон, Стъараполы æмæ Краснодары крайты кæй агурынц хæдзарадон хыгъды нардуатæй кусыны мадзæлттæ. Фæцахуыр сын кодтон сæ фæлтæрддзинад, Цал æмæ сæм цал цыды ныккодтон. Мемæ-иу ахуыдтон районы хъæууон хæдзарады хицау Цогойты Аслæмбеджы, районы сæйраг агроном Хъæрджынты Сергейы. Æмбырдты дзырдтон нæ сыхæгты фæлтæрддзинады тыххæй. Кæд, зæгъын, искæй сцымыдис кæнин, кæд æй исчи йæ зæрдæмæ райсид. Цæвиттон, агуырдтон, фыццаг къахдзæф чи акæна, ахæм хъæппæрисджын адæмы. Фæлæ мæ цыма нæ хъуыстой – ничи баразæнгард. Уæд бацагуырдтон бирæгъзæнггаг механизатор Гæбуты Таймуразы. Сæ хæдзармæ йæм бацыдтæн. Мæ хъуыдытæ йын æууилæгау фæкодтон, æмæ мын афтæ: «Махмæ дæ хуызæн секретарьтæ цал æмæ цал уыди, æмæ нæ се 'гас дæр сайгæ кодтой». Зæгъын, иу сайдæн ма бафæраздзынæ. Дæ хæрæфыртæн æй, зæгъын, ныббардзынæ. Сразы. Бирæгъзæнджы колхозæй рацыди æмæ Алагиры совхоз «Коммунист»-ы кусын райдыдта. Сразы кодтон Айлартаы Алешæйы дæр, уый дæр Бирæгъзæнджы куыста. Семæ бадзырдтæ сарæзтам. Бадзырдмæ гæсгæ, дæ зæххæй цы тыллæг сисай, уымæй дын, цы 'мбæлы, уый бафиддзыстæм. Уымæй уæлæмæ цы хор бафснайай, уымæн йæ растæмбис – дæхи.

Паддзахады уынаффæйы гæххæттытæ куыд амыдтой, уымæ гæсгæ уæлæмхасæн мызд 30 процентæй фылдæр дæттыны бар нæ уыди. Маст мæм дзы чысыл кæй не 'рхаудзæн, ууыл дæр нал ахъуыды кодтон. Уый размæ 15 – 20 азы дæргъы, ацы колхоз æмæ совхозы тыллæг цас истой, уыцы бæрæггæнæнтæ хынцгæйæ, бадзырды хæслæвæрдтæ сфидар кодтам. Чысыл дæр сæ нæ домдтам, æгæр бирæ дæр, архайдтам, цæмæй ног хъуыддагæй разæнгард уой, ууыл. Уæд зæхх хаццоны (аренды) дæттæн нæ уыди. Фыццаг аз Айларты Алешæ уæлæмхасæн мызд райста 200 тоннæйы. Зæгъын, уадз æмæ адæм сæхи цæстæй феной алцыдæр, æмæ йын йæ нартхор машинæты уыцы иу æвгæд скодтам.

Машинæтыл æрсагътам тырысатæ, фæд-фæдыл араст сты. Алагиры кинотеатры раз митинг байгом кодтам, машинæтæ дæр – ам. Адæмы сæ цымыдис уырдæм тардта. Ныхасæй дæр сын æй бамбарын кодтам. Фæлæ, цæстæй цы фенай, уый – æппæты хуыздæр амидингæнæг. Районы разамонджытæ дæр – ам. Араст сты машинæтæ Бирæгъзæнгмæ. Суанг хъæуысæрмæ схæццæ сты, уырдыгæй разылдысты, æмæ – Алешæйы хæдзармæ, ома, хъæубæстæ дæр ын феной йе сгуыхтдзинад. Куывд скодта Айлары-фырт. Уый размæ ахæм тыллæг никуы æрзад уыцы зæххыты (гектарæй систой 50 – 60 центнеры). Æртæ азы дæргъы районы фæзынди 9 механизацигонд къорды. Мæ куыстæй мæ систой, æндæр 80-æм азмæ æгас район дæр ивд æрцыдаид хæдзарадон хыгъдмæ».

Айларты Алешæ æгас нал у, фæлæ уæды хабæрттæ мисхалы онг дæр йæ зæрдыл дары Гæбуты Таймураз, нырма йæ бадзырды гæххæттытæ дæр сæ хæдзары æфснайдæй лæууынц, æрвылбоны, мæйы, афæдзы хыгъдтæ кæдæм хаста, уыцы тетрæдтæ дæр ма æгас сты. Сæ кой кæм ис, районы газетты уыцы номыртæ... Диссаг мæм цы фæкасти – куыстæн механизаторы цæстæй дæр аргъ кодта, экономист дæр уыди, разамонæг дæр, хъомыладон куыстгæнæг дæр. Йæ алы ныхас дæр армы æвæрдау – æргом. Уæды хабæрттæ мысыди Таймураз: «Совхозы директор Хъайтыхъты Амырхан ацы хъуыддæгтыл тынг цин кодта. Мехкъорд куы сарæзтам, уыцы бон нын радтой, техникæйæ нæ цыдæриддæр хъуыди, уыдон. Æввахс ауæдзтæ фæлдахæг трактор ма нæ хъуыди, æмæ нын уый дæр Краснодарæй сластой. Дыккаг бон технологон картæтæ скодтам. 153 гектары нын зæхх радих кодтой, 100 – нартхорæн, 50 – силосæн. Амырхан мын афтæ: «Махонтæ дæ куы нæ бамбарой, – нæ бакусдзысты, æмæ замманай хъуыддаг фæмæнг уыдзæн». Куыд цин кодта ног мадзалыл, фæлæ мæйы фæстæ фæзиан. Йæ бæсты æрбарвыстой Габолаты Аслæмбеджы. Уый нæ нæ бамбæрста. Цæлхдурæвæрæн кодта. Ноджы йæ зæронд кусджытæ дæр ардыдтой. Уæд æм Моисей йæхимæ фæдзырдта, æмæ йын карзæй ныффæдзæхста: технологон картæйы цыдæриддæр фыст æрцыди – сæххæст сæ кæнут. Ма сæм цæут, уынаффæ сын ма кæнут. Совхозы кусджытæй иунæг райстон, иннæтæ – бирæгъзæнггæгтæ.

Уыцы аз совхозы кусджытæ пъланмæ гæсгæ хъуамæ гектарæй нартхор æрзайын кодтаиккой 28 центнеры. Уæд мах байтыдтам, æрæгмæ чи цæттæ кæны, ахæм мыггаг, æмæ нæ нартхорæй бирæ фесæфт, уæддæр гектарæй систам 39,4 центнеры. Совхоз та – 14 центнеры. Мах нартхоры центнеры хиаргъ сыстади 3 сомы æмæ 12 капеччы, совхозы та – иуæндæс сомы. Совхозы уыди дыууæ хайады, дыууæйы дæр – сæйраг специалисттæ. Хайады – бригадтæ, уым дæр та – уыцы специалисттæ. Бригадты – звенотæ. Алы звеномæ дæр – 100 гектары. Цæвиттон, лæгмæ хауд 1 гектар. Мах фыццаг аз уыдыстæм 8 лæджы, æмæ нæм уыди 150 гектары. Дыккаг аз ма нæ къорды баззад 5 лæджы, зæхх та нæм уыди 420 гектары. Совхозы бригадты трактористтæн алы бон дæр æхгæдтой нарядтæ. Сæ быдыртæ рувынæн ницы фæрæзтой æмæ сæм-иу æрбаластой Зджыды шахтерты, Алагиры заводы, рынчындоны кусджыты. Ам цъыкк-уым цъыкк куыстытæ-иу акодтой. Махæн нæ сæйрагдæр къуылымпыгæнджытæ, не знæгтæ уыдысты нæ хицауад. Фæллойадон æгъдау чи фехала, уымæн къорды бынат нал ис. Ома, æмбæлтты æвастæй нæ уыди техникæйæ пайда кæнæн, кусын хъуыди хæдзардзинæй. Иу чыргъæды дзаг нартхор чи адава, уый йæ уæлæмхасæн мыздæй иу æфсир дæр нал райста. Хъайтыхъты Бутусыл-иу æнæ бануазгæ иу бон дæр никуы ацыд. Сабырæй йын фæныхæстæ кодтон, æмæ мæм байхъуыста. Бригады кусгæйæ, кæмæ смæсты, уый дæгъæлтæ-иу адавта, ома, æгуыст фæуа. Ныр та-иу æххуыс кæнынмæ фæци. Ахæм фæтк нæм сфидар: цауддæр кусæджы трактор асаст, уæд-иу æй рæвдз тракторыл сбадын кодтой. Дæсны кусæг та-иу хæлд трактормæ базылди, ома рæстæг минутгай нымад цыди. Заводы конд тауæнтæ рацарæзтам, ныр-иу уæрæхдæр хæс ахастой. Æмæ тракторты хъуыди 2 хатты къаддæр тæрын. Нæ хуымты дур уыгътам хуым кæнгæйæ, таугæйæ æмæ культиваци кæнгæйæ. Бирæ гектартæ бакусынмæ нæ тырныдтам – зæххытæ бæстон куыстгонд цæмæй цыдаиккой, ууыл тох кодтам. Техникæ хъахъхъæнын байдыдтам. Цалцæгæн цы æхца уагътой, уый куы сфæстауæрц кæнай, уæд дæхимæ цæуы. 1974 азы совхозы директор Габолаты Аслæмбег ахæм хъуыдымæ æрцыд: гектар нæм нартхор 15 центнеры йеддæмæ нæ дæтты, æмæ нæ уый тыххæй бригадтæ цæмæн хъæуынц? Хайадтæ æмæ бригадтæ сæфт æрцыдысты. Сарæзтой 5 мехкъорды, уыдон куыстой 3200 гектары зæхх. Уыцы аз кусджытæ 13-æм мызд дæр рай-

стой. Хыгъд нæм фидар æвæрд уыди. Алкæй акомкоммæ дæр фыст цыди, цал сахаты бакуыста, уый. Мæйы кæрон-иу 3 гæххæтты гæбазы радтон къантормæ. Фыццаджы фыстон, куыстыл цы рæстæг хардзгонд цыди, уый. Дыккаджы – цы бахордтам, уый, æмæ æртыккаджы – мæйы дæргъы трактортæй цы бакуыстам, уыцы бæрæггæнæнтæ. Æнæуи бригады та хицæнæй хыгътой, мæйы дæргъы-иу цы бахуым кодтой, уый, культивацийæн – гæххæтт, тауыны куыстытæн – гæххæтт. Алы лæджы куыст дæр цыди хицæнæй хыгъд. Артаг æмæ сæрдæн æрмæджы хæрдзтæ нымадтой хицæнæй. Алы тракторы ивæн хæйттæн дæр – гæххæтт. Хыгъдхæссæг æхгæдта нарядтæ. Дыккагмæ уыдысты артаг æмæ сæрдæн æрмæг. Ивæн хæйттæ – скълады хицаумæ. Уыдонæй алчидæр цас рæстæг сæфта утæппæт документаци рафысс-бафысс кæнгæйæ!

Махмæ ахæм фæтк сфидар: зноны куысты бæрæггæнæнтæ абон сæумæрайсом фæйнæгыл ныффысс. Къæвда бон кодтам цалцæг кæныны куыст. Мах хорæй иу æфсир дæр нæ фесæфт. Æхсæв дæр æй хъахъхъæнгæ кодтам. Бригадтæ-иу сæ хор совхозы хордонмæ баластой. Йæ цыппæрæм хайы бæрц ын-иу быдырæй адавтой, цасдæр та дзы скъладæй сæфт, æмбигæ дæр дзы-иу бакодта. Паддзахадмæ-иу цауд хор кæй радтой, уый тыххæй сын-иу æй къаддæрмæ банымадтой. Мах нæ нартхор быдырæй комкоммæ ластам хорцæттæгæнæн пунктмæ. Сыгъдæг дæр æй кодтам нæхæдæг. Сылгоймæгты-иу бахуырстам, нæ уæлæмхасæн нартхорæй сын фыстам мызд. Совхозы кусæг трактористæн-иу мæймæ йæ мызд рауад 90 – 120 сомы, мах мызд та – 700 – 800 сомы. 1978 азы артаг сфæстауæрц кодтам 60 тоннæйы, 30 проценты райстам æфтиаг фæстауæрцы тыххæй. Мах кæй куыстам, уыцы хуымты рувæнæй иу хал дæр ничи ракъуырдта. Уалдзæджы ныл адæм былысчъилтæ кодтой. Къæпи кæм нæ расæрфай, уым, дам, чи кæд æрзайын кодта хор. Таймуразы, дам, ахсгæ кæндзысты. Уыцы рæстæг-иу рувынмæ кæцæй нæ ластой адæмы. Нæ мызд районы хицæуттæй кæйдæрты цæстытæ къахта. Фæстæмæ, дам, капитализммæ фæтулæм. Æрæхгæдтой нын нæ мехкъордтæ 1978 азы, фæстæмæ сног кодтой бригадтæ, звенотæ, штаттæ та ногæй ныннæрстысты. Адæм Хæтæджы-фыртмæ сæ хъаст хастой. Æмæ совхозы директор Габолаты Аслæмбеджы йæ куыстæй фæтардтой. 1965 азы

Бирæгъзæнджы колхозы уыди 2 бухгалтеры æмæ 1 кассир, ныр нымайджытæ баисты 10. Æмæ ма уæд Уынал æмæ Мызур дæр мах совхозмæ хаудысты».

Алагиры районы хъæууонхæдзарадон управленийы уæды хицау Цогойты Аслæмбег дæр æхсызгонæй мысы мехкъордты куыст, загъта: «Уыдоны тыххæй дын Гæбуты Таймуразæй бæлвырддæр ничи радзурдзæн». Мысыди, ног хъуыдыйæн цы цæлхдурæвæрæнтæ кодтой, уый. Дудиаты Моисей йæ арвыста Казахстанмæ. Уымы совхозтæй иуы директорæй куыста Социалистон Фæллойы Хъайтар, не 'мзæххон Беккуызарты Руслан. Уымæй балхæдта таугæ кæрдæджытæ сульфия æмæ сидайы мыггаг. Байтыдтой сæ «Ленинец» æмæ Цæлыччы номыл колхозты æмæ совхоз «Коммунист»-ы. Клевер-иу гектарæй дыууæ карстæн систой 600 центнеры. Сульфия æмæ сидайы зæххы гектарæй та-иу иу карстæн систой иу мин центнеры бæрц. Украинæйæ та турнепсы мыггаг сласта – холладжы цæхæрайау кæны бын, цæхæрайау дзы фос се 'фсис нæ зонынц. Фæлæ цæхæрайæ дзæвгар фылдæр пайда хаста хæдзарæдтæн. Зæгъæм, мæнæу æркарстой, уæд дзы турнепс байтау æмæ-иу хъæрмыл сцæттæ ис. Йæ вегетативон рæстæг фылдæр-фылдæр ахæссы дыууæ мæйы æмæ æрдæг. Гектарæй-иу турнепс систой 600 –700 центнеры. Цæвиттон, иу зæххы хай лæвæрдта дыууæ тыллæджы. Цæхæра кæм байтауай, уыцы зæххытæй та сисæн ис иу тыллæг. Аслæмбег куы æруатон ис, уый фæстæ ног кæрдæджы мыггæгтæ дæр нал байтыдтой, турнепс дæр ферох, афтæмæй, зæгъы, сызгъæрин æхцатæй æлхæд æрцыдысты.

* * *

Райдианы загътон: саби йæ царды фыццаг фондз азы дæргъы æхсæнадæй цы райсы, уый бындурыл арæзт фæцæуы йæ дарддæры цард кæрæй-кæронмæ.

Сыктывкараг скъола-интернаты директор, ССР Цæдисы адæмон ахуыргæнæг А. А. Котоликов зæгъы: «Сывæллæттæ сты, æхсæнады цытæ цæуы, уый æвдисæг барометр... Социалон бæллæхтæ комкоммæ баст сты сабиты хъысмæттимæ» (Газет «Социалистическая индустрия», 1988 аз, 18 декабрь). Газеты уыцы æрмæджы загъд ис: «Фарон бæстæйы сывæллæтты хæдзæрттæ æмæ интернаттæй алыгъди 17 мин сабийы. Уыдон, стæмтæй фæстæмæ, сты, ис мад æмæ

фыдæй сидзæры ном кæуыл сбадти, ахæмтæ. Ахæм интернаттæ ис нæ республикæйы дæр. Къорд хатты сæ бабæрæг кодтон. Йæ сабиты чи ныууадзы, æрдзы ахæмтæ цæмæн рантысынц? Цы 'рцыди? Кæм агургæ сты уыцы бæллæхты æфсæнттæ?» Уыцы фарстытæн дзуапп раттынил фæлтæрæнтæ скодтон мæ очерк «Курдиат»-ы. Очерк, уæды барæнтæй баргæйæ, хорзыл нымад æрцыди æмæ мыхуыры фæзынд («Мах дуг», № 3, 1980 аз). Фæлæ абоны цæстæй кæсгæйæ, зæгъæн ис: уæды бирæ дзæгъæл гæрæхтау нæ фæрæстмæ. Уымæн æмæ, цы фарстытæ сæвæрдтон, уыдонæн дзуапп лæвæрд не 'рцыди. Проблемæйы социалон уидæгтæ æмбæхстæй баззадысты. Аххосджыны бынаты æвæрд цыдысты æрмæст ныййарджытæ. Æхсæнады дзуапп дæттын нæ фæндыд, Æмбæхст цыди æцæг уавæр. Мæ очеркы цы чысыл фиппаинæгтæ уыди интернаты тыхст уавæры тыххæй, уыцы бынæттæ редакци аппæрстой. Фыссæгæй домдтой, «сабиты йæ фæдыл чи хона», ахæм уацмыстæ. Уыцы уавæрты рухсмæ фæцыдысты æмæ ма ныр дæр цæуынц сæдæгай мæнг чингуытæ. Æвзонг ирон чиныгкæсджытæн сæ эстетикон æмбудæнтæ хуыдуг кодтой. Зæрдæцъæхы хос сын фæци ирон дзырд. Уымæн нæм нал ис хъуыдыгæнæг, аивадæн аргъ кæныны миниуджытæй хайджын чиныгкæсæг.

Сывæллæттæн чи фыста, уыцы фысджыты раз заууаты рæстæг цы домæнтæ æвæрдта, уыдоны тыххæй дзуры Цæгæраты Гиго: «Кæй зæгъын æй хъæуы, хистæрты, ныййарджыты æхсæн ис расыггæнджытæ, чъындытæ, йæ усы чи нæмы, ахæмтæ. Фæлæ уыдоны тыххæй сабитæн дзурын раст нæу. Саби хъуамæ хистæрмæ, ныййарæгмæ хорз цæстæй кæса... Нæ фыдæлтæ карз хæстыты байстой сæрибар, æмæ сæ кæстæрты цæсты нæ хъæуы æфтауын. Кæд исты хъуагдзинадыл фыссæм, уæд сæ агурæм сывæллæттæн сæхи 'хсæн» («Рæстдзинад», 1970 азы 23 январь).

Ныр рабæрæг сты уыцы рæстæджы зæрдæхалæн бæллæхтæ. Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй бæмбæг тыд кæм цæуы, Ашхабады зонæйы уыцы районты бæмбæг æфснайыны куыстыты чи архайдта, уыцы сывæллæттæй бирæтæ сты тугхъуаг, иннæ сабитæй вæййынц æдзæллагдæр. Фæсæйынц рахит, дистрофи æмæ æндæр низтæй. Фылдæрхатт сабитæ фæкусынц сæумæйæ изæрдалынгтæм, иу бон дæр нæ баулæфынц, нæ сын ласынц нуазыны дон æмæ хъарм хæринаг. Хæдзарадон разамонджытæ, ас адæм куыстмæ цæмæй хоной,

æмæ техникæйæ эффективон æгъдауæй пайдагонд цæмæй цæуа, ууыл бацархайыны бæсты куыст бакодтой скъоладзауты æвджид. Йæ тыхы чи ис, уыцы закъонты мурмæ дæр нæ дарынц. Уый тыххæй бæлвырддæр бакæсæн ис газет «Правда»-йы (1988 азы 24 ноябрь).

Заууаты азты цы бæллæхтæ цыди, уыдоны уидæгтæ раздæры азты мæры агургæ сты.

Хъайтыхъты Геор 1947 азы дзырдта: культурæйыл Нартыл ахуыр кæнут, зæгъгæ, чиныгкæсджыты ахæм зондыл чи ардауы, уыдон идеализаци кæнынц ивгъуыд рæстæг æмæ уымæй хæссынц зиан. Абарæм ма уыцы хъуыдытæ, Цæгæраты Гиго аргъæутты тыххæй цы зæгъы, уыимæ: «Сывæллоны зондахаст хъомыл кæнынæн стыр ахъаз сты аргъæуттæ. Фæлæ уыцы хъуыддагмæ дæр æркæсын хъæуы. Рæстæг ивы, цард стыр санчъехтæй цæуы размæ. Кæд æмæ фыццаг аргъæутты фылдæр æвдыст цыдысты дæлимонтæ, усбирæгътæ æмæ æндæртæ, уæд ныр хъуамæ бынтон æндæр хуызы ивд æрцæуа аргъауы конд». Цавæр хъуамæ уа, «ног аргъауы конд», уый тыххæй уацы бæлвырдæй ницы загъд æрцыд. Уæвгæ, сæ рæстæджы хистæр фысджытæй чидæртæ афтæ дæр загътой, аргъау нал хъæуы, зæгъгæ. Уыцы зондыл хæст уыди Боциты Барон дæр. Уый уырныдта: аргъæутты цы сгуыхтдзинæдтæ æвдыст цыди, уыдон ницыуал ахадынц, уымæн æмæ зæххыл рантысти, æмбал кæмæн нæй, ахæм ЛÆГ. Уый сгуыхтдзинæдтæ нымайы: «Ды разылдтай зæхх, хур æмæ дон».

*Уыдзæн ма*

# БАСИТЫ МЫСОСТ: 110 АЗЫ



(1911 – 2001)

# БАКÆСÆМ НÆ ХУРТÆН

## МÆ МАДÆН

Мæ мадæн
Лæварæн
Мæ уд дæр дæттын...
Мæ мад у
Æппæтæй
Зæрин хуры тын!
Мæ мадæн
Лæварæн
Æз ноджы дæттын
Фыр буцæй
Æууылдæй
Мыдимæ кæрдзын!
Кæннæуæд
Йæ дæндаг
Фæриссы æдзух...
Мæ мадæн
Бæмбæгæй
Фæлмæндæр – йæ къух!

## ЗИВÆГГÆНАГ

Зивæггæнаг нын у
Чысыл Салам,
Æмæ йæм уый тыххæй
Дæн æз хæрам!
Цæсгом нæ ныхсдзæни, –
Хъаздзæн фæлтау!
Къæхтæн сæ зæвæттæ
Чъизийæ – сау!
Дзабыртæ уæлфæдтæм
Алыбон – цъыф.
Бон уый нæ бакæсы
Чиныгæй сыф!

Кæнæ йæ бадомай
Цу-ма, зæгъгæ,
Дзургæ дæр не скæны
Никуы рæстмæ.
Абабау, ма феста
Раджы лæгау...
Хъарм фæлмæн хуыссæны
Баддзæн фæлтау!

## ГАГИ ÆМÆ ЗÆРВАТЫКК

– Дзибæ, дзибæ, зæрватыкк,
Мæхи дзибæ, зæрватыкк,
Рауай махмæ дæ гаккæй,
Бафсадæм дæ гагатæй.
Дзибæ, дзибæ, мæ лымæн,
Цæмæй тæрсыс дæхицæн?
Дурæхсæн æз нæ дарын,
Уымæй цъиуты нæ марын!..
– Уæ, мæ хæлар, мæ уарзон,
Царды хос дын æрбауон.
Бузныг, бузныг – æз дæуæй,
Цæр бабаимæ фæрнæй!
Ис нын диссаджы бæстæ:
Ам зæрин хуры тынтæ
Цинтæ сабитыл кæнынц,
Рухс нæ дзыллæтæн хæссынц!..
Райсом хъарм бæстæм тæхын.
Хъус, æргомæй дын зæгъын:
Уым-иу мысдзынæн æз дæу,
Сабиты, уæ кæрт, уæ хъæу!
Ам æдзух уынын æз цин.
Ам фæллойыл у нæ цин.
Ам нæ фидæн у нæ кад,
Ам сæрибар у нæ цард!
Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ хур!
Айрæз, ног царды бындур!
Уалдзæг ралæудзæн, æмæ
Æз æртæхдзынæн дæумæ!

## ГÆЛÆБУ

Нæ буц хъулон гæлæбу,
Дæ рацахсын цæй зын у!
Æртæхыс нæм æрвылбон.
Дæ базыртæ – сырххъулон.
Æрмæст-иу ды мæ сæрты
Куы нæ тæхис бæрзæндты,
Уæд-иу дæ æз æрцахсин,
Нæхимæ дæ æрдавин.
Уым дæм бирæ фæкæсин,
Дæ ныв дын-иу ыскæнин.

## ИЛАСЫ БÆЛАС

Уæд иубон кæцæйдæр æрхаста Илас
Йæ къухы хæзнайау чысыл бал бæлас.
Ныссагъта йæ кæрты нæ саби дзæбæх,
Ысфæлмæн ын кодта йæ алыварс зæхх.
Уынынмæ йæм уади æртæ хатты бон.
Фыр буцæй йæм хаста сæ къанауæй дон.
«Цæй, айрæз нын, айрæз, – дзырдта-иу Илас, –
Рæхджы бон куыд ауай нæ тутайы йас».
Цыд рæстæг... Рæсугъдæй нæ уалдзæг æрцыд,
Илас дæр æрвылбон йæ бæласмæ зылд.
Цыд рæстæг... Хур касти. Нæ бæлас фæцъæх,
Йæ къабæзтæ уадзы фæйнæрдæм уæрæх.
Йæ сыфтæр – æлæмау, йæ дидинæг – зад,
Йæ бакастмæ зæрдæ кæм лæууы æнцад.
Илас æм фæсахуыр æрцæуы æдзух
Æмæ йыл, рæвдаугæ, æрхæссы йæ къух.

## ЧЫСЫЛ ГАБО

Габо ма чысыл у, саби,
Бирæ хъару йæм нæма и,
Фæлæ у уæддæр сæрæн, –
Уый ысбæздзæни лæгæн.
Алкæм дæр цæрдæг у артау,
Бон-изæрмæ зилы уадау:
Куы суг мидæмæ хæссы,
Куы кæрт уисойæ мæрзы.
Бинонтæн Габо – сæ уарзон.
Уæд цæмæн? Уæдæ-ма базон!
Уайы скъоламæ æдзух,
Иу бон дæр нæ кæны цух;
Уый фыдуаг митæ нæ кæны.
– Исты бамбарон, – фæзæгъы.
Уарзы чиныджы кæсын,
Уарзы абетæ фыссын.
Габо – коммæгæс, фæзминаг,
Алцæмæй – æххæст, ысуинаг.
Ис йæ фезмæлды æгъдау,
Дзырд æххæст кæны лæгау.

## ХЫЛГÆНАГ ДЗЕГÆ

Дзегæ хыл кæнынмæ зивæг нæ кодта,
Уый тыххæй сæрвæтмæ арæх ызгъордта,
Хорз-иу æм касти сыкъахæст.
Иубон дын иу хылы Дзегæ фæсикъо,
Чиугæ æрбалæууыд хъæуы фæссихор...
Хорз æм ныр нал каст сыкъахæст.

## СУДЗИН

Нанайы къухы
Фæллад нæ зоны,
Сынчытæгæнгæ,
Фæцæйызгъоры.
Хъуымац хуыйгæйæ,
Телау нæ тасы,
Æндах йæ фæстæ
Цæрдæг фæласы.
Нанайы судзин
Куысты нæ сайы.
Мæнæн та уайтагъд
Мæ къухы суайы!..

## НОГ ЧИНЫГ

Чиныг мын
Балæвар кодта Баба.
Гом дæр нæма уыди –
Ног у нырма.
Маст мын дзы ракодта
Иу дзырд æрмæст...
Судзæгау акодта
Уымæй мæ цæст!..
Байхъуысут, цавæр уыд,
Уый уын зæгъон:
«Хæст», зæгъгæ,
Фыст уыди сыфы кæрон.
Иухатт куыд басыгътой
Знæгтæ нæ хъæу...
Уæвгæ... йæ дзурын дæр
Афтæ 'нцон нæу!
Зæрдыл æрбалæууыд
Уайтагъд мæ мад...
Донау мæ цæстысыг
Рустыл æруад...

Чи та цæттæ кæны
Хæстмæ, цæмæн?!
Абон æз уый тыххæй
Сидзæр куы дæн!

## КЪОГЪО КУЫДТА

*(Æмбисонд)*

Æрбамæсты къогъо,
Фыдуаг, дам, у byндз.
– Ныццавта мын абон,
Йæ фатæй мæ фындз!
Цæмæн мæм у афтæ
Ызнагау хæрам?!
Зæгъæд-ма мын исчи,
Кæй хъыгдарын ам?!
Мæ бадæн у сæрвæт.
Мæ зарæг – мæ кой...
Æдзухæй фæкæнын
Мæлдзыгау фæллой.
Гъеныр мæм æркæсут,
Цы бакодта byндз –
Йæ цæфæй æнгуырау
Ныззылын мæ фындз…
Куыд ма цæрон дарддæр?!
Куы сæфын бынтон.
Æгадæй ма комы
Æз къогъо куыд уон?!
– Цæй, мауал дзур бирæ, –
Ысдзырдта йæм лæг.
Дæу мыдыбындз абон
Ныццавта æцæг.
Уый тынг рагæй зоны,
Æввонгхор кæй дæ.
Æркæс-ма дæ фатмæ,

Ӕгъатыр зæрдæ!
Ныртæккæ дзы цъырдтай
Кæмæндæр йæ туг...
Дæ хуызæн къогъотæн
Фæвæййы сæ дуг.

## САУЦЪИУ

Нæ сауцъиу, нæ уарзон,
Ӕгас нæм æрцу!
Ӕрбакæс, дæ ахстон
Хæдзарау рæвдз у.
Ӕртæх нæм, æрцæр дзы,
Нæ уалдзæджы хай,
Уадз, немæ дзæбæхæй
Ды сæрды цæрай.



# ТОРЧЫНТЫ ХЪАЗЫБЕГ (МЭЛС): 80 АЗЫ



(1941)

*ТОРЧЫНТЫ Хъазыбег*

# ЛАЛЫМБЕГ

*Сатирикон радзырд*

Алымбег прокурорæй кусы нымад азтæ, фæлæ районы ахæм лæг нæ уыди, уый чи нæ зыдтаид. Йæхæдæг кæуылфæнды дæр куы амбæлыдаид, уæд-иу æй, мидбылхудгæ, зæрдæбынæй бинонты æнæниздзинадæй афарстаид, йе уæхск ын-иу, куыд йæ хорз зонгæйæн, йæ къухы тъæпæнæй æрхостаид æмæ-иу æрмæстдæр уæд йæ фæндаг дарддæр акодтаид.

Алымбег æрбацæуæджы дæр æнæ ныфсбавæргæйæ нæ ауадзы: «Дæ пайдайæн уыцы фарста бахынцынæн бирæ нæ бахъæудзæн, фæлæ мæм-иу рагацау фæзын хæдзармæ, мæ дуар мын æцæг дæ къахæй куыд гом кæнай, афтæмæй! Рæстмæ мæ бамбарыныл бацархай, æмæ уæд дæ хъуыддаг – мæ быгъдуан. Мæнæн мæ къух хъуынджын у!..»

Цы-иу бамбарын хъуыд лæгъстæйаг лæгæн Алымбеджы фæсномыг ныхас…

Уыди ма прокурормæ иу ахæм миниуæг: алы майрæмбон дæр изæрæй цыди хъæутæй иумæ æмæ-иу адæмы рагацау клубы æрæмбырд кæнын домдта. Дæргъæй-дæргъмæ фынджы уæлхъус-иу хъæуыхицау æмæ колхозы сæрдары 'хсæн сбадт. Дзырды бар ын-иу куы радтой, уæд-иу, къуырийы дæргъы районы цы фыдракæндтæ æрцыд, уыдон ранымадта. Æвирхъау митæ къаддæрæй-къаддæр уый фæрцы кæй кæнынц, уый дæр-иу æнæ зæгъгæ нæ фæци.

Чидæртæ-иу сæ сæр бæрзæндты хастой, ахæм зонджын æмæ хъæугæ адæймагимæ лæгæй-лæгмæ кæй базонгæ сты, уымæй æмæ-иу сæ фыдæлтыккон ирон хæсыл банымадтой йæ фæхонын. Кæмæндæрты-иу уый дæр бантыст. Æмæ ахæм æвзæрст фысыммæ иннæтæ куыд нæ хъуамæ хæлæг кодтаиккой! Йæ буц уазæг – районы прокурор йæ хæдæг!..

Ахæм рæстæджы-иу Алымбег йæ хæдзарыл æрмæстдæр æмбисæхсæв сæмбæлд æмæ-иу дыккаг бон стыр сихæрттæм хуыссыд.

Иу майрæмбон фæсæмбырд заманхъуйлаг Пæлуйы къухы дæр Алымбеджы фæхонын бафтыд. Уазæг хæдзармæ куыд бахызт, афтæ йæ былтыл фых уæрыччы дзидзайы тæф амбæлд, æмæ йæ зæрдæ барæнæбары барухс. Йæ басæй ма йын нурыдзæхдон скæнут, зæгъгæ сæм æрхатдзæн, æмæ уæд!...

Бадт сын бацайдагъ. Фысым ӕмӕ уазӕг адджын минас кодтой ӕмӕ кӕрӕдзийӕн зӕрдӕлхӕнӕн ныхӕстӕ дзырдтой. Уырдыг сын лӕууыд Пӕлуйы фырт Хасанбег. Ӕрыгон сылгоймаг, Алымбег ӕй куыд бамбӕрста, афтӕмӕй Пӕлуйӕн – йӕ чындз, фынгмӕ алы диссаджы хӕринӕгтӕ хӕссы ӕмӕ хӕссы. Кӕд прокурор хъӕздыг фынгтӕ гыццыл нӕ федта, уӕддӕр ӕй Пӕлуйы чындз дисы бафтыдта. Зонгӕ та йӕ цӕмӕй кодта, цӕмӕй, уазӕджы зӕрдӕмӕ фылдӕр-фылдӕр цы фӕцӕудзӕн, уый?! Мӕнӕ йын дӕргъӕццон тӕбӕгъ йӕ цуры авӕрдта ӕмӕ дзы, рагӕй дӕр нӕ закъонгӕс цы хӕринаг уарзы, уый – фысы чъапӕ тӕнӕг карстӕй, йӕ фарсмӕ та – къуырф тӕбӕгъ нурыдзӕхдонимӕ! Ноджы ма цывзыджын тӕвд арахъхъ. Уазӕг цас зӕрдӕрухсдӕр кодта фынджы ӕгъдау-цӕлӕй, уыйбӕрц Пӕлуйӕ тынгдӕр ӕппӕлыд:

– Нӕ чысыл Ирыстон, Пӕлу, дӕу хуызӕттӕй фидауы. Кад ӕмӕ рад ирон адӕмӕн дӕу хуызӕттӕ хӕссынц. Кӕсын дӕ фыртмӕ мӕнӕ ӕмӕ хъуыды кӕнын, нӕ фыдӕлтӕ-иу куыд раст дзырдтой, фӕткъуы бӕласӕй фӕткъуы хауы, зӕгъгӕ. Бакӕс-ма йӕм, бакӕс! Сахъгуырд, саг-сур! Бынтондӕр йӕ фыды аккаг фырт! Гайлаг родӕй бӕрӕг у, родӕй!

Уазӕджы ӕппӕлӕн ныхӕстӕй Пӕлуйы зӕрдӕ ныррухс, ӕмӕ сӕрыстырӕй дзуры:

– Колхозы нымаддӕр шофыр у Хасанбег. Йӕ уӕзласӕнӕй ӕппӕтӕй фылдӕр мӕнӕу быдырӕй уый раласта. Гага дӕр ын дзы не 'рызгъӕлдзӕн зӕхмӕ, афтӕ 'нгом ӕй сӕхгӕдта фальцовӕннӕй фӕйнӕгӕй. Йӕ къам «Кады фӕйнӕг»-ыл дзӕгъӕлы нӕй. Гъе, афтӕ, ме 'рдхорд Алымбегджери!

– Ӕрдхорд та цӕмӕн? Ӕфсымӕр та цӕуылнӕ? Ӕз куырм дӕн? Нӕ йӕ уынын мӕ дыууӕ сау-сауид цӕстӕй, ды мӕм цы хорз зӕрдӕ дарыс, уый? Къодах йӕ фыццаг цӕфӕй дӕр бӕрӕг у, ноджы ма нурыдзӕхдонимӕ! –Ӕмӕ прокурор йӕхи ныхӕстыл хъӕлӕсыдзагӕй ныххудт. Стӕй, ӕфсӕстӕй куы схъихъхъ кодта, уӕд Пӕлуйы йӕ цӕстытӕ сындзытау ныссагъта.

– Пӕлу, не 'хсӕнӕй ныхас ничи ахӕсдзӕн? Партийы уӕнг дӕ?

– Ацы мӕгуырӕй ма коммунист дӕр куы уаин! – куыддӕр тӕрсгӕ-ризгӕйӕ загъта Пӕлу, фӕлӕ та Алымбег хъӕлӕсыдзагӕй куы ныккӕл-кӕл кодта, уӕд фӕхъӕлдзӕгдӕр:

– Алымбег, хӕдзары номӕй иу…

Нал ӕй бауагъта дзурын:

– Адӕттӕ иууылдӕр хӕдзары номӕй не сты, нӕ, ме 'фсымӕр?

Фæлæ... йед... Хасанбег уыцы 'хсæст хорæй мæ каистæм дæлæ Хуымæллæджы иу гуыффæ куы равдæлон кæнид, уæд дзы сæ каркæй, бабызæй, хъазæй, гогызæй, хуыйæ стыр разыйæ нæ баззаиккой, нæ?! Исты ахæм, уæд та... Тæрс – нæй, фатхъæд – арæх. Æз мæ хъуынджын къухæй уарзон лæджы цыфæнды хъоргъæй дæр сласдзынæн. Æцæг... Æцæг мын хабар рагагъоммæ зындгонд уæд! Ныр та, Пæлу, ме 'фсымæр! Æри-ма дæ кадгæнæн нуазæн. Мæн афтæ фæнды, æмæ дыууæйæ бануазæм брудершафтæй.

Пæлу ахæм ныхас хъусгæ дæр никуы фæкодта æмæ фæуыргъуыйау:

– Бруты сæфтæй-йа?! Æмæ дын Брут ахæмæй цы кодтой? Мидæмæ зæгъæг дын дзы никуы фæцис?

Алымбег фыр худæгæй артæнхæлдтæ кодта, стæй Пæлумæ хæстæг бацыд, йæ къух ын æд нуазæн уæлæмæ систа, æмæ йын, йæ рæмбыныкъæдз йæхионмæ æрбалхъивгæйæ, загъта:

– Æз мæ нуазæн куыд нуазын, ды дæр дæхион афтæ бануаз.

Ничиуал æмæ ницыуал уыд Пæлу йæхи цæсты, ахæм фендджын лæгимæ абаргæйæ.

Æдде рог машинæйы уасын æрбайхъуыст – æхсæвы дыууадæс сахаты сси. Къæсæрыл лæугæйæ ма Алымбег загъта йæ фæрныг фысымæн:

– Пæлу, мæ ног æфсымæр! Мæ хъуынджын сæр дæ... Тфу! Сæр нæ, фæлæ дæ кæд мæ къух бахъæуа, уæд-иу рæвдз фæлæуу: алцыдæр мын рагацау хъусын кæн.

Уæдæй фæстæмæ Пæлу цал æмæ цалæн раппæлыди, Алымбеджы йæ хæдзармæ куыд æрбахуыдта, уымæй:

– Уæллæй, ме 'фсымæр дæ, зæгъгæ мын йæхи дзыхæй дзырдта. Стæй иумæ, Бруты сæфтæй хуынд цæмæндæр, нуазæнтæ баныззтам. Мæнæ афтæ, – æмæ та-иу Пæлу, йæ къух уæлæмæ сисгæйæ, йæ рæмбыныкъæдз йæ дзыхмæ æрбалхъывта.

Сусæны мæй, райсом. Фондз сахаты дæр æххæст нæма уыд, афтæмæй Хасанбег фестад æмæ кæртмæ рауад, йæ мæнæуласæн ГАЗ-51 æркусын кодта æмæ феддæдуар. Йæ ацыдыл сахат дæр нæма рауад, афтæмæй дын уынгæй чидæр æрбахъæр кодта:

– Пæлу, йе Пæлу!

Пæлу рудзынгæй акаст æмæ дын æнæсаргъ бæхыл быдыргæс Дабеджы ауыдта.

– Циу, цы 'рцыди, Дабег, цы афон у, уый нæ уыныс?..

– Мæнæ милицæ гыццыл раздæр Хасанбеджы йæ дзаг машинæйæ

раргъæвтой æмæ йæ семæ фæласынц. Бæргæ ма сын дзырдта, стыр хицауы хор у, зæгъгæ, фæлæ йыл сæхи худæгæй схастой.

Пæлу Дабегмæ дзуры:

– Дабег, ме 'фсымæр! Дæ дугъон бæх мæм авæр. Уыцы стыр хицау чи у, уый æз зонын – суайон æм. Уый Хасанбеджы хъоргъæй дæр сласдзæн.

Пæлу Беслæныхъæуы Алымбеджы хæдзары цур балæууыд. Йæ кæрты дуар ын ехсы хъæдæй уæздан бахоста. Ничи йæ уыд хъуыдыгæнæг, æмæ уæд кæртмæ фæйнæджыты зыхъхъырæй бакаст: цъиузмæлæг дзы нæ уыд.

Пæлуйæн йæ хъуыдыйы кæрон дæр не 'рцыд, абон сабат кæй у. Раст та дысонизæр прокурор Уæлгинскæйы цæрджытæн дæр зондамоныны куыст кæй фæкодта, уый. Стæй та йæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æгъдау дæр æрцахстаид. Ныр та йæ фæллад уадзы, тар фынæй кæнгæйæ, æмæ йæм Пæлуйы ехсы дзæхстытæ нæ хъуысынц.

Хъæбул адджын у, æмæ йæ кæд æмбæрста, йæ цæсгом кæй хæры, уый, уæддæр ногæй ныххоста æгомыг дуар. Уалынмæ йæм кæддæр-уæддæр тызмæг хъæлæс райхъуыст:

– Ард дæ хæдзары, кæцы дæ?! Лæджы фынæй кæнын дæр нæ бауадздзысты…

– Алымбег, ме 'фсымæр! Пæлу дæн, Пæлу!

– Цавæр æфсымæр, цавæр Пæлу?! Кæд ма исты зонын, уæд мæ мад æмæ мæ фыдæн мæн йеддæмæ зæнæг нæ уыди.

– Пæлу дæн, Пæлу, Алымбег! Заманхъулæй…

Алымбегæн йæ цæстытыл ауадысты нард фынгтæ, арæхстджын архайæг чындз, уырдыг сын кадыл-радыл графинимæ лæууæг Хасанбег, æмæ йæ сынтæгæй зивæггæнгæ рахызт. Дуары хъинцъæй Пæлуйы зæрдæ барухс, стæй мæнæ Алымбеджы дæргъмæ хæххытæ ‘хсæвхуыссæн дзаумæтты ауыдта. Алымбег йæ сæр ныууыгъта, цыма йæ хуыссæг сырдта, уыйау æмæ лæгæн мидæмæ загъта. Кæрты астæу æй æрурæдта:

– Пæлу дæ, уый ныр уынын, фæлæ сæумæрайсом уанцон нæу… Йед у… Цы хабар у?

– Дæ сæр мæ тынг æхсызгон бахъуыд, Алымбег. Мæ хæдзар хæлы, æмæ…

– Хабар ын талф-тулфæй бамбарын кодта.

– Æппæт дæр мын рагагъоммæ фехъусын кæнын хъуыд, рагацау!

Ныр та ма… Ныр та, Хасанбеджы куы фæмидæгæй кодтой, уæд ма йын мæ бон цы у?

– Ард дæ хæдзары бацæуа, Алымбег! Амæй ма раздæр куыд вæййы? Мæ фырт быдырæй цы мæнæу рацæйласта, уый таугæ куы кодтой, уæд дæм хъуамæ ныффæдис кодтаин? Æви дын фарон загътаин, йе 'рцахсæг милиционерты куыстмæ райсын ма бауадз, зæгъгæ?! Уæдæмæ ды Алымбег нæ дæ, фæлæ – Лалымбег! Дæ мыггаг та у Хытъынатæй! Бахъæц, æз дыл газетмæ куы нæ ныффыссон.

Æмæ – ныффыста. Сæ хъæукkаг æнæштатон уацхæссæджы æххуысæй. Мæйы фæстæ йын районы газетæй фехъусын кодтой, Алымбегæн, дам, нæ бон ницы у, уæлдæр бынатмæ йæ аивтой, адæмимæ дзурын, цæрын æмæ кусынмæ иттæг хорз кæй арæхсы, уый нымайгæйæ...

# ХОХОЙТИ ЭНВЕР: 65 АЗЫ



(1956)

*ХОХОЙТИ Энвер*

# ХÆССУН КÆДЗОСÆЙ ЛÆГИ НОМ

## ДЕССАГ ЦАДИ ЛИСТÆГ ДОР

Сæрккаг мæн листæг дорæй
Аци дессаг цадæмæ
Æнæнгъæлти æргæлста,

Фехалдтæн æнæзморæй,
Æрдзи сабуйрадæ мæ
Уæд еуварсмæ фенхуæрста.

Ме 'рхауди - зæрдæхъурмæ
И тæнæг уæлцъарæбæл
Стур зеллæктæ фæззиндтæй,

Уайтагъд цадæн æ бунмæ,
Зæрдæ даргæй, хъаурæбæл
Ниццæйхъæрдтæн рист хъинтæй,

Барæй – æнæбари дæр
Æппунфæстагмæ уæдта
Еугур 'нæзмæлгæ нидтæн.

…Балæдæруй царди гъæр
Алли цæруйнаг? Æдта,
Фал бухсун гъæуй зинтæн!..

## МАДИ ЕУНÆГÆЙ КУД УАДЗЕТÆ?..
*(Триолет)*

Мади еунæгæй куд уадзетæ,
Æгирид æфсарæ нæбал ес?!
Уомæй ма федауй нæ цард.
Мади еунæгæй куд уадзетæ,
Йе æй нæ хъазар уодфæлдес,
Мах ба си ци ледзæн идард?!
Мади еунæгæй куд уадзетæ,
Уомæй ма федауй нæ цард!

Сонтæй мади зæрдæ скъахетæ…
Мадæн ба рагæлдзæн нæййес,
Уобæл æлхийбаст æй нæ цард.
Уой уодмæ фатау ци гъаветæ,
Е æй рохс дуйне: нæ ес-бес,
Реути махæн ба – дор ивард.
Сонтæй мади зæрдæ скъахетæ…
Мадæн ба рагæлдзæн нæййес!!!

## МÆ ЗÆРДÆ – ÆРТТЕВАГÆ ÆРЦЪИНГДОР

Мæ зæрдæ – фурзæронд æрттевагæ
æрцъингдор,
Æрцъингдорбæл æрхаудтæй…
Æривадæй бон.
Æ фæррохси уинун. Ниууодæнстæн
æ цæфæн,
Низзæронд дæн. Тæходуй ку уидæ
æздæхæн!
Æнзтæ мæнбæл… цал зумæги рацудæй
æрцъингбæл,
Уой бæрцæ æфтудтæн уарзонади

Сурх зингбæл.
Гъе, фалæ æгас, – ка фæттундзуй
пеллон артмæ,
Фицун уой фудæй æрцъингдори
цæфи гъармæ.
Цæфæн бафæразон инддуг рауæн
æз мæ дзуапп,
Фал нæ дуйней ирд рохсмæ æртиккаг
уинуй арт.
Цæуй нæ цард, цæхæр калуй æрцъингдор –
æрцъинг,
‘Ма ервæзун кæнуй мæ кæддæри
тæвдæ зинг.
Систадтæн нæуæгæй, ку нæбал
адтæй   гæнæн…
Адæймаг – гъæуайгæнæг ирд рохс
Æма зингæн!

## БАЦЕУОН ХЪИСМÆТ

*(Монолог)*

Райевгъудæй æхсай фондз анзи
Стуггин æфсоргъау мæ сæрти.
Мæхецæй ку нæ дæн арази:
Амонд ми рандæ 'й еуварс.

Хъаурæ ма æнкъарун иуæнгти,
Неци дæн адæми цæсти?!
Бæргæ хуæздæрæй зæруи уæнгти
Ку тар кæнинæ и æнзтæ!

Тохиуæнгтæй мæ цардфæндагæй
Фæрсмæ ку нæма фездухтон,
Дæллаг галау гъар хедæхснадæй
Хæссун кæдзосæй лæги ном.

Бацеу – бацеуау æй мæ хъисмæт,
Е пиртмæ нæ даруй æмгъуд.
Цæмæй маке хузæн уа мæ фæд,
– Рæстæги хæццæ кæнун æмцуд.

Æфсоргъи стур саргъбæл хæбæццæй
Даргъ догъуади федар – мæ бадт.
Кæмидæр уон – нифс æй мæ хæццæ,
Мæ балци æй тæссонд, идард...

Цард æй стур денгиз, æз ба – науæ,
Накæ кæнун æвæлмæцгæй.
Зонун æй: фæууй царди ауæ
Æрмæстдæр фæллойнæ кæнгæй.

Цард раст косæг лæги зин тох æй,
Базон-базонау – цубур, даргъ:
Ке цæхъали финкау фентъохуй,
Кæмæн ба – æнæхъинц фæндаг.

## УОДИ ГЪÆР

*Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм,*
*Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?*
*«Ракæс!..» Хетæгкаты Къоста*

Цæй, кæрæдземæ, Ири лæппотæ,
Радтæн абони, æнсувæртау,
Еу инней балæдæргæй, нæ къохтæ!.. –
Уоци Фæдзæхст ни феронх æй, ау!?

Куд разиннæн тæрхъостау тæппуодтæ,
Никхæлеу ан раст фусти дзогтау.
Исуæлдæр кодтан   нæ мæгур уодтæ –
«Фæдзæхст» исæнхæст кæнæн фæлтау!..

Кæми 'й нæ финдздзæуæг? Æви уотæ
Цурд ни феронх æй «уорс» æма «сау»?!
Æви ан æгасæй дæр æммотæ,
Куд неке фезмæлуй фæтæгау?!

Банигæдтан нæ рæсугъд æгъдæуттæ,
Фæткитæ нæбал æнцæ дессаг?..
Хуæрздзæгъæлæй ниууагътан рохс кæмттæ,
Цæй æфсарæ?! Цæй цитæ?! Федиссаг!..

Уой уингæй, æрбайгъусуй стур кæнтæй,
Æрбайгъусуй уаз Къостай фæдес:
– Нæ уарзон Иристонæн ци кæнтæ?..
Мулкитæй хуæздæр нецибал ес?!

Ма рауæйæ кæнтæ Фидибæстæ,
Хуцауи бæсти 'й – сайтан уæлдæр?..
Ка феддзæй нæртон лæгау ихæстæ,
Кæми ес Райгурæн бæстæ æндæр?..

Æрбайгъусуй афæйæй- афæймæ
Итингдæр курхон Къостай гъæлæс,
Мах ба, цума æвæлгъазæ зæйнæ,
Ку кæнæн   фесинмæ уæрæдæс.

Æнæдзебæл, сахъ Ири лæппотæ,
Цæй, радтæн абони 'нсувæртау
Кæрæдземæ бæркадхæссæг къохтæ,
Цæуæн рохсмæ æнгомæй лæгтау!..

Туалтæ, Къудар, Дигорæ гъе нур дæр
Мах ан аланти байзайæггаг.
Размæ, тонхи цæугæй, нæ еугур дæр
Багъæуай кæнæн маддæлон æвзаг!

Куд уосйат Уæлахези туруса
Исесдзæн Къостай «Фæдзæхст» бæрзонд,
Цæмæй цард цæрæнбонти нин исуа
Лæдæрундзийнадæ Уарзтамонд.

## БÆРГÆ

Бæргæ мæ бон ку уидæ, зæрдæндзаргæй,
Райхалун стур фæндити къубулойнæ:
«Балистинсæ кæнун уоди куройнæй…»
Бæргæ мæ бон ку уидæ цирагъ дарун,
Нæ хауинæ уотæ арæх, цит, хæлхъоймæ.

Бæргæ мæ бон ку уидæ æриздахун
Мæ рагбонтæ гъæр кæуагæ авдæйнонæй!..
Ме 'нæнтæсти æрвдзæфау ку ниссах ун:
Нæй мæ бон фæлдист ирд гъудитæ стахун…
Æнирай дæн æз мæхецæй гъе уомæй.

Ку нæма иссæй мæ бон æрихалун
Егъау тухт рохс бæлдити къубулойнæ.
Бæргæ мæ бон ку уидæ зæрдигъал ун,
Кенæ ба – æскъуæлхтитæй зæрдæхъал ун,
Нæ хауинæ уотæ арæх уæд хæлхъоймæ.

## ХУÆНХАГ ЦÆРГÆС

*Мæ дыууæ фидар базыры – мæ дыууæ 'фсымæры,*
*дыууæ фыссæджы: Нафи æмæ Таймураз…*
*Джусойты Клавæ, ЦИПУ-йы доцент*

1

Райгурдæй хонсари цъете хуæнхбæсти,
Æ уод - æ цæстæ уади хæццæ тох,
Зин цард нæ райевгъудæй æ еуværsти,

Рæстдзийнадæ уæлвонг æвæрд æ цæсти,
Алцæмæ дæр хуæрзефтонг æй æдзох.

2

Æ дууæ хормæхсист егъау базури
Фурæзнæт тохти адтæнцæ тугъдгъон,
Ку некæд æрлæудтæнцæ сæргубурæй,
Зонгæй, уæлиуон зæнхон цард цубур æй,
Батухсти – ба ци нæ уидæ сæ бон?!.

3

Дууæ хатти «цæф» баййафта æ гурæ,
Фиццаг бахускъæ 'й æ галеу базур,
Фæстæдæр ба – ма рахес дæр. Мæгурæг…
Мæнгæттæ куд зæгъон, ку дæн бæгу лæг:
– Исусуй хъаурæ… Цæфтæн фæразуй…

Æ сæрбæл ку разилдæй стур куройнæ,
Ци ба нæ бавзурста катай, мæтæй?!
Гъо, æй уадфæлтæрд цæргæс æнæнцойнæ,
Æндæр ниццайдæ зинтæй листбуройнæ,
Фал уæддæр нæ гъаст кæнуй хъисмæтæй.

4

Зонæн: цъæх гуппарт ке фæууй содзагæ,
Риститæ, цийнитæй 'нгом бид æй цард,
Алкæми алци 'й уонæн сæ бæрагæ.
Бухсагæ зæрдæ 'й тогæрхæнтæй додагæ,
Æ уæгæ ба нæ мæлуй, нæ 'й æнкъард.

5

Æй гъолахъ фæрдуг – æ хъазар бæдолæ,
Дууæ адгин кæстæри – ес уомæн,
Зæрин хор сæмæ æ цæстæ никъолуй…
Хуæнхаг цæргæс тухстæн сæттун нæ комуй,
Нæдæр ин ес цъумурти нивдолæн.

Ку не ′рдардта пиртмæ – доги пурхæнтæ,
Мед – зæрди ′й – райгурæн къум æд цъете…
Кедæртау не ′лвесуй æрхун тæрхæнттæ.
Цæйбæрцæ басгарста циргъцъонк бæрзæндтæ?!
Кæстæрти ′стахтæй феронх уй æхе.

Уорс бæрзæ, цъæх нæзитæ хонх – бæсти
Хуæнхаг цæргæс æлхийбаст – бундорбæл.
Фуддæйрагæн цард нæ рандæ ′й еувæрсти,
Сæ фудрунтæ уæнтæ фудголи хъæсти!..
Федарæй зæрдæ даруй исонбæл.

6

Имисуй тæхæнтæ: цъæх арв, уæлвæзтæ…
Фалæ æ уод ба æгæр фæрристæй…
Цард æма адзал цæунцæ æмвæрстæ…
Æ фæндон исуæнтæ йе ′взонг цæргæстæ
Æнæфидбилиз базуртæхсистæй!!!

*Сурх Дигори гъæу,*
*03. 03. 2019 аз*




# КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ



*Заойты Аслæнбегæн хъысмæт снысан кодта хæсты уæззау фæндæгтыл фæцæуын. Тохы быдырмæ йæм фæсидтысты 17-аздзыд лæппуйæ 1942 азы 1 июны, куыддæр астæуккаг скъола каст фæцис, афтæ. Уæлахизхæссæг 1945 азы февралы онг хæцыд фашистон Германимæ, дарддæр – милитаристон Японимæ, 1950 азы уалдзæджы онг та – Ныгуылæн Украинæйы бандеровонты бандæтимæ. Фæцæф фондз хатты. Йæ хъæбатырдзинады тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд æртæ орденæй æмæ æстдæс майданæй.*

*Æфсадæй куы суæгъд, уæд куыста адæмон хæдзарады, фæсаууонмæ институты ахуыргæнгæйæ. 1985 азы рацыд пенсийы æмæ кодта æхсæнадон куыст. Ныффыста йæ мыггаджы истори, сарæзта Мыггаджы совет æмæ йæм æнгом кодта бирæ адæмы, фыццаджыдæр, – фæсивæды. Цардæй ахицæн 2008 азы, фæлæ йæ ном рох нæу, чи йæ зыдта, уыдонæй.*

*ЗАОЙТЫ Аслæнбег*

# ÆНÆНХЪÆЛÆДЖЫ ФЕМБÆЛД

*Мысинæгтæ*

1946 азы июны мæйы отпусчы цыдтæн æфсадæй Ирыстонмæ. Львовы вагзалы поезды сбадтæн. Купейы баййæфтон булкъоны йæ бинойнаг æмæ, иу-дыууæ азы кæуыл цыдаид, ахæм лæппуимæ. Мæ бынат уыд булкъоны бакомкоммæ. Мæ рахиз фарсы 'рдыгæй та бадт сылгоймаг бызгъуыртæ дарæсы. Йæ цæсгом цæстытæй фæстæмæ уыд æмбæрзт. Бадтис чъылдыммæ булкъоны бинонтæм.

Мæ дзаумæттæ бафснайдтон æмæ тыргъмæ рацыдтæн. Ам лæууыдысты дыууæ афицеры, сæ иу – майор, иннæ та – хистæр лейтенант. Æз дæр рудзынджы раз æрлæууыдтæн æмæ æддæмæ кастæн.

Поезд йæ бынатæй фезмæлыд æмæ араст ис, йæ цыд тагъдæйтагъддæр кодта. Горæтæй куы рахызтыстæм, уæд булкъон дæр тыргъмæ рацыд æмæ мæ фарсмæ æрлæууыд. Тамако сдымдта æмæ арф ныуулæфыд: «Ацы ран стыр тохы бахаудыстæм хæсты рæстæг, æмæ, цалынмæ цæрон, уæдмæ мæ нæ ферох уыдзæн. Бирæ фесæфт уæд ме 'мбæлттæй, мæхицæн та уæззау цæфтæ фесты мæ бæрзæй æмæ мæ галиу уæхск». Булкъон ма æнæдзургæйæ алæууыд, стæй купемæ бацыд, æз дæр йæ фæстæ бацыдтæн. Мæгуыр сылгоймаджы уым нал баййæфтон, æвæццæгæн, æддæмæ рахызт.

Æрбадтæн мæ бынаты. Цасдæры фæстæ мæ булкъон фæрсы, кæцон дæ, зæгъгæ. Æз ын бамбарын кодтон, ирон лæппу кæй дæн, отпусчы Ирыстонмæ кæй цæуын, загътон мæ мыггаг, ном, фыды ном.

Куыд рабæрæг, афтæмæй 30-æм азты уый службæ кодта Дзæуджыхъæуы. Хорз зыдта Плиты Иссæйы, йæ полчъы дæр службæ кодтой ирон афицертæ æмæ салдæттæ.

– Уæдæ æз дæр мæ фæллад уадзынмæ цæуын, – загъта булкъон. – Пушкиномæ, мæ мадмæ. Цæугæ та кæнын Германæй. Тыргъы цы дыууæ афицеры федтай, уыдон дæр Германæй цæуынц.

Фæллад уадзыны афон уыд, фæлæ, зæгъын, уыцы сылгоймаг карджын æмæ лæмæгъ у, куыд схиздзæн уæллаг тæрхæгмæ, æмæ йын мæ бынат радтон. Раййæфтон æй тамбуры хæкъуырццæй кæугæ.

Иуцастæр йæ разы æнæ исты дзургæйæ фæлæууыдтæн, уæдæ кæд йæ кæуынæй банцаид, зæгъгæ, фæлæ кæм… Мæхи зæрдæ дæр

суынгæг. Куынæ æнцад, уæд æм æрхатыдтæн, цæмæй мын бамбарын кæна, цавæр бæллæхы бахауд, уый. Фæлæ нæй – цыма мæ хъусгæ дæр нæ фæкодта, уыйау йæхи йæ цæстысыгæй æхсы. Афтæ мæм фæкаст, цыма йæ сæры зонд фæцыд, кæнæ та æххормаг у (мæхи цæстытæй федтон, æфсæнвæндаджы вагзалы цас æххормаг адæм уыд, уый). Ноджы ма сылгоймагмæ дзæкул йеддæмæ ницы уыд, хæргæ дæр æй нæ федтон. Кæддæр-уæддæр æрсабыр. Ракодтон æй тыргъмæ, æмæ та йæм æрхатыдтæн, цæмæй мын радзура, йæ зæрдæйы цы маст ис, уый. Ацы хатт йе 'ргом мæнырдæм раздæхта æмæ, кæд тыргъы рухс нæ уыди, уæддæр йæ цæсгом хорз зынд. Бæрæг уыд, уæззау уавæртæ йын йæ рæсугъд цæсгом кæй бампылын кодтой…

– Дæ хорзæхæй, бахатыр кæн, – загъта сылгоймаг. – Цу, дæ фæллад суадз. Æз æртыккаг æхсæв æрвитын ацы тыргъы æмæ тамбуры. Уæддæр мæ хуыссæг не 'рцахсдзæн. Ацу, мæныл ма тыхс.

Сахатмæ æркастæн. Уыд æхсæвы цыппæрæм сахат. Æмбæрстон, сылгоймаг мыл куыдфæстæмæ тынгдæр æуууæндын кæй байдыдта, уый. Йæ фæллад суадзынил не сразы уыдзæн, уый куы бамбæрстон, уæд мæхицæн загътон: «Хъуамæ, ацы сылгоймаг чи у æмæ цæуыл йæхи афтæ хæры, уый базонон».

Сылгоймаг йæ ныхас райдыдта:

– Мæ ном у Клавдия Степаны чызг. Мæ чызгон мыггаг – Корниенко. Мæ лæджы мыггаг та Смирнов у. Йæ ном Владимир, йæ фыды ном та – Иван. Райгуырдтæн Киевы, дæн украинаг.

– Уæдæ мæнæн та мæ ном Аслан хуыйны, мæ фыды ном – Дмитрий, мæ мыггаг та Заойтæй. Дæн ирон, цæгатирыстойнаг.

– Дæ фæллад цæуылнæ уадзыс? – фæрсы та сылгоймаг.

– Дæ мæтæй мæ хуыссæг нæ ахсы, – æргом ын загътон. – Куыд дæ кæстæр æфсымæр, афтæ мыл бауууæнд, æргом мын зæгъ дæ хабар, цы бæллæх дыл сæмбæлд, цæуыл марыс дæхи кæуынæй? Кæд дын иучысыл истæмæй мæ бон бауаид баххуыс кæнын.

– Бузныг, мæ гыццыл æфсымæр! Мæнæн Хуыцауы бон куы ницы баци баххуыс кæнын, уæд мын дæ бон цы бауыдзæн? – æмæ та йæ цæстытæ доны разылдта.

Мæхинымæры ахъуыды кодтон, цæй æмæ йын æргом зæгъон, мæ зæрдæ цæмæ фæкъæпп кодта, уый. Æмæ йæ бафарстон:

– Клавдия Степаны чызг, уæртæ нæ купейы æд бинонтæ цы булкъон бады, уый Владимир Иваны фырт Смирнов нæу? Дæумæ ницы бар дары?!

– Цы ма дын ӕй ӕмбӕхсон… Уый ӕцӕгдӕр мӕ цардӕмбал у. Фӕлӕ дӕ курын, ма мӕ схъӕр кӕн, йӕ цуры ма срӕди, ӕз ам дӕн, уый! Мӕн Хуыцау ралгъыста, мӕ амонд мын айста, ӕмӕ мӕ цардӕн мӕ бон цы уа, уыцы амӕлттӕ кӕндзынӕн. Уый мын ӕгас ӕнхъӕл нӕу. Йӕ цард сарӕзта ӕмӕ уадз амондимӕ цӕра...

Клавдияйы ныхӕстӕ се 'ппӕт мӕ зӕрдӕмӕ нӕ фӕцыдысты, ӕмӕ йын ӕргом загътон мӕ хъуыды:

– Кӕд афтӕ скарстай, ӕмӕ дӕ лӕгӕн раргом кӕнын ницы фӕнды, уӕд ма дӕхи та цӕуыл хӕрыс? Фӕлтау мӕнӕн бар ратт, ӕмӕ Владимир Иваны фыртимӕ арӕхсгӕ аныхас кӕнон. Базонон ын йӕ зӕрдӕйы уаг, йӕ бинойнаг ӕгас куы разынид, уӕд ӕм уый куыд фӕкӕсид…»

– Мӕнӕ стыр диссӕгтӕ, Хуыцау дӕ, ӕвӕццӕгӕн, мӕ амондӕн, кӕнӕ та ме 'намондӕн сӕмбӕлын кодта мӕныл! Мӕнӕн мӕ цард фӕцис! Куыд дӕ фӕнды, афтӕ бакӕн.

Дзуапп мӕ зӕрдӕмӕ фӕцыд, ӕмӕ йын ныфсытӕ авӕрдтон:

– Хуыцаумӕ бирӕ хорздзинӕдтӕ ис, ӕмӕ дӕуӕн дӕр кӕд уыдонӕй бахай кӕнид, ӕмӕ дӕ хъизӕмарӕй фервӕзис.

Купемӕ бацыдтӕн. Булкъоны бадгӕ баййӕфтон. Бахудт ӕмӕ мӕ афарста: «Лӕппу, кӕм рацу-бацу кӕныс ӕнӕхъӕн ӕхсӕв?» Хихсынмӕ йӕ цы хъуыд, уыдон райста ӕмӕ рацыд. Ӕз дӕр йӕ фӕстӕ рацыдтӕн. Булкъон лӕууыд, ӕнхъӕлмӕ каст хихсӕндоны чи уыд, уый рацыдмӕ. Йӕ фарсмӕ ӕрлӕууыдтӕн. Уый тамако дымдта, ӕмӕ мӕхи иуварс айстон фӕздӕджы тӕфӕй.

– Тамакойы тӕфӕй тыхсыс. Нӕ дымыс, ӕвӕццӕгӕн?

– Нӕ дымын.

– Хорз у уый.

Бӕргӕ загътаин булкъонӕн, ӕхсӕв кӕм арвыстон, уый, фӕлӕ Клавдияйы фӕдзӕхст мӕ зӕрдыл дардтон. Булкъон йӕхимӕ базылд. Ӕз дӕр мӕхи ныхсадтон, мӕ дарӕс скодтон ӕмӕ тыргъмӕ рацыдтӕн. Иучысыл рӕстӕджы фӕстӕ сфӕнд кодтон Клавдияйы абӕрӕг кӕнын. Байгом кодтон тамбуры дуар ӕмӕ йӕ уым дзуццӕджы бадгӕ баййӕфтон. Куы мӕ ауыдта, уӕд фестад. Мӕ зӕрдыл ӕрбалӕууыд, хӕргӕ йӕ кӕй нӕ федтон, куы сӕмбӕлдыстӕм, уӕдӕй нырмӕ. Цы дзӕкъул ӕм ис, уый дӕр купейӕ нӕ рахаста. Уӕдӕ йӕм куыд нӕ цӕудзӕн хӕрын, ӕмӕ йӕ бафарстон:

– Клавдия Степаны чызг, ӕз дӕ хӕргӕ нӕма федтон. Ӕххормаг дын нӕу? Цӕй, ӕмӕ иумӕ аходӕн скӕнӕм мӕ фӕндаггагӕй.

Клавдия мæ фæндыл сразы уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн, фæлæ сразы. Æрмæст, зæгъгæ, купейы нæ, æмæ йын рахастон дзул, дыууæ къоппы дзидзайы тушенкætæ æмæ мыды банкæ. Цæмæй уæндонæй бахæра, уый тыххæй рацыдтæн. Хæрды фæстæ ма Клавдияйæн цайы къус бахастон æмæ йын æй бацымын кодтон. Куыд радзырдта, афтæмæй поезды куы сбадт, уæдæй йæ дзыхы дон дæр нæ уыд, æмæ йæм хæрын дæр нæ цыд. Уæлдайдæр, йæ къаимæ иу поезд, иу вагон, иу купейы куы сæмбæлдысты, уæд. Ныр йæ уавæр фæхуыздæр, йæ цæстытæ фæрухсдæр сты. Сфæнд та кодтон йемæ ныхас кæнын. Фæндыд мæ, цæмæй мын йæ царды хабæрттæ радзура.

Гъемæ уæд сылгоймаг райдыдта дзурын:

– Хæст цы бон райдыдта, уыцы бон кæд хуыцаубон уыд, уæддæр мæ лæг æфсæддон хайæ нæ фæзынд. Хуыцауæхсæв-иу, стæмхаттæй фæстæмæ, хæдзары уыд. Кæд та радгæс у æфсæддон хайы, зæгъгæ, мæ сывæллæттимæ дæс сахатыл мæхи хуыссæны æруагътон. Нæма афынæй дæн, афтæ чидæр æрбахоста. Мæ халат мæ уæлæ æрбаппæрстон æмæ дуармæ фæраст дæн. Фæрсын:

– Чи дæ?

– Хистæр лейтенант Пахилько. Дуар бакæн.

Уый уыд, мæ лæгимæ иу æфсæддон хайы чи службæ кодта, уыцы афицертæй иу. Арæх нæм æмбæлд. Бакодтон ын дуар.

– Цы 'рцыд? А цафон цæмæн æрбацыдтæ?

–Арæнтыл цыдæр змæлд цæуы ныгуылæнырдыгæй, æмæ дæ дзаумæттæ амбырд кæн. Ахæм бардзырд радта не 'фсæддон хайы хицау. Дæ хъус дар, æмæ автомашинæ куы æрбацæуа, уæд дæ дзаумæттæ æмæ сывæллæттимæ – уырдæм!..

Мæ буар æмризæджы рызт, афтæмæй, хæдзары дзаумæттæй хъæугæдæр чи уыд, уыдон голджытæ æмæ асыччытæм калдтон, хуыссæнтæ æмæ уæлæдарæс тæнæг хъæццулты абастон. Мæ дзаумæттæ æфснайд куы фæдæн, уæд мæ дыууæ æнахъом сывæллонимæ уынгмæ рацыдтæн. Æнхъæлмæ кастæн машинæмæ. Мах цы хъæуы цардыстæм Ныгуылæн Украинæйы, уый арæнтæм дæс километрæй дарддæр нæ уыд. Æхсæвы æртæ сахатыл арæнты 'рдыгæй цыдæр гыбар-гыбур хъуысын байдыдта. Уалынмæ талынг арвыл фæзындысты хæдтæхджытæ. Кæй уыдысты, уый бæрæг нæ уыд. Куыд тагъд фæзындысты, афтæ тагъд атадысты талынг арвыл. Мæ сыхаг ус мæм æрбазгъордта, хъæр кæны, хæст, хæст райдыдта, зæгъгæ.

Мæ сывæллæттæ фæтарстысты æмæ мыл ныттыхстысты. Сабыр сæ кодтон, мæхимæ сæ æрбалхъывтон. Уалынмæ уæзласæн машинæ нæ цуры æрлæууыд, йæ гуыффæ адæмæй йе 'дзаг, афтæмæй. Рахызт дзы, цы афицер нæм-иу уыд, уый. Дзурын дæр мæ не суагъта, хæдзары смидæг. Баст цы хуысæндзаумæттæ уыд, уыдоныл фæхæцыд æмæ сæ, машинæйы чи бадт, уыдонмæ сæппæрста. Æз дæр, хæдзары дзаумайæ цас фæрæзтон, уыйбæрц рахастон. Лейтенант мыл фæхъæр кодта: «Тæбæгътæ æмæ уидгуытæй цы кæныс? Тагъд дæ сывæллæтты машинæмæ сæргъæв æмæ дæхæдæг дæр сбад!»

Араст дæн мæ зындоны фæндагыл. Арв хурыскæсæнырдыгæй рухс кæнын байдыдта. Афицер дуар байгом кодта æмæ нæм дзуры: «Хæдтæхджытæ куы ауынат, уæд-иу кабинæйы сæр æрхойут».

Уалынмæ æрбарухс. Хур куыддæр йæ был сдардта, афтæ нæ сæрты хæрз ныллæджыты хæдтæхджытæ асыффытт ластой. Машинæ фæурæдта. Афицер рахизын кодта адæмы æмæ загъта: «Тагъд фæндагæй фæйнæрдæм лидзгæ кæнут! Хæдтæхджытæ куы ауынат, уæд зæххыл æрхуыссут æмæ, цалынмæ нæ атæхой, уæдмæ ма систут!»

Æргæпп кодтон машинæйæ. Мæ сывæллæтты мæм æрлæвæрдтой, сæ къухтыл сын фæхæцыдтæн æмæ фæндагæй иуварс лидзæм. Иу-æртиссæдз метры бæрц куы азгъордтам, уæд чидæр ныхъхъæр кодта: «Уæлдæф! Æрхуыссут зæххыл!»

Æрхуыссын кодтон мæ сывæллæтты зæххыл, мæхимæ сæ æнгом æрбалвæстон. Уыцы рæстæг знаджы хæдтæхджытæ, æхситгæнгæ, нæ сæрты атахтысты. Иу минут дæр нæма рацыд, афтæ та ногæй фæзындысты, æмæ бæстæ пулеметты къæр-къæр æмæ цъæхахст сси. Сæ иу нæ машинæйыл йæхи цъиусурау æруагъта. Цыдæртæ йыл æрæппæрста æмæ, дæ фыдгул дæр афтæ, фæркгай йæ фæйнæрдæм фæхаста. Цы ма дзы аззад, уыдон та арт фестадысты. Æртæ зылды æркодтой нæ сæрмæ, пулеметтæй адæмы æхсгæйæ, æмæ атахтысты. Бæстæ хъæрзын æмæ æххуысмæ сидæг сси. Æз мæ сывæллæтты зæххыл хуысгæ фæуагътон, æмæ мæм, хæстæгдæр æххуысмæ хъæр кæцæй хъуысыд, уырдæм батахтæн. Иу сылгоймаг дæлгоммæ хуыссы, æмæ йæ къæхтæ туджы мæцынц. Цæмæй йын сæ бабæттон, уый нæй. Фæстиатгæнæн нæ уыд. Мæ цъындатæ фелвæстон, æмæ йæ зæнгтæ цæфтæ кæм уыдысты, уыдон фидар балвæстон. Туджы калд баурæдтон, фæлæ йын йæ цæфтæ цæмæй бабастаин, уый нæ уыд. Сылгоймаджы амондæн мæ уæлхъус, иу-дæс азы кæуыл цыдаид, ахæм

ләппу февзәрд. Йә хәдон феппәрста. Аскъуыдтә йә кодтам ӕмә дзы сылгоймаджы цәфтә бабастам. Йә алыварс мардәй – ӕртә сылгоймаджы ӕмә дыууә зәронд ләджы. Йә бон цәуын кәмән уыд, уыдон дарддәр сә цыды кой кодтой. Мәрдтә баззадысты ӕнә ныгәдәй…

Мә сывәлләтты къухтыл хәцгәйә, ӕз дәр цәуын мә фыдбылызы фәндагыл. Адәмы нымәц фылдәрәй-фылдәр кодта. Ӕфтыд ӕфсәддонты нымәцыл дәр. Тәссаг уыд немыцы хәдтәхджытәй, фәлә уыцы бон нал фәзындысты. Куы 'рталынг, уәд фәндагәй иудыууәсәдә метры дарддәр иу бәласы бын ӕхсәвиуат бакодтам. Ӕхсәв-бонмә адәм сә цәуынәй нә банцадысты. Сывәллəттә бафәлладысты ӕмә уайтагъд афынәй сты. Мән фыр мәтәй хуыссәг нә ахста. Хъуыды кодтон: «Ныр мә сывәлләттән цы бахәрын кәндзынән, райсом куы райхъал уой, уәд? Нә фәндаггаг дәр нә машинәимә куы фесәфтис». Ӕгәрмәгуыр нәм дон дәр нә уыдис. Мәхицән нә тарстән, мә мәтаг мә сывәлләттә уыдысты. Хур куы скаст, уәд сә райхъал кодтон. Цәуын та байдыдтам нә фәндагыл. Иу-дәс сахаты уыдаид, афтә та нә сәрты нылләджыты ӕртә рог хәдтәхәджы асыффытт ластой. Сә крестытә сын куы ауыдтон, уәд мә зәрдә бауазал. Адон, зәгъын, фыдбылызы уацхәсджытә сты, ӕмә рагацау мә сывәлләттимә нәхи фәндагәй дарддәр айсәм. Сә къухтыл сын фәхәцыдтән, цәхгәр фәндагәй иуварс фәзылдтән ӕмә, мә бон цы уыдис, уымәй – згъоргә. Уалынмә та райхъуыст фыдохы хъәр: «Уәлдәф!»

Фәндагыл цы бирә адәм уыд, уыдон фәйнәрдәм лидзын райдыдтой. Знаджы уәззау хәдтәхджыты гуыв-гуывәй уәлдәф ӕмризәджы рызт. Уалынмә зәхх нынкъуыст. Мә сывәлләтты ма мә быны бәргә акодтон, фәлә фәтары дән. Цас рәстәг фәдән афтәмәй, чи зоны, фәлә иузаман ӕрчъицыдтон. Мә фыццаг хъуыды – мә сывәлләттә! Мә алывәрстәм акастән, ӕмә мыл мә бон аталынг, сә туджы мәцгә сә куы ауыдтон, уәд... Иуафон та мәхимә ӕрцыдтән. Сыстын мә бон нә баци, ӕмә сәм мә гуыбыны цъарыл бабырыдтән. Сә дыууә дәр тугәйдзагәй – сә мәрдон хуызы. Ләппу – Сашә, йә гыццыл къухтә фәйнәрдәм парахат ӕппәрстәй хуыссыд уәлгоммә. Мә куклайы хуызән цъәхцәст чызг Иринә хуыссыд йә галиу фарсыл ӕнә къухәй. Кәрәдзимә сә бахәстәг кодтон, сә фарсмә мәхи ӕруагътон, мә хъәбысы сә ӕрбакодтон ӕмә Хуыцауәй мәләт агуырдтон. Ӕрмәстдәр мәләт! Фәлә… уый нырма мә хъизәмәрттән сә райдайән уыд.

Бæстæ гыбар-гыбур сси. Зæхх æмризæджы рызт. Нæ сæрты та знаджы хæдтæхджытæ атахтысты, æмæ æнхъæлмæ кастæн, уæдæ кæд раздæхиккой æмæ мын мæлæт æрбахæссиккой семæ! Нал фæзындысты, фæлæ иу-сахаты 'рдæджы фæстæ фæндагыл фæзындысты немыцы танктæ æмæ æфсæдтæ. Танктæ сæ цыд кодтой, фæлæ фистæг æфсæддонтæ, махыл хæдтæхджытæ бомбæтæ кæм æркалдтой, уырдæм куы æрбахæццæ сты, уæд фæпырх сты, æмæ мæрдтыл зынаргъ дзаумайæ цы уыд, уыдон æфтыдтой æмæ ластой. Æгас ма дзы чи уыд, уыдонæй йæ бон цæуын кæмæн нал уыд, уыдоны-иу фехстой. Адæмы, фос куыд тæрой, афтæ, нæмгæ æмæ хъæргæнгæ, сæ разæй тардтой. Мæнмæ дæр æрбацæйхæстæг кодтой. Тæхуды, æмæ мæм исты хæцæнгарз куы уыдаид, уæд дзы мæ разæй мæрдтæм иуы уæддæр барвыстаин. Фæлæ нæй! Мæхи сцæттæ кодтон, Хуыцауæй цы мæлæт куырдтон, уымæ. Мæ цуры æрлæууыдысты иу афицер æмæ дыууæ немыцаг салдаты, сæ автоматтæ мæм æрцарæзтой, афтæмæй. Æвæццæгæн, æнхъæлмæ кастысты сæ командиры бардзырдмæ. Афицер мæм иуцастдæр рæстæг æдзынæг фæкаст, стæй немыцагау цыдæртæ сдыгъал-дыгъул кодта, æмæ мæм дыууæ салдаты фæлæбурдтой. Фæндагмæ мæ ахæр-хæр кодтой. Хъæр кодтон, фехсут мæ, зæгъгæ, фæлæ мæ цыма хъусгæ дæр нæ кодтой, уыйау мæ фæндагмæ бахæццæ кодтой, æмæ мæ, чъизи хæцъил куыд аппарай, афтæ æрæппæрстой.

Цы фæдæн, уый нал бамбæрстон. Куы æрчъицыдтон, уæд кæсын, æмæ мæ уæлхъус лæууы, цы афицер мæ рахæссын кодта фæндагмæ, уый æмæ иу сылгоймаг урс халаты. Бамбæрстон, дохтыр кæй у. Афицер æм цыдæр сдзырдта, æмæ мæм æргуыбыр кодта. Йæ зæрды, æвæццæгæн, мæн басгарын уыд, цæфтæ дæн æви нæ, уый. Мæ уæлæдарæс иууылдæр уыд мæ сывæллæтты тугæй амæст. Цæфтæ куы уыдаин, уæд куыд нæ рыстаиккой, кæд мæ буар æппæтæй дæр æндзыг уыд, уæддæр. Æвæццæгæн, бомбæ нæ цуры куы срæмыгъта, уæд мæ йæ уылæн фехста.

Сылгоймаг мæм æркæстытæ кодта, æрæсгæрста мын мæ буар иууылдæр, æмæ афицерæн цыдæртæ адзырдта. Чи мæ æрбаласта фæндагмæ, уыцы дыууæ салдаты мыл схæц-схæц кæнынц, фæлæ мæ мæ къæхтæ нæ уромынц. Нæ сæ æнкъардтон, цыма мыл æппындæр къæхтæ нæй, афтæ. Афицер, æвæццæгæн, бамбæрста, контузи кæй фæдæн, уый æмæ мæ салдæттæн зæхмæ æруадзын кодта. Фæдзырдта дыууæ уацайраг сырхæфсæддонмæ, æмæ мæ уыдон, мæ дæлæрмттыл хæцгæйæ, иннæты рæнхъмæ бахастой. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ

уацайраг сырхæфсæддонтæ хурныгулæнырдæм араст сты. Кæрæдзи ивгæйæ мæ хастой. Æз дæр архайдтон мæ къæхтыл слæууыныл, фæлæ мæ коммæ нæ кастысты. Æрмæст дыккаг бон байдыдтон æнкъарын мæ къæхтæ мæ быны, æмæ, рæстæг куыд цыд, афтæ фидарæй-фидардæр кодта мæ къахдзæф. Фæндзæм бон бахызтыстæм Польшæйы арæнтыл, бахæццæ стæм æфсæнвæндаджы станцæ Холммæ. Ацы станцæйы мæ сæвæрдтой товартæ ласæн вагоны. Уыд сылгоймæгтæй йедзаг. Сæ фылдæр уыдысты украинæгтæ, æмæ мæ куы базыдтой, æз дæр се 'мбæстаг дæн, уый, уæд мын уайтагъд бынат авæрдтой. Стонг æмæ мæ фæллад сæ быны акодтой, æмæ, цы æрбадæн, уый нал базыдтон. Иурæстæг райхъал дæн æмæ бамбæрстон, мæ сæр кæйдæр хъæбысы кæй ис, уый. Скастæн æм, æмæ – æвзонг чызг. Райхъал дæн, уый куы бамбæрста, уæд мæм украинагау дзуры, цæмæй ма тыхсон æмæ дарддæр, йæ хъæбысы мæ сæр, афтæмæй мæ фæллад уадзон. Ницы йæм сдзырдтон, афтæмæй фæстæмæ тар фынæй бадæн. Иузаман мæ чызг йæхæдæг райхъал кодта. Æвæццæгæн, йæ зæнгтæ мæ сæры уæзæй бандзыг сты. Мæхиул схæцынмæ куыд хъавыдтæн, афтæ та мæм сдзырдта:

– Ма сыст. Мæнæн ницы у, мæ мады хай.

– Дæ цæрæнбон бирæ уæд! Гъе ныр ма мын зæгъ дæ ном, дæ мыггаг. Кæцон дæ?

– Мария Николаенко, Андрейы чызг. Дæн Украинæйæ, Черниговы облæсты горæт Ичняйæ.

Бафарстон, ацы æнамонд поездмæ куыдæй æрбахауд, уымæй, æмæ мын радзырдта:

– Мæ мадыхо Шацкы цæры, æмæ йæм каникулты арæх вæййын. Ацы аз дæр та йæм æрбацыдтæн. Ме 'намондæн, хæст райдыдта. Немыц горæт куы бацахстой, уæд хæдзæрттыл зилын байдытой æмæ, куыстхъом чи уыд, уыдон уынгмæ тардтой, рæнхъ сæ-иу слæууын кодтой, æмæ-иу тæлмацгæнæг бамбарын кодта: «Абонæй фæстæмæ сымах стут нæ дæлбар. Германы æфсæдты ныхмæ чи лæууа, сæ закъæттæ сын чи не 'ххæст кæна, уыдон иууылдæр цæудзысты мард! Германæн æххуыс кæнын хъæуы кусæг тыхæй. Гъе, æмæ сымах иууылдæр куыстхъом стут.

Ацы ныхæсты фæстæ нæ фосы тард ракодтой. Лидзынвæнд-иу чи скодта, уыдоны-иу фехстой. Æфсæнвæндаджы товарон станцæмæ нæ æрбатардтой æмæ нæ мæнæ ацы товарласæн вагæтты смидæг кодтой. Кæдæм нæ ласынц, уый бæрæг нæу.

Фæци йæ ныхас Мария æмæ ныхъхъус, йæ цæстытæ доны разылд-та, афтæмæй. Æз æй мæ хъæбысы æрбакодтон æмæ йын зæрдæтæ æвæрдтон, кæд нæ, зæгъын, Хуыцау бынтон нæ фесафид. Кæд нын фæтæригъæд кæнид... Поезд йæ цыдæй цæуы æмæ нæ æртыккаг бон горæт Освенцимы балæууын кодта. Уыцы рæстæг ничима зыдта, цавæр лагерь дзы арæзт ис, уый, уым милуангай адæмы зындоны арты кæй судздзысты, уый. Гъе, æмæ мах дæр ацы зæххон зындоны азары баха-удтам Марияимæ. Ам цытæ бавзæрстам æмæ федтам, уыдон мæ бон радзурын нæу. Ды дæр сæ æнæ зонгæ нæ уыдзынæ…

Æвæццæгæн, Хуыцау адæймаджы куы нæ мара, уæд ын мæлæт нæй. Мæ ирвæзæн бон уыд 1942 азы цыппæрæм июны. Уыцы бон райсомæй мах, сылгоймæгты радон къорд, цæттæ кодтой марынмæ. Мадард бæгънæг нæ скодтой, афтæмæй лæууыдыстæм. Мæ рахизфарс лæууыд Мария дæр, мæныл ныттыхстис, афтæмæй. Уалынмæ лагеры хицауад рацыдысты, семæ иу бæрзонд, хæрзконд бурхилзачъе лæг, афтæмæй. Бæрæг уыд, цыдæр стыр хицау кæнæ та хъæздыг лæг кæй уыд, уый. Йæ цæстытæ ахаста бæгънæг сылгоймæгтыл, стæй мæ разы æрлæууыд æмæ мæм йæ лæдзæгæй амоны, ома, мæнæ ацы сылгоймаг, зæгъгæ. Чи зыдта, сæ зæрды та цы æрæфтыд, уый. Æз мæлæтæй нæ тарстæн. Ам цы хъизæмæрттæ æййæфтой æгæстæ, уымæй мæлæт хуыздæр уыд. Æз тарстæн, мæ фарсмæ цы чызг зыр-зыр кодта, уымæн. Бур-зачеджыны амындмæ гæсгæ мæн рæнхъæй рацæуын кодтой. Мария мæнæй атонын нæ куымдта, æмæ йæм дыууæ салдаты фæлæбурдтой. Атыдтой йæ мæнæй æмæ йыл резинæ лæдзæгæй ралæууыдысты. Уыцы хъуыддаг уый куы ауыдта, уæд йæхи салдæттæм фæхъуынтъыз кодта. Баурæдта сæ æмæ лагеры хицауадимæ цыдæртæ адзырдта тæлмацгæнæджы æххуысæй. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ мæ здыхст уырыссаг æвзагыл бафарста, цавæр адæмыхаттæй дæн æмæ мын ацы чызг цы бавæййы, уымæй. Мария, йæ амондæн, уынд æмæ кондæй ме 'нгæс уыд. Уымæ гæсгæ, бирæ нæ хъуыды кæнгæйæ, загътон, мæ чызг у, зæгъгæ. Уый уæд лæдзæгæй Мариямæ дæр ацамыдта æмæ йæ мæ фарсмæ æрлæууын кодта. Нæ уæлæдарæс нын скæнын кодтой æмæ нæ лагерæй ракодтой.

Бурзачъеджын нæ машинæйы сбадын кодта æмæ нæ йæ хæдзармæ æрбаласта. Бакодта нæ стыр райдзаст уатмæ æмæ йæхæдæг, æнæ иу ныхас скæнгæйæ, уатæй рацыд. Цалынмæ ма иунæг уыдыстæм, уæдмæ Марияимæ баныхас кодтам, цæмæй мæ йæ мад хона.

Уалынмæ дуар байгом æмæ æрбахызт бæрзонд къæсхуыр сылгоймаг. Салам нын радта, стæй нæ фæрсын байдыдта:

– Кæцон, цы бæстаг, цавæр адæмыхатт стут? Уæ нæмттæ куыд хуыйнынц æмæ уæм цы дæсныйæдтæ ис?

Йæ фарстатæн ын дзуапп радтам, æмæ сæ йæхимæ ныффыста. Бадгæ нæ ныууагъта æмæ ацыд. Иучысыл рæстæджы фæстæ æрбацыд хæдзары хицауимæ æмæ нын тæлмац кодта, бурзачъеджын лæг цы дзырдта, уыдон: «Мæн дохтыр нæ хъæуы (æз та дохтыр дæн, терапевт). Мæн хъæуы, саукуыст чи кæна, ахæм адæм. Куыд кусат, уымæ гæсгæ уыдзæн уæ цард дæр».

Ацы ныхæсты фæстæ ацыд, æмæ æртæйæ баззадыстæм бадгæйæ. Сылгоймагимæ хæстæгдæр базонгæ стæм. Уый дæр разынд не 'мбæстаг, æрмæст Ныгуылæн Украинæйæ. Раджы баззад сидзæрæй æмæ æххуырстæй бацыд ацы панмæ. Йæ мыггаг уыд Шатравко, йæ ном та Паша, Пелагея Дмитрийы чызг. Пашæ нын радзырдта, цавæр хæдзармæ æрбахаудыстæм, цавæр адæймаг у пан йæхæдæг æмæ цавæр сты йæ бинонтæ, уыдæттæ. Нæ зæрдæтæ нæ барухс сты, цы хабæрттæ нын ракодта, уыдонæй. Бацамыдта нын, пан æмæ йæ бинонтимæ хи куыд дарын хъæуы: «Хуыцау уæ бахизæд сæ ныхмæ сдзурынæй. Цы дын кæнын кæной, уый куы нæ бакæнай, уæд дæ гуырæй райгæ у! Сты тынг æгъатыр бинонтæ лæгæй, усæй, цотæй. Нæлгоймæгтæм дæр æмæ сылгоймæгтæм дæр номæй сдзурыны размæ æфтауын хъæуы æнæмæнг пан æмæ пани. Чи уæ æрбаласта, уый у Польшæйыл хъуыстгонд лæг пан Казимир Неверковский. Йæ бинойнаг хуыйны пани Изольда. Ис сын дыууæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Ам, сæ фыды хæдзары, вæййынц стæмхатт. Кæстæр фырт цæры йæ ныййарджытимæ, ис ын бинонтæ. Тæригъæд нæ зонынц. Сæ иуы зæрдæ дыл куы фæхуда, уæд æппæт бинонтæн дæр æнæуынон фестдзынæ, æмæ уæд мацы хорздзинадмæ кæс æнхъæлмæ».

Пашæ нæ ракодта, цы уаты бадтыстæм, уырдыгæй æмæ нæ ахуыдта сылгоймæгты æмдзæрæнмæ. Пашæйæн æмдзæрæны йæхицæн уыдис уат. Радта нын хуыссæнгæрзтæ æмæ нæ акодта, йæ уатмæ хæстæгдæр цы афтид сынтæджытæ уыд, уыдоны размæ. Сынтæджытæм нын ацамыдта æмæ загъта: «Хуыцау уын сæ амондджын фæкæнæд!»

Уый фæстæ нын æхсæвæр бахæрын кодта. Бирæ фæбадтыстæм иумæ æмæ нын фæдзырдта, цы хъизæмæрттæ бавзæрста ацы хæдзары йæ 'рбацыдæй фæстæмæ, уыдон. Мах дæр Марияимæ хорзæй ницæмæ

æнхъæлмæ кастыстæм. Зыдтам, райсом нæ зындоны фæндæгтыл дарддæр кæй араст уыдзыстæм, уый. 1942 азы æхсæзæм июнæй 1945 азы цыппæрдæсæм январы онг Марияимæ цы зындзинæдтæ бавзæрстам уыцы удхор, тугцъир бинонты хæдзары, уыдон радзурын мæнæн мæ хъару нæу, æмæ мын бахатыр кæн.

Фæци йæ ныхас Клавдия, æмæ та йæ уæд ногæй бафарстон: «Пан йæхæдæг, йæ бинонтæ æмæ йæ исбон та цы баисты?»

– Сырх Æфсад Польшæйы арæнтæй куы æрбахызт, уæд афтæ тагъд бырстой размæ, æмæ канд немыцы æфсæдтæ нæ лыгъдысты сæ разæй, фæлæ хъæздыг æмæ, немыцы фарс чи хæцыд, уыдонæн дæр сæ сæр сæ кой сси. Нæ пан дæр æд бинонтæ æхсæвыгон алыгъдис немыцимæ, йæ бынат ныууагъта, афтæмæй. Кусæгæй йæм чи уыди, уыдон дæр, кæмæн куыд йæ бон уыдис, афтæ сæ сæртæ бафснайдтой. Баззадыстæм ма мах æртæйæ: Паша, æз æмæ Мария. Сырх Æфсад куы æрбацыдысты, уæд, панмæ фос æмæ хойрагæй цы уыд, уыдон иууылдæр аластой. Пашæ ма нæхицæн дуцгæ хъуг æмæ кæрчытæ ныууагъта æмæ уыдонæй цардыстæм, уыдоны 'руаджы æххормаг нæ уыдыстæм. Мах Марияимæ сфæнд кодтам ацæуын, фæлæ Пашæ нæ разы йæ уæрджытыл æрлæууыд æмæ нæ куырдта, цæмæй йæ иунæгæй ма ныууадзæм. Кæд, дам, исчи паны цотæй фæзынид, æмæ уæд ацæудзыстут. Фæтæригъæд ын кодтам æмæ нал ацыдыстæм. 1946 азы июны мæймæ дзы фæцардыстæм. Уæд фæзындысты паны сиахс æмæ йæ чызг. Уыдон нæ æрбаластой Краковы горæты Советон æфсæддон комендатурæмæ. Уым нæ цы хъуыд гæххæттæй, хæринагæй, уымæй нæ барæвдз кодтой æмæ нæ нæхи бæстæмæ рарвыстой. Гъе ныр, куыд уыныс, афтæмæй цæуын, кæд ма мæ исты амонд уа, уæд мæ фыды уæзæгыл сæмбæлынмæ…

Ууыл та Клавдия йæ ныхас фæци. Æз дзы хатыр ракуырдтон æмæ купемæ бацыдтæн. Булкъон йæ бинонтимæ бадт æмæ сывæллонимæ хъазыд. Æз дæр мæ бынаты æрбадтæн æмæ сæм иудзæвгар фæкастæн, стæй иуафон, булкъон купейæ куы рацыд, уæд æз дæр иуцалдæр минуты фæстæ тыргъмæ рацыдтæн, æмæ рудзынгмæ хæстæг æрлæууыдтæн.

– Хатыр мын бакæн, Владимир Иваны фырт, фæлæ мæ демæ ныхасаг ис. Кæд мын бар дæттыс, уæд дæ иу хъуыддагæй бафæрсон.

Булкъон мæм цымыдисхуызæй каст.

– Владимир Иваны фырт, зæгъ-ма, дæ хорзæхæй, искуы зыдтай, Корниенко Клавдия Степаны чызг чи хуындис, ахæм сылгоймаджы?

Лæг хæрдмæ фæхауд. Йæ сæр нынкъуыста æмæ мын мæ цæстытæм

ӕдзынӕг ныккаст. Иуцасдӕр рӕстӕг йӕ бон сдзурын нӕ бацис, стӕй мӕ афарста:

– Ӕмӕ йӕ ды та кӕцӕй зоныс?! –Йӕ къухтӕй йӕ сӕрмӕ фӕлӕбурдта, йӕ мидбынаты цъилау ныззылд ӕмӕ мын ме уӕхскыл ӕрхӕцыд. Мӕ дыууӕ цӕстмӕ мын ӕдзынӕг ныккаст ӕмӕ мӕ ногӕй афарста:

– Зӕгъ-ма мын, ӕгас у ӕви нӕ?! Кӕд ӕгас у, уӕд кӕм ис?! Кӕм ӕй ссарон?!»

– Клавдия у удӕгас ӕмӕ йӕ агурын дӕр нӕ хъӕуы. Ацы вагоны ис!

Булкъон йӕ хъӕлӕсы дзаг ныхъхъӕр кодта:

– Ӕгас у! Клавдия ӕгас у! Стӕй мӕнырдӕм фӕзылди ӕмӕ мӕ афарста: – Кӕм ис? Фенын ма мын ӕй кӕн!

Ӕз фӕраст дӕн, Клавдия цы тамбуры уыдис, уырдӕм. Булкъон дӕр мӕ фӕстӕ. Бакодтон тамбуры дуар, ӕмӕ Клавдия пъолыл уадзыгӕй хуыссы. Булкъонимӕ йӕ систам ӕмӕ йӕ купемӕ бахастам. Ӕрхуыссын ӕй кодтам. Иу-дӕс минуты рацыдаид, афтӕ Клавдия йӕхимӕ ӕрцыд, ӕмӕ, йӕ лӕджы куы ауыдта, уӕд йӕ хъӕлӕсы дзаг хъӕрӕй ныккуыдта. Булкъон ӕй йӕ хъӕбысмӕ систа ӕмӕ дыууӕйӕ дӕр сӕ цӕссыгтӕй сӕхи ӕхсадтой. Ацы диссагӕн дзуринаг хабар айхъуыст, фыццаг, нӕхи вагоны чи цыд, уыцы бӕлцццӕттыл, стӕй ӕнӕхъӕн поезды цӕуджытыл дӕр, ӕмӕ нӕ вагоны тыргъы къах ӕрӕвӕрӕн нал уыд. Сӕ кӕуынмӕ адӕм дӕр сӕ цӕстысыг калдтой.

Бӕлццӕттӕ сӕ вагӕттӕм ацыдысты. Ӕз дӕр тыргъмӕ рацыдтӕн, ӕмӕ бинонтӕ сӕхӕдӕг баззадысты. Рацыдаид дыууӕ сахаты бӕрц, афтӕ булкъон дӕр рацыд. Мӕн куы ауыдта, уӕд мӕм ӕрбацыд ӕмӕ мын зӕрдиаг хъӕбыс ныккодта. Ссыгъта тамако. Арф ныуулӕфыд ӕмӕ загъта:

– Ӕз абоны онг Хуыцауыл не 'ууӕндыдтӕн, фӕлӕ йыл ныр ӕй фӕстӕмӕ куыд нӕ ӕууӕндон хъуамӕ! Уый дӕ ӕрбарвыста ардӕм мах амондӕн, цӕмӕй мын тынг зынаргъ ӕмӕ уарзон чи у, уыцы бинойнагимӕ ногӕй сӕмбӕлон. Куыд дын раарфӕ кӕнон, уый нӕ зонын.

Йӕ цонгыл йӕ сахатмӕ февнӕлдта, йӕ зӕрды йӕ уыд мӕнӕн балӕвар кӕнын, фӕлӕ йӕ ӕз ской дӕр нӕ бауагътон:

– Уый абонӕй фӕстӕмӕ Клавдияимӕ уӕ царды амондджын бонтӕ нымайа хъуамӕ!

Ӕвӕццӕгӕн, булкъонӕн йӕ фӕсонӕрхӕджы дӕр нӕ уыд, йӕ лӕвар ын нӕ райсдзынӕн, уый, ӕмӕ иудзӕвгар рӕстӕг йӕ дзыхӕй ныхас нал

схауд. Ӕдзынæг мæм каст, æмæ, цы загътаид, уый нæ зыдта, стæй мæм йæ къух радта, йæ хъæбысы та мæ ныккодта æмæ загъта:

– Ды махæн Клавдяимæ æцæгæй дæр Хуыцауæй æрвыст адæймаг дæ. Абонæй фæстæмæ ды махæн уыдзынæ нæ кæстæр æфсымæр. Ныр цом мидæмæ æмæ аныхас кæнæм.

Уыйадыл купемæ бацыдыстæм æмæ Клавдияйы фынæйæ баййæфтам, йæ цуры бадт булкъонæн йæ дыккаг ус, йæ сывæллон йæ хъæбысы, афтæмæй. Ӕз булкъонмæ къухæй ацамыдтон, фæстæмæ цом, зæгъгæ. Мæ ныхасыл уæлдай ницыуал загъта, æмæ тыргъмæ рацыдыстæм. Иучысыл рæстæг куы рацыди, уæд æй бафарстон, дарддæр дæ зæрды цы ис, зæгъгæ. Загъта:

– Клавдия йæ фæллад куы суадза, уæд, ды дæр нæ цуры куыд уай, афтæмæй аныхас кæндзыстæм. Мæн уал ныр фæнды Валентинæ Петровнæимæ аныхас кæнын (афтæ хуынд булкъонæн йæ дыккаг бинойнаг).

Уыд фæндзæм сахат. Райсом сихорыл бахæццæ уыдзæн нæ поезд Харьковмæ. Ам æз сбаддзынæн, Ростовы 'рдæм цы поезд цæуы, уым. Булкъон Смирнов йæ бинонтимæ йæ фæндаг дардзæн дарддæр Мæскуыйы 'рдæм. Хъуыдыты аныгъуылдтæн. Уæдæ, зæгъын, ацы æхсæв Смирновы бинонтæ цы уынаффæ бакæндзысты сæ дарддæры цардæн? Цæуыл ахицæн уыдзæн ацы диссагæн дзуринаг æнæнхъæлæджы фембæлд? Смирнов Клавдияйы тынг кæй уарзы, уый гуырысхойаг нæу. Фæлæ цы кæндзæн йæ дыккаг усæн та? Афтæтæ хъуыды кæнгæйæ, нæ бамбæрстон, булкъон Смирнов купейæ кæд рацыд, уый, цалынмæ мæм йæхæдæг сдзырдта, уæдмæ:

– Цæуыл ныхъхъуыды кодтай, Аслан Дмитрийы фырт? Ӕз дæм рагæй кæсын, æмæ мæм дæ хъуыдытæ халын нæ цыд. Клавдия райхъал, æмæ цом иумæ абадæм, аныхас кæнæм. Не 'ппæты дæр, немæ уай, уый фæнды.

Сразы дæн æмæ купемæ бацыдтæн булкъонимæ. Клавдия йæ фæллад куы суагъта, йæ хъизæмæрттæ куы фæкъаддæр сты, уыд йæ цæсгом уыйбæрц аивта, æмæ йын базонæн нал уыд. Йæ фарсмæ мæ сбадын кодта æмæ загъта:

– Мæнæн æфсымæр нæй, фæлæ мын Хуыцау йæ бæсты дæу балæвар кодта, æмæ, цалынмæ цæрон, уæдмæ дæм æфсымæры зæрдæ дардзынæн. – Ӕмæ мын ныхъхъæбыс кодта, йæ цæстытæ доны разылдта, афтæмæй.

Валентинæ Петры чызг фынг æрæвæрдта æмæ æхсæвы дæс сахатмæ фæбадтыстæм. Стæй æз Клавдияйы бынатмæ схызтæн æмæ уым бафынæй кодтон. Аходæн дæр та иумæ скодтам. Булкъонимæ нæ адристæ кæрæдзийæн радтам.

Сихорыл нæ поезд æрлæууыд Харьковы æфсæнвæндаджы вагзалы. Зæрдиаг хъæбыстæ мын фæкодтой Клавдия æмæ Владимир Иваны фырт. Кæрæдзийæн хæрзбон загътам, æмæ вагзалмæ ацыдтæн. Мæ билет, Ростовмæ цы поезд цыд, уырдæм саразтон, æмæ фæссихор æртæ сахатыл поезд араст. Иу мæйы фæстæ Клавдия æмæ Володяйæ райстон фыстæг ме 'фсæддон хаймæ. Ныффыстой мæм, сæ дарддæры цардарæзтæн цы уынаффæ бакодтой, уыдæттæ.

Цæвиттон, æз Харьковы поездæй куы рахызтæн, уæд Клавдия дæр рахизынвæнд скодта, æмæ уæд Валентинæ загъта:

– Æз дæ Хуыцауæй курæгау курын, Клавдия, афтæ ма бакæн. Не 'ртæ дæр, растдæр куыд уыдзæн, афтæ бакæнæм. Хуыцауы коммæ бакæсæм. Бирæ хъизæмæртты фæстæ уæ Хуыцау ногæй баиу кодта, æмæ ма уын цы царды бонтæ ис, уыдон, кæрæдзи уарзгæйæ, иумæ арвитут! Мæ мæт ма кæнут. Æз сымахæй æрыгондæр дæн æмæ, Хуыцау куыд зæгъа, мæ дарддæры хъысмæт афтæ уыдзæн.

Валентинæ ма загъта, цæмæй иууылдæр иумæ ацæуæм Владимиры мадмæ горæт Пушкиномæ. Йæ фæндоныл сразы сты Клавдия æмæ Владимир дæр. Æртæйæ дæр Владимиры отпусчы рæстæг арвыстой Пушкинойы. Владимир æмæ Клавдия уый фæстæ Германмæ ацыдысты. 1948 азы Владимир отставкæйы рацыд, йе 'нæниздзинад æвзæрæй-æвзæрдæр кæй кодта, уымæ гæсгæ. Валентинæ та баззад цæргæ Владимиры мадимæ. Иу афæдзы фæстæ мой скодта, æмæ йæ лæгимæ Ленинградмæ алыгъдысты, лæппуйы дæр семæ акодтой, афтæмæй. 1958 азы Клавдия амардис. Владимир Иваны фырт иунæгæй баззад. Фæстаг писмо ма дзы райстон 1961 азы июлы. 1962 азы ноябры уый дæр амардис. Валентинæйæн йæ лæг амард, æмæ йæ Владимир, æгас ма куы уыд, уæд æрбаласта Ленинградæй, æмæ йæ амæлæты онг иумæ фæцардысты. Уый фæстæ йæ хæдзары цардысты Валентинæ йæ фырт Борисимæ. Владимиры амардæй фæстæмæ уыцы бинонтимæ нæ бастдзинад аскъуыд.

Гъе, афтæ рауадысты ацы бинонты хабæрттæ, фæлæ ма уын хъуамæ ноджыдæр иу хабар радзурон. Чи зоны, æмæ зын бауырнæн дæр у, фæлæ царды бирæ диссæгтæ æрцæуы. Краснодары крайы горæттæ

æмæ станицæтæ знагæй уæгъд кæнгæйæ, не 'фсæддон хаймæ æрбахауд Гулькевичы районæй салдат Алексей Иваны фырт Борщ. Иу взводы, иу батальоны æмæ иу полчъы хæцгæ, фæцыдыстæм Будапешты онг. Будапешт ист æрцыд 1945 азы æртындæсæм февралы, æмæ нын нæ полкъ арвыстой фыццæгæм Хурыскæсæн фронтмæ. Ацы ран Японы ныхмæ хæст куы фæцис, уæд нын 1946 азы июны нæ полкъ арвыстой Львовы æфсæддон зылдмæ. Ам Алексей суæгъд, куыд хæсты инвалид, афтæ. Хæст нæма фæцис, фæлæ Украинæ немыцæй куы ссæрибар, уæд Алексейы фыд æмæ мад æд сывæллæттæ Гулькевичы районæй Украинæмæ, горæт Ичнямæ аивтой.

Алексей дæр уырдæм ацыд. Скодта бинонтæ. Райгуырд сын дыууæ лæппуйы, фæлæ йæ бинойнагимæ сæ цард нæ ацыд, æмæ ахицæн сты. Ракуырдта дыккаг ус Николаенко Марияйы. Куыд бамбæрстат, афтæмæй Мария, Клавдияимæ цы чызг уыд Польшæйы, пан Казимирмæ æххуырстæй, уый разынд. Уый та æз базыдтон 1961 азы. Уæд райстон писмо Алексейæ. Уый фæндыд йæ бинонтимæ мæн фенын, æмæ мæм ссыдысты. Ам сæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ сын, Хъæдгæроны мын цы хæдзар ис, уый радтон. Алексейы Хъæдгæроны долапи* куыройы мерошникæй* райсын кодтон, æмæ дзы фæкуыста 1965 азмæ. Уыцы аз апрелы фæрынчын, æмæ йæ Орджоникидзейы рынчындоны сæвæрдтон, фæлæ нал фервæзт – йæ цæфтæй амард. Баныгæдтон æй ирон æгъдаумæ гæсгæ Ирыхъæуы уæлмæрды. Марияйы æрцæрын кодтон фатеры, нæхæдæг кæм цæрæм, уыцы кæрты. 1981 азы фæрынчын æмæ амард. Уый дæр баныгæдтон. Мария æмæ Клавдия кæрæдзи нал федтой, фæлæ, цалынмæ Клавдия æгас уыд, уæдмæ кæрæдзимæ писмотæ фыстой.

Гъе, ахæм æнæнхъæлæджы фембæлдтытæ уыд мæ цардвæндагыл…

---

*Долапи – сæмæнтæгæнттæй ссæг стыр куырой. – (Ред.)
*Мерошникæй – ссад мæртæй барæг. – (Ред.)




*МАМИАТЫ Михал*

# ИРОН АДÆМЫ ТРАДИЦИОН КЪÆЛИНДАР КУЫД АЛАЙНАГ РÆСТДИНÆЙ БАЗЗАЙГÆ ХÆЗНА

Æрвон рухсгæнæнтæ хур æмæ мæйы цыды бындурыл арæзт традицион къæлиндар нымайынц, æмбал кæмæн нæй, адæмон культурæйы ахæм фæзындыл. Нæ фыдæлты царды уый уыди рæстæг системон æгъдауæй хынцыны ахъаззаг фæрæз. Уымæй уæлдай ма традицион къæлиндар æвдыста æхсæнады истори, йæ культурæйы ивддзинæдтæ, дины æмбарынад æмæ хицæндзинæдтæ, хæдзарадон æмæ цардыуагон æууæлтæ. Афтæ куы зæгъæм, нырыккон паддзахадон æмæ дины къæлиндартæ, бирæ фæлтæртæ кæй арæзтой æмæ кæмæй пайда кодтой, уыцы рагон традицион къæлиндарты бындурыл арæзт сты, зæгъгæ, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Традицион къæлиндар консервативон у, стæй, кæд ыл се 'ндæвдад бæлвырдæй зыны, уæддæр ницавæр идеологион системæтимæ баст у. Уый хицæн цаутæ нæ, фæлæ, æнусты дæргъы æхсæнады цы тенденцитæ сфидар вæййы, уыдон æвдисы.

Паддзахадон къæлиндары хæс у идеологион æгъдауæй ахадгæ цаутæ «зæрдыл дарын» æмæ сæ æхсæнады «зæрдыл лæууын кæнын». Ахæм къæлиндартæн, традицион къæлиндаримæ абаргæйæ, бирæ цæрæнбон нæй. Уыдон азæй-азмæ ивгæ цæуынц кæнæ фесæфынц сæ раттæг паддзахæдтæ æмæ идеологитимæ, традицион къæлиндартæ та паддзахæдты бындурзылды фæстæ дæр мингай азты дæргъы æнцад-æнцойæ цæрынц адæмы 'хсæн. Кæд уыдон дæр рæстæгимæ иумæ ивынц, уæддæр сæ ратæдзæнимæ се 'рдзон бастдзинад нæ халынц æмæ, цадæггай мигъвæлмы чи бацæуы, Хуыцау æмæ зæххон цард йæхирдыгонау чи æмбарын кæны, уыцы ивгъуыд бæлвырдæй æвдисынц. Рагон къæлиндары фыссыны сæр нæ хъæуы. Уый фесæфы æрмæстдæр йæ адæмимæ, уыцы къæлиндармæ гæсгæ цæрæг æхсæнад куы бацарæфтыд вæййы кæнæ та йæ фыдæлты фæткыл йæ къух куы сисы æмæ уыцы хуызы куы аивы, уæд. Афтæ куы рауайы, уæд рагон къæлиндарæй пайда кæнын райдайынц искæдæй-искæдмæ æмæ йæ фæстагмæ ферох кæнынц, æрмæст ма фыстæй баззайы. Цыбыр дзырдæй, адæмон къæлиндар йæ нысаниуæг фесафы æмæ свæййы ивгъуыды цымыдисаг экспонат æмæ зонадон æгъдауæй иртасынады объект.

Традицион æмбарынад æмæ мифологион хъуыдыкæнынады хицæуттæ кæй сарæзтой æмæ æнусты дæргъы кæмæй пайда кодтой, уыцы рæстæгхынцæн системæ ныр ахуыр кæнынц, техногенон цивилизацийы чи схъомыл æмæ рационалон дунембарынадæй чи хицæн кæны, уыцы уазалзонд прагматиктæ. Дæсны иртасджытæн сæ къухы æфты традицион къæлиндарон культурæйы хицæн хæйтты нысаниуæг раргом кæнын æмæ йын цадæггай йæ иумæйаг мидис равдисын алыхуызон историон дугты. Фæлæ, хъыгагæн, нырма дæр мах нæма фервæзтыстæм советон идеологийы уацарæй. Уый та, куыд зонæм, афтæмæй ирон къæлиндар нымадта,  муртаттаг æмбарынæдтимæ чи сæмтъеры ис, ахæм хæрз хуымæтæг хъæууонхæдзарадон фæткаразæг фæрæзыл.

Арæх адæмон къæлиндар амоныны хæс сæхимæ райсынц, бæлвырдæй йæ чи нæ зоны, ахæм адæймæгтæ æмæ ныфсджынæй рæгъмæ рахæссынц сæ уæлæнгай хатдзæгтæ. Уыцы хатдзæгтæ адих кæнæн ис дыууæ сæйраг къордыл: а) хицæн чырыстон æууæлтæ цы бæрæгбонтæ æмæ семæ баст фæткæн ис, уыдон сты чырыстон рæстдин бæрæгбонтæ; б) нæ бæрæгбонтæ чырыстон динмæ ницы бар дарынц.

Кæй зæгъын æй хъæуы, дыууæ хъуыдыйы дæр раст не сты: наукæ,

аргъуан æмæ ирон традицион культурæйы цæстæй сæм куы æркæсай, уæд семæ сразы уæвæн нæй.

Ахсджиаг у, нырыккон цивилизациимæ чи баиу ис, уыцы ирон æхсæнады абоны онг дæр традицион къæлиндарæй кæй пайда кæнынц, уый. Кæд æмæ йæ ахадындзинад зынгæ фæкъаддæр, уæддæр, цардыуаджы фæлгæттæй уæрæхдæр уæвгæйæ, уый у национ æмæ культурон иудзинады нысан. Журналон уацы арæнтæ фадат нæ дæттынц, уыцы къæлиндар ахуыр кæнын æмæ иртасынимæ баст фарстатæ лыстæг равзарынæн. Уымæ гæсгæ йын цыбырæй зæгъæм йæ чырыстон хайы тыххæй.

* * *

Ирон адæмы бæрæгбонтыл нæ цæст куы ахæссæм, уæд цыдæр статистикон хатдзæгмæ æрцæуæн ис. Æгас Ирыстоны дæр кæй кодтой, уыцы фæндзай бæрæгбонæн (зæгъæм, Дзири, Цыргъобау, Тхост æмæ æнд.) се 'мбис сæ рæстæгмæ гæсгæ æмбаст сты аргъуаны къæлиндары нысангонд бæрæгбонтимæ. Ирон бæрæгбонты æртыккаг хай та, куыд хуыйнынц, уымæй, гъе та, кæй номыл сты, уымæ гæсгæ Рæстдинимæ баст сты, фæлæ комкоммæ аргъуаны къæлиндармæ ницы бар дарынц: зæгъæм, абон дæр адæм стыр кад кæмæн кæнынц, уыцы Джерыдзуар, кæнæ Джеры Уастырджи. Йæ кувæн бонтæ райдайынц августы фæстаг хуыцаубоны, æмæ йæм Джеры хъæумæ, сыгъдæг Георгийы рагон аргъуанмæ, æрæмбырд вæййы тынг бирæ дзыллæ. Традицион къæлиндары цы стыр бонты тыххæй дзырдæуы, уыдонæн сæ 20 % сты хъæууон хæдзарад æмæ марды кæндтимæ баст, стæй мыггæгты бæрæгбонтæ (*Къутугæнæн*, *Мæрдты бадæн*, *Наф*) дæр аргъуаны къæлиндармæ ницы бар дарынц.

Алайнаг паддзахад йæ хъаруйы куы уыд æмæ уый фæстæ куы æрлæмæгъ и, уæдмæ Рæстдин Аргъуаны бæрæгбонты цикл йе 'ххæст хуыз райста. X–XII æнусты Аланийы, рæстдиныл хæст хъомысджын паддзахады, аргъуаны къæлиндарæн уыди паддзахадон нысаниуæг. Уыцы иу рæстæг фæзынди аргъуаны-паддзахадон къæлиндары адæмон хуыз дæр, æмæ уый дзуры, адæмы 'хсæн чырыстон дин кæй ахæлиу, ууыл. Адæмон къæлиндар канд астæуккаг азты рæстдин культурæ не 'вдисы, уый ма йæ мидæг хæссы, аллонтæ чырыстон дин куы нæма райстой, сæ уыцы ивгъуыдыл дзурæг дзæвгар æрмæг дæр.

Æркæсæм чырыстон аргъуаны къæлиндаримæ æмбаст бæрæгбонтæм. Уыдон сты: *Куадзæн* (Чырыстийы Рухсрайгас)*; Цыппурс* (Чырыстийы Рухсрайгуырд); *Донысктъæфæн* (Чырыстийы Рухсаргъуыд); *Зазхæссæн* (Йесо Чырыстийы Бацыд Иерусалиммæ); Зæрдæвæрæн (Йесо Чырыстийы Уæларвмæссыд); *Кæрдæгхæссæн* (Сыгъдæг Æртæиуоны бон); *Майрæмы Куадзæн* (Иуууылрухс Хуыцауныййарæджы Æрæнцад); Стыр комдарæнимæ баст *Комахсæн* (уымæ хауынц *Фыдыкомбæттæн* æмæ *Урсы къуыри)*; *Комдарæн*; *Стыр Тутыртæ* (Феодор Тироны бæрæгбон); *Лауызгæнæнтæ* (Ныййарджыты сабаттæ); сыгъдæджыты мысæн бонтимæ æмбаст – *Басылтæ* (сыгъдæг Стыр Басил), *Фæлвæрайы æхсæв* (сыгъдæг Флор æмæ Лавр), *Хуарз Никколæ* (Диссæгтæвдисæг Никъалайы Стджыты Бахаст Бармæ), *Фыдыуани* (Раздзæуæг Иоаны Сæракъуырд) æмæ æндæртæ.

* * *

***Цыппурс*** кæддæриддæр вæййы 25 декабры æхсæв (ног нымадæй – 7 январы), растдæриддæр Чырыстийы Рухсрайгуырды æхсæв. 1900 азы Цыппурсы бæрæгбоны зындгонд æрфысты (Садон) дзырдæуы, хистæр йæ куывды «æртæ æнæфæхицæнгæнгæ хуры» кой кæй скодта, стæй уый фæстæ, хицæнæй ныхасгæнгæйæ, кæй бамбарын кодта: «Абоны куывдтытæ комкоммæ цæуынц æртæхурон Хуыцаумæ». Ацы ран æнцонæй раиртасæн ис, хур æмæ хурæй гуырд арт трансцендентон кæй сты, уыцы рагон ариаг, чырыстон дины размæйы æмбарынад. Уыцы æмбарынад зыны, зæгъæм, легендарон къарол Артуры номы дæр (Абайты Васойы этимологимæ гæсгæ йæ равзæрæн – *artxuron* «арт хурон»). Иннæрдыгæй та, ацы ран дызæрдыггаг нæу Сыгъдæг Æртæиуонимæ баст рæстдинон догмæты æндæвдад дæр: Хуыцауы æртæиуондзинад Аргъуаны хистæртæ, зындгонд куыд у, афтæмæй барстой, иу уæвгæйæ, æртæ чи у – æрвон буар, рухс æмæ хъарм, – уыцы хуримæ.

Боныцъæхтыл æртытæ кæныны фæткæн цы мидис и, уый тыххæй хъæуы цæрджытæй иутæ бæлвырд ницы загътой, иннæтæн та уый уыди ноггуырд Чырыстийы схъарм кæнынмæ тырныны æмæ хуыцауон сабийыл цин кæныны нысан. Æвæццæгæн, уыцы æгъдауæн йæ фыццаг мидис ферох и. Куыд æй æмбарын кодтой, уый та ууыл дзурæг у, æмæ, капитализм кæм фæуæлахиз, уыцы ирон æхсæнады аргъуаны ахадындзинад сырæзт, фæлæ уæддæр рагон традициимæ бастдзинад нæ фехæлди.

Цыппурсы бæрæгбоны ном цæуы архаикон нымæцон ***цуппор***-æй. Баст у, Чырыстийы Рухсрайгуырды размæ Рæстдин Аргъуан цыппор боны дæргъы ком кæй дары, уыцы æууæлимæ. Цыппурсы бæрæгбоны  Ирыстоны ком кæй дардтой, уый фæдыл æппæты рагондæр æвдисæнтæ хауынц XVIII æнусы æмбисмæ, ома, Уырысы империйы хъæппæрисæй миссионерты архайд куы райдыдта, уый агъоммæйы рæстæгмæ. Бæрæгбон рагон кæй у, ууыл дзуры йæ архаикон ном дæр.

Цымыдисаг уый у, æмæ ахæм ахадгæ цау – Йесо Чырыстийы, Хуыцауы Фырты, Райгуырд – нысангонд цæуы, æрмæстдæр ком дарыны рæстæджы дæргъад чи амоны, ахæм дзырдæй (зæгъæм, уырыссаг традицийы та комдарыны рæстæг хонынц кæронбæттæны стыр бæрæгбоны номæй – Чырыстийы Рухсрайгуырды комдарæн). Ацы фиппаинаг хауы рæстдин бæрæгбонтимæ баст æндæр традицион стыр бонтæм дæр.

***Донысскъæфæн*** дæр Цыппурсау кæддæриддæр вæййы уыцы иу бон – 6 (ног нымадæй – 19) январы, ома æрхауы Чырыстийы Рухсаргъуыды бонмæ. Бæрæгбонæн йæ ном дæр йæ уæлæ ис: кæстæр чындзытæ æмæ чындздзон чызджытæн сæумæрайсом æмбæлди суадонæй дон æрбаскъæфын. Уыцы дон нымад уыди сакралон æгъдауæй сыгъдæгыл, æмæ-иу дзы сæ хæдзæрттæ æмæ кæртыты, се 'ппæт змæлæнтæ æмæ сæ фосы бынæтты æнæмæнг бапырх кодтой, аргъуыды донæй, рæстдин фæткмæ гæсгæ, куыд бапырх кæнынц, афтæ.

Фæлæ уымæй уæлдай Донысскъæфæн æмæ Чырыстийы Рухсаргъуыды бæрæгбонтæм æмхуызонæй ницы ис. Адæмон къæлиндар ном раттынæй йæ хæс ахицæн кодта, Аргъуан цы цау мысы, уый аккаг стыр мидис дзы нæ бауагъта æмæ йын уый аккаг кад не скодта.

***Куадзæн***, ома «комуадзæн», кæддæриддæр æрхауы хуыцаубонмæ æмæ фæнысан кæны дæргъвæтин æмæ, тызмæг хæххон уавæрты йæ уромын æнцонтæй кæмæн нæ уыд, уыцы комдарæны кæрон. Цæхæркалгæ æмæ цардæфсæст астæуккагæнусон Аланийы, Куадзæн цы бонмæ хауы, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, бæрæг кодтой Аргъуаны нымадмæ гæсгæ. Фæлæ сæ паддзахады бацарæфтыды фæстæ дæр нæ фыдæлтæ мадзал ссардтой йæ нымайынæн: Цыппурсæй иу къуыри фæстæдæр бæрæг кодтой *Ногбон*, кæнæ *Анзисæр*. Æндæр номæй дæр ма йæ хуыдтой – *Басылтæ*, ома сыгъдæг Басилы мысæн бон (Ногбонау уый дæр хауд 1 январьмæ, зæронд нымадæй, уымæ гæсгæ азы фыццаг мæйыл дæр дыгуронау ныффидар ис  *Басилти мæйæ.*)

Ногбонæй-иу 5–7 къуырийы фæстæдæр (ног мæй арвыл кæд фæзындаид, уымæ гæсгæ) райдыдта *Комахсæн*; Комахсæнæй дыууæ къуырийы фæстæдæр – *Комдарæн*, Комдарæн-иу ахаста авд къуырийы, æмæ-иу йæ хæдфæстæ, фыццаг хуыцаубоны, уыди Куадзæн. Куадзæны бон ног мæймæ гæсгæ нымайгæйæ, нæ фыдæлтæ бирæ нæ рæдыдысты. Сæйраг уый у, æмæ адæмон къæлиндар хыгъдмæ исы куыд хуры, афтæ мæйы зылд дæр, æмæ йыл зыны византиаг къæлиндарон традицийыл æнувыддзинад.

*Куадзæн* хицæнæй лæууæг стыр бон нæ, фæлæ рæстæджы цыппармæйон скъуыддзаджы бæрзæнд у. Дызæрдыггаг нæу, уыцы æууæл ын кæй у рæстдин къæлиндары бынтæй, бæлвырддæр дзургæйæ та, йæ ахсджиагдæр – Куадзæны – циклæй.

* * *

Аргъуаны къæлиндары Куадзæны циклы ис: Стыр комдарæнмæ цæттæгæнæн æртæ къуырийы дæрддзæг; Сыгъдæг цыппорон æмæ Утæхсæн æвдбойнон; Чырыстийы Рухсрайгас æмæ авдкъуырион дæрддзæг Куадзæнæй Æппæт сыгъдæджыты бæрæгбонмæ. Цæттæгæнæн рæстæджы цыппар хуыцаубоны (къуырийы) хæссынц сæ нæмтты мидисы уæз: Хъалонисæг æмæ фарисейы къуыри, йæ фæстæ – иугуыр æвдбойнон; Хæтæг фырты къуыри æмæ Фыдыкомахсæн Æппæтдунеон ныййарджыты сабатимæ; Карз тæрхоны къуыри æмæ Урсы къуыри, стæй, æппынфæстаг, Адамы дзæнæтæй ратарды мысæн къуыри – Хатыркурæн хуыцаубон. Уый фæстæ ралæууы Стыр комдарæны фыццаг æвдбойнон.

Абарыны охыл æркæсæм традицион ирон къæлиндармæ.

Комахсæны дыууæ къуырийы фыццаг хуыйны ***Фыдыкомбæттæн***. Ирон традицийы дæр Аргъуаны традицийау уый у Комдарæны размæ фæстаг къуыри, æмæ дзидза хæрæн ис. Фыдыкомбæттæны сабатыиу ссардтой мæрдты ном. Афтæ æмбæлы Аргъуаны къæлиндармæ гæсгæ дæр – Фыдыкомбæттæн ахицæн вæййы Æппæтдунеон ныййарджыты сабатæй.

Комахсæны дыккаг къуыри хуыйны ***Урсы къуыри***, æмæ урссаг хæрыны бар ис. Урсы къуырийы хæдфæстæ, къуырисæры, райдайы Комдарæн. Йæ фыццаг æртæ боны хуыйнынц *Стыр Тутыртæ*. Уыдон нымадтой сабырдзинад æмæ фарны бонтыл, æмæ адæймаг фыдракæндæй хъуамæ йæхи хызтаид, нæ уыди туг исыны бар

дæр. Уыцы бонты-иу цы сомы бакодтой, цы дзырд радтой, уымæн уыди уæлдай нысаниуæг. Бирæгъты бардуаг Тутыры ном цæуы стырхъизæмаргæнæг Феодор Тироны номæй. Тироны номарæн бон вæййы Стыр комдарæны фыццаг æвдбойноны сабаты. Ацы ран дæр та чырыстон традици (Хатыркурыны хуыцаубон – Феодор Тироны фæлгонц æмæ йæ номарæн бон) æмæ чырыстон дины размæйы (бирæгъты бардуаджы фæлгонц) традици баиу сты.

Куыд уынæм, афтæмæй цæттæгæнæн рæстæг адæмон къæлиндары дыууæ къуыриййы онг фæцыбыр. Уыцы дыууæ къуыриййæн сæ мидис зынгæ фæхуымæтæгдæр, фæлæ уыйхыгъд семæ баст æгъдау та раздæры хуызæнæй баззади – Комдарæны размæ адæм сойагæй сæхи хизын райдайынц, уыцы рæстæджы нал фæкæнынц цины хабæрттæ дæр. Фæлæ уæддæр ам æрмæст фæтк бахъахъхъæнынил нæ цæуы дзырд. Дæнцæгæн æрхæссынæн *Тутыртæ* дæр, зæгъæм, фаг сты: æртæбойнон бæрæгбоны карз марходард æмæ хионмæ уарзондзинад æмткæй æвдисы, Стыр комдарæнимæ йæ чи иу кæны, Тутырты уыцы сакралон мидис. Уыцы бæрæгбон зæрдыл æрлæууын кæны Аргъуаны традици: Стыр комдарæны фыццаг æртæ боны хъæрæй фæкæсынц иуыылхæрзæнгæс Андрей Критскийы Стырфæсмоны канон.

Комдарæны дыккаг къуыриййы сабаты вæййы мæрдты бон – Фыццаг лауызгæнæн. Дыккаг хатт мæрдты ном ссарынц къуыриййы фæстæ – Комдарæны æртыккаг къуыриййы сабаты. Уый хуыйны *Дыккаг / Фæстаг лауызгæнæн. Уыцы бæрæгбæттæ сты Стыр комдарæны дыккаг æмæ æртыккаг къуыриты Ныййарджыты сабатты хуызæн.*

Комдарæны æхсæзæм къуыриййы сабат æмæ хуыцаубонмæ хауы ***Зазхæссæн / Назуихист***. Уый у мæрдты бон, Бадæнты æнгæс. Зазхæссæны æгъдауы ахсджиаг у æнусонцъæх бæлæстæй – назы тала, зазы къалиуæй – спайда кæнын. Уыдоны æмрæнхъ-иу скодтой ***æлæм*** дæр (В. Ф. Миллер куыд фыссы, афтæмæй уый уыди «дзуарæвæрд хъилтæй арæзт дзуар кæнæ дины тырысайы æнгæс цыдæр ахæм, æндæхты руаджы-иу ыл æрцауыгътой адджын гуылтæ, дыргътæ, æнгузтæ æмæ къафеттæ»).

Аргъуаны къæлиндармæ гæсгæ Стыр комдарæны æхсæзæм хуыцаубоны бæрæг кодтой афæдзы дыууадæс ахсджиагдæр стыр бонтæй иу – Йесо Чырыстийы бацыд Йерусалиммæ. Уырыссаг традициййы йæ хонынц Донхæрисы хуыцаубон (Вербное воскресенье). Адæм æй сæ зæрдæмæ айстой, куыд æрдзы уалдзыгон райхъал æмæ мæлæтыл фæуæлахизы

бæрæгбон. Йæ нысанæн ын донхæрис дæр уымæн равзæрстой.

Зазхæссæны номарæн мидис та баст у, йæ тæккæ хæдразмæ кæй бæрæг кодтой, уыцы Лазæры сабатимæ: уыцы бон Аргъуан ссары, Йесо кæй райгас кодта, уыцы рæстгæнæг Лазæры ном. Æппæт уыдæттыл ахъуыды кæнгæйæ, æнцонæй бамбарæн ис мæрдты бон æмæ цины боны – сабат æмæ хуыцаубоны – æнахуыр баиу. Цард мæлæтыл кæй фæуæлахиз, уый нысанæн цардæттæг бæлас – æлæм – ингæныл æрсадзынц.

Кæд æмæ Куадзæны бæрæгбоны хуыцаузонæн мидис фæхуымæтæгдæр ис æмæ зынгæ фæивта, уæддæр адæмон традици канд рæстдин æгъдауы хæйттæ нæ бахъахъхъæдта (кæмдæрты сæ ногæй дæр сæндидзын кодта), фæлæ ма йын, уыимæ, банысан кодта, чи Йыл æууæнды, уыдонæн дзæнæт Чи лæвар кæны, Уыцы Чырыстиимæ йæ комкоммæ бастдзинад дæр.

Куадзæнæй Рухс Æртæиуоны бонмæ цы авдкъуырион рæстæджы скъуыддзаг ис, уымæ куы æркæсæм, уæд дзы раиртасдзыстæм дзæвгар æнгæсдзинæдтæ.

Куадзæны фæстæ фыццаг хуыцаубоны ирон адæм бæрæг кæнынц ***Бæлдæрæн***. Йæ ном кæцæй цæуы, уый зын зæгъæн у, фæлæ йæ равг æмæ йæ бонмæ гæсгæ бынтондæр æмхуызон у, Антипасха кæй хонынц, Рæстдин Аргъуаны къæлиндары уыцы бæрæгбонимæ. Адæмы уырныдта, Бæлдæрæны бон æрдз хæстбойнон кæй бавæййы, уый. Уыцы хъуыды тынг парахат уыди рагон чырыстон адæмты 'хсæн. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, зæгъæм, Антипасхайы уырыссаг адæмон ном Красная горка, ома Сырх къуыбыр. Уыцы бæрæгбон адæмы хъуыдыйы кæддæриддæр баст уыди цин æмæ хъæлдзæгдзинадимæ: кодтой чындзæхсæвтæ, зарыдысты æмæ кафыдысты, уалдзæгыл, райгæйæ, æмбæлдысты.

Куадзæнæй дыууиссæдз боны фæстæдæр ралæууы ***Зæрдæвæрæн.*** Тæккæ уыцы бон Рæстдин Аргъуан та бæрæг кæны Йесо Чырыстийы Уæларвмæссыд. Уыцы цау куы æрцыд, уæд фехъуыстой апостолтæ Хуыцауы зæрдæвæрæн ныхас Сыгъдæг Уды æрæрвысты, стæй Чырыстийы дыккаг æрцыд æмæ уыцы æрцыды фæстиуæг – мæрдты райгас æмæ Карз тæрхоны тыххæй дæр.

Æппынфæстаг, Зæрдæвæрæнæй дæс боны æмæ Куадзæнæй та фæндзай боны куы рацæуы, уæд – Аргъуаны Рухс Æртæиуонимæ иу бон – бæрæг кæнынц ***Кæрдæгхæссæн***. Бæрæгбоны ирон ном баст у аргъуанмæ ногкарст кæрдæг хæссыны рæстдин æгъдауимæ. Рæстдин Аргъуаны уыцы æгъдау равзæрди незаманты дунембарынадæй: нæ

рагфыдæлты уырнындта йæ фынæйæ райхъал уæвæг æрттиваг уалдзыгон æрдзы цæттæдзинад ног цард раттынмæ.

* * *

Комахсæнæй Кæрдæгхæссæнмæ цы рæстæг ис, уымæ лæмбынæг æркæсгæйæ, æнæ бафиппайгæ нæй, нæ разы кæй ис Рæстдин Аргъуаны бæрæгбонты Куадзæны циклы сæрмагонд, комкоммæ астæуккаг æнусты аллойнаг Аргъуаны къæлиндаримæ баст хуымæтæгдæр хуыз.

Фæхуымæтæгдæр кæнынмæ тырныдзинад фæзынди бæрæгбонты нæмттыл дæр – *Цыппурс*, *Донысккъæфæн*, *Зазхæссæн*, *Куадзæн*, *Кæрдæгхæссæн* (абарæм сæ уырыссаг традицийы нæмттимæ: *Донхæрисы хуыцаубон – Йесо Чырыстийы бацыд Йерусалиммæ*, *Фæткъуыйы Спас – Хуыцауы Хуызаивд æмæ* а. д.). Уыцы æууæл ууыл дзурæг у, æмæ чырыстон дин æхсæнады цард æмæ адæмон культурæйы йæ уидæгтæ арф ауагъта, æмæ йæм адæм хоны цæстæй æкастысты.

Иннæрдыгæй та, традицион æхсæнад аргъуаны бæрæгбонæн канд дыккаг ном нæ ратты, фæлæ ма йæ уымæй уæлдай, чырыстон дины размæ цы дунембарынад уыди, уымæй дæр сифтонг кæны.

Аргъуаны ахадындзинад куы фæцуды, уæд, рагон, чырыстон дины размæ цы дунембарынад уыд, уый фæтыхджындæр вæййы, æмæ уыцы æууæл æгъдæутты æрдзыл уайтагъд фæзыны. Уæвгæ, аргъуаны æхсæнады дæр бæрæгбонтæм традицион æмбарынады цæстæй куы фæкæсынц, уæд сын бæрæгбоны фæткон архайд сæ мидис æмæ сæ нысаниуæг йæ фæстæ бамбæхсы. Аргъуыд чи райста, фæлæ уымæй уæлдай аргъуаны кувæг чи не сси, уыдоны æхсæн ахæм уавæр арæхдæр у. Æнæ бафиппайгæ нæ фæуыдаиккат: Аргъуаны стыр бонты рæстæг иннæ чырыстæттимæ иумæ Хуыцаумæ скувыны бæсты бирæтæ дуармæ æнхъæлмæ фæкæсынц ахуырст æйчытæ æмæ Куадзæны гуылтæ срухс кæныны афонмæ.

Аланийы паддзахады ныппырхы фæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы, чырыстон ортодокси дæр бамынæг и. Фæлæ йæ уидæгтæ арф кæй уыдысты, уымæ гæсгæ Рæстдин уырнынад адæмы цардæй бынтон æппæрст не 'рцыди. Кæд цыфæнды хуымæтæг хуыз райста, уæддæр чырыстон дин баззади адæмы традицион культурæйы, æмæ адæмон бæрæгбонты къæлиндар уымæн – æвдисæн.

Банысан кæнын ма æмбæлы иу хъуыддаг: Йесо Чырыстийы фæлгонц канд бæрæгбонты Куадзæны циклы нæ, фæлæ, æмткæй

райсгæйæ, æппæт ирон адæмы культурæйы дæр фæзыны стæмхатт. Фæлæ Чырыстийы фæлгонцмæ райдианты, Уымæн æмбал нæй, зæгъгæ, ахæм цæстæнгас кæй уыди, уымæн бæлвырд дæнцæгтæ дæр ис. Ærхæссæм, зæгъæм, æнус æмæ æрдæджы размæ ирон этнограф æмæ культурæиртасæг Гатиты Барис кæй ныммыхуыр кодта, Куадзæны уыцы куывдæй скъуыддзаг: «О Чырысти! Кувæм дæм, æмæ нæм дæ дзæнæтæй æркæс æмæ нын батæригъæд кæн: афтæ зæгъынц, æцæг дунейы бынæттæ уарыс, ам дæу тыххæй ком чи дардта, уыдонæн... О Барастыр! Мах фехъуыстам, ды мæрдты хицау кæй дæ... Балæгъстæ кæн Чырыстийæн, цæмæй нæ фыдæлтæн æмæ, махæй æцæг дунемæ чи ацæуа, уыдонæн уым хорз бынæттæ саккаг кæна».

Чи зоны, уыцы хъуыды искæмæ диссаг фæкæса, фæлæ Чырыстийы фæлгонц ирон традицион къæлиндары стæмхатт кæй æмбæлы, уый, астæуккагæнусон аллойнаг æхсæнады рæстдин уырнынад ахъаззаг кæй ныффидар, ууыл дзурæг ахсджиаг æвдисæйнаг у. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ Йесо Чырыстийы фæлгонцы хуыцаузонæн мидис афтæ вазыгджын у, æмæ йын суанг аллон-ирæ чырыстон дины размæйы æмбарынады дæр æмбал нæй. Уыцы æуууæлы фæстиуæг сты Ирвæзынгæнæджы фæлгонцы нымад фæзындтæ традицион къæлиндары. Йæ сæндидзынæн æмæ Уымæн аккаг кад дæттынæн сæрмагонд уавæртæ хъуыд. Уыцы уавæртæ, Уæрæсейы импери Цæгат Кавказы куы æрфидар ис, æрмæстдæр уæд фæзындысты, æмæ Ирыстон-Алани, йæхи аргъуанон-паддзахадон традици кæмæн уыди, уыцы рагфыдæлты фæндаг равзæрста æмæ йæ хъысмæт бынтондæр чырыстон цивилизациимæ сбаста.

Ирон традицион æмæ рæстдин къæлиндартæ кæрæдзиимæ абаргæйæ, æмхуызон кæй сты, канд уыцы хатдзæгмæ не 'рцæуæм: незамантæй нæм æрцæуæг нырыккон адæмон къæлиндар у, рагон традицийы хæйттæ чырыстон æмбарынадимæ кæм баиу сты, аллонты аргъуанон-паддзахадон къæлиндары ахæм хуымæтæгдæр халдих. Ærмæджытæ æмæ зонæнты кадавар баззайæггæгтæ фадат дæттынц кæддæры вазыгджын чырыстон къæлиндарон культурæ – астæуккаг æнусты цæрæг аллонты дунейы æнæфæхицæнгæнгæ хай – ногæй сæндидзынæн æмæ йæ фæстæмæ йæ къахыл слæууын кæнынæн.

*Уырыссаг æвзагæй Косты Лизæйы тæлмац*

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*ХЪАЙТТАТЫ Сергей*

## ИРÆД

*Таурагъ*

Раджы æрцыд ацы хъуыддаг... Æниу, афтæ раджы дæр нæ уыд, йæ архайджытæй, дам ма чидæртæ æгас сты.

Нæ хъæуы чызг æмæ læппу кæрæдзи уарзтой. Нæдæр сæ иу, нæдæр сæ иннæ зыдта, кæд баирвæзт фыццаг хатт йæ риумæ уарзондзинады фат. Чи зоны, искуы мæнæргъыдзуаны фембæлд сæ цæстæнгас, дзыгуыртæй-иу цыдысты уырдæм. Йе та, Стыр дзуары бæрæгбон, фæзы...

Цас ныхæстæ ис læппуйы удæнцой цæстæнгасы!.. Цас хъуыдытæ ис чызджы фæлмæн мидбылхудты! Уыцы ‘взаг æрмæстдæр уарзæгой зæрдæтæ фæзонынц. Дæрзæг къухæй дидинæг тонæн нæй.

Тæккæ дысонизæр суадоны раз хæрхæмбæлд фесты. Хъуыдинæ æрбацæйхаста дон. Хуысинæ уыгæрдæнæй æрыздæхт. Цы хъуамæ загътаиккой кæрæдзийæн: сæ цуры – хосдзаутæ, сæ уæлхъус – дондзаутæ.

Фæлæ чызг æмæ læппу иунæг фемдзастæй кæрæдзийæн сæ зæгъинæгтæ загътой. Нал бахуыссыд уыцы ‘хсæв æнафонтæм чызг, зæрдæйы фæндтæ фæндыры ныллæг цагъдæй нывæзта. Нал бафынæй уыцы ‘хсæв læппу дæр, риуы æхсызгон сагъæстæ ‘взæрд, фидæныл фæндтæ кодта. Æниу æм цæй бæллицаг фидæн æнхъæлмæ каст: ирæдыл хъуыды кодта. Кæм хъуамæ ссардтаид фос, чындзы дзаума, æхца?!

«Куыд ратдзæн номдзыд Тасолтан æнæ ирæд йæ чызджы!», «Нæ, Тасолтан ахæм худинаг йæ сæрмæ не ’рхæсдзæн», «Æниу, Хъуыдинæ йæхæдæг та? Цæмæн ын бафидис чындæуа искуы?»

Læппуйы æнæмадзал хъуыдытыл сæры куырой разылд... Иуцъусдуг йæ цæсгом фæрухс: йе схъомылгæнæг – йæ мадыфсымæрмæ – дыууæ галы, бæх æмæ дæс фысы, уæдæ йæм иучысыл æхца дæр уыдзæн. Хуысинæ зыдта: йæ мадыфсымæр ын ницы бавгъау кæндзæн... Уый йæ схаста, мад, фыды рæвдыд дзы зоны...

«О, фæлæ, – фæтарст уыцы хъуыдыйæ læппу. Цæсгом фæстæмæ фæтар. – Гъа, хъомыл æй скодта Илас, ирæды зындзинад та ма йын

цæмæн æвзарын кæнон! Цы уыдзысты йе ‘нахъом сабитæ æнæ гал æмæ бæх!.. Скъæфгæ, – фæзынд лæппумæ фæнд. – Кæд ын æй Хъуыдинæ ныббарид. Кæд ын ныххатыр кæниккой хистæртæ... Амарæнт æй уæд та йе ‘фсымæртæ... Уарзоны скъæфын хорз бæргæ нæу, фæлæ цы ‘рхъуыды чындæуа, цы сарæзтæуа æнæхайыры ирæдæн!.. Цæй, цы уа, уый уæд! Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы», – ныллæууыд фæстагмæ скъæфты фæндыл Хуысинæ.

Хъазты чегъре æваст Хуысинæйы раз февзæрд, æмæ лæппуйы хъуыдытæ гандзайы хай баисты. Раст ын цыма йæ зæрдæмæ ныккаст, чызджытæм æй симынмæ фæкæны. Хъуыдинæйы рад æрхауд... Чегъре йæ разы æрлæууыд...

Лæппуйы цонг ссыгъд, чызджы цæсгом фæсырх. Фыццаг хатт симдтой иумæ... Дунейы фарн, рæстмæ санчъех сын æй фæкæн... Фæндыры цагъд дардмæ хъуысы, къæрццæмдзæгъд ыл нæ тых кæны. Уарзæттæ кафынц, зæххыл æндзæвы æрмæстдæр къахфындз, зæрдæтæ уæлæрвты тæхынц. Æмцыд, æмист кæнынц къæхтæ. Зæрдæтæ рауагътой дугъ. Сæ гуыпп-гуыпп – раст риу ратоны. Фæндыры цагъд сæм тынгдæр сыхъуыст.

Æрзылдысты симды фæзыл. Иу хатт, дыккаг. Мадыфсымæр Илас фынджы уæлхъусæй лæппумæ сæрыстырæй кæсы. Хъазты астæуæй кафджытæм æфсымæртæ сæ цæстытæ ныццавтой... Сæ иуæй иннæ налатдæр...

Фæндтæ кæны Хуысинæ: скъæфты тыххæй йæ фæндон чызгæн бамбарын кæна æви нæ! Куы йын фæхъыг уа! Стæй симгæ симын чызгимæ дзурын аив нæу... Фæхъыг уыдзæн уый йе ’фсымæртæн дæр. Кæс, уæртæ æртæйæ симынц, кæстæр сын æмдзæгъд кæны. Йæ бакаст – худæндзаст, æнæуи та – се 'ппæтæй æвирхъаудæр. Цы йын фæхъыг уыдзæн, уый ацу æмæ базон.

Хуысинæ ныртæккæ уыцырдæм нæ кæсы... Уый хъуамæ йæ зынаргъæн йæ фæндон ацы ран зæгъа...

Чызг нæ бауæндыд йæ хъустыл. Ау, æндæр аргъ ын не скодта? Нæ, Хуысинæ æнæрхъуыды ныхас нæ зæгъдзæн... Чызджы зæрдæ риссы, лæппуйы зæрдæ судзы. Нæдæр «нæ» фехъуыста, нæдæр «о» Хуысинæ. Æрмæст æм æмбаргæ чызг цæмæндæр, дисгæнгæ, æрбакаст...

Хуыздæр уавæры нæ уыд лæппу йæхæдæг дæр. Хуыцау хорз, æмæ симд кæронмæ ахæццæ.

* * *

Мæйдар æхсæв нæ вæййы рæствæндаг амонæг, фæлæ йыл уæддæр цæуынц къæрных дæр æмæ хæрзгæнæг дæр.

...Скъæфджыты бæхтæ куырмæджы дугъ кæнынц, кæрæдзи сынæгæй къуырынц. Хъæугæронæй ахызтысты, райхъуыст куыйты рæйын сæ фæстæ. Хъæубæстæй чидæртæ æрыхъал: «Цы хабар у, циу?». Ссыгъд дзы кæйдæр цырагъ дæр. Чидæр рудзынгæй ракаст. Барджытæ Тасолтанты ‘рдыгæй дугъ кодтой... Фæфæдис сты æфсымæртæ. Æрбамбырд сых, æрвадæлты лæппутæ топпæлвæст, æмбырдæй. Фæцагайдтой уыдон дæр. Фыд Тасолтан ронбæгъдæй сæ фæдыл кæсы. Рагон фондзæхстон къухы лæдзæгау дары. Нæ йæ ауагътой кæстæртæ семæ.

Срæйдтой та куыйтæ, фæлæ ацы хатт – хъæуæн йæ иннæ кæрон, скъæфджытæ фæдфæливæн акодтой, æмæ фæдисæттæ нæ бафтыдысты сæ фæдыл. Æндæрырдæм фесты. Хуысинæитæ фæзæй ахызтысты... Нæй сурæг... Фæцыд гæрах хъæуæн йæ иннæ фарсæй, æмæ скъæфджытæй иу ныххудт. Æрлæууыдысты.

Хъуыдинæ хæкъуырццæй кæуы. Хуысинæ йæ сабыр кæны.

– Цы бакодтай?! Скъæфæггаг амонд мæн нæ хъæуы, – зæгъы чызг. – Акæн мæ фæстæмæ.

– Йæхи чи амардта, уый æз, – хатыр куры Хуысинæ...

– Ныртæккæ уыдæттыл ныхас дзæгъæлы у, – зæгъы Хуысинæйы æмгар Хъантемыр. – Фæстæмæ нæ фæндаг æхгæд у.

Згъорынц дугъæттæ. Дард хъæумæ – сæ балц, Хъантемыры хомæ.

Хъуыдинæ нал тоны йæхи, хъысмæтимæ сразы... Хуысинæ чызджы бæхы æфцæгæй саргъмæ æрбайста, йæхæдæг фæстæдæр абадт.

Боны рухсмæ бирæ нал ис... Гормæттæ, искуыдæр ма боны рухсæй афтæ тарстæуыд! Ногæй та дугъ, тагъд кæнынц...

Сæ размæ къардиугонд фæци... Багæппытæ кодтой æртæ барæджы йæ сæрты. Хуысинæ æмæ Хъуыдинæйы бæх фæкалд, асæрбихъуырæйттæ кодтой æмæ... Дæ балгъитæг афтæ: фыдгулы фæндиаг фесты...

Хуысинæ æрчъицыдта... Йе ‘мбæлттæ чызджы уæлхъус худаистæй лæууынц... Лæппуйы риу æваст цыдæр срæхуыста. Хъуыдинæйы размæ базгъордта, йæ зонгуытыл æрхауд... Зырзыргæнгæ къух чызджы цæсгомыл æруагъта:

– О Хуыцау! Кæд фыдфынтæ уынын. Æрыхъал мæ кæн тагъддæр!

Нæ, нæ уыд уый фын!.. Хъуыдинæ йæ цæстытæ байгом кодта, фæстаг

хатт ма скаст Хуысинæмæ. Йæ цæстæнгас дзырдта: «Цы уыдзынæ?»

Æрбарухс... Хъуыдинæйыл дуне талынгæй баззад.

Тасолтанты кæрты – судзаггаг зиан. Йæ ныгæнæн – райсом. Дзыллæтæ йыл риссынц. Нæй ам Хуысинæ æрмæст. Не сты чызджы æфсымæртæ уым. Хуысинæйы агурæг зилынц. Сомы бакодтой, хъуамæ сæ хойы баныгæды агъоммæ уæлæуыл мауал уа Хуысинæ!

Хур æрныгуылд. Бацыд хæдзармæ Тасолтан. Æрхæндæгæй тъахтиныл æрбадт. Зæронд зæрдæ – хæлддзаг мæсыг. Бады, цæссыгтæ æнцъылд рустыл уырдыгмæ згъорынц. Йæ кæуынмондæгтæ æнæ сдзургæйæ уадзы. Æдде, хъæуы хистæрты цур, афтæтæ гæнæн нæй.

Æрталынг. Æфсымæртæ зынæг нæма ис. Зæронды сæр иуцасдæр хъуыдыты хай баци. Нæ базыдта, куыд байгом дуар. Къæсæрыл лæууы Хуысинæ...

Фыд фæкаст, йæ зæронд уæнгтæ æрызгъæлдысты, фæлæ уый – æрмæст рæстæгмæ. Тугдадзинты схъазыд туг, йæ цæстытæ æрцагуырдтой фондзæхстон къулыл. Лæппу уый уыдта, нæ лыгъд. Хæдзары астæумæ бацыд, æрæвæрдта йæ хæцæнгæрзтæ иуварс. Фыды раз зонгуытыл æрлæууыд...

– Иунæг курдиат æрмæст, – сдзырдта зæххы бынæй дзурæгау Хуысинæ. – Хъуыдинæйы фарсмæ-иу мæ бавæрæнт.

Тасолтан бацыд къулмæ, райста топп – дысонæй ныpмæ ифтыгъд у. Лæппуйы раз æрлæууыд. Хуысинæйы цæсгомыл рухсы цъыртт фæзынд, феййафы йæ зынаргъы... О, о, феййафы. Мæнæ топпы хæтæл йæ ныхмæ арæзт...

– Мæ амæлæты размæ æз хъуамæ зæгъон, – фыд æрæгмæ куы æхста, уæд загъта Хуысинæ. – Йæ фыд дæ æмæ мын ныббар... Æгæрон уарзондзинады охыл бауæндыдтæн афтæ. Ма дын фæхъыг уæд – йæхицæн мæ сныв кодта чызг дæр... Фæлæ афтæ рауад хъуыддаг...

Фыд ницы сдзырдта, æмæ ма лæппу йæхи æфхæрæгау бафтыдта:

– Аскъæфтон æй, уымæн æмæ мæм ирæдæн ницы уыд!

– Мæ чызг уый зыдта?!

– О.

Æдде сыхъуыст уынæр, змæлд. Æфсымæртæ къæсæрыл æхстæввонг алæууыдысты. Фенхъæлдтой, Хуысинæ йæхи ирон æгъдаумæ гæсгæ фыдыл ныффæдзæхста. Кæстæр æм топп фæдардта, фæлæ, фыды тызмæг цæстæнгас куы ауыдта, уæд æрсабыр.

– Ләппутæ! – сдзырдта сæм фыд. – Æз уæм куы нæ арвыстон.

Æфсымæртæ сæ фыдыл дуар ахгæдтой. Тасолтан зонгуытыл бадæджы тæрттыл схæцыд.

– Ам уал у, стæй уæд бæрæг уыдзæн… – загъта æмæ уый дæр дуар сæхгæдта.

Чызгæн йæ ныгæнæн бон Хуысинæйы мыггаг хъæугæрон чыртæ-чыртæй æнкъардæй лæууыдысты. Куырдтой, цæмæй сын мардмæ бацæуыны бар радтой.

Фесты уынаффæгонд зианджынтæ.

– Æрбацæуæнт мæрддзыгой, – зæгъы сæ хистæр.

Хистæр дзуры, Иры фарны æгъдæуттæ зæрдыл лæууын кæны... Тасолтан йæ фарсмæ æрвдзавд бæласау лæууы...

* * *

Рæстæг рауад. Мæнг нæ фæзæгъынц: зиан æмæ цин æфсымæртæ сты...

Иуизæр Тасолтан Хуысинæмæ арвыста. Зæронд лæг бадт тъахтиныл, кæддæр лæппу йæ разы зонгуытыл цы уаты астæу лæууыд, уым. Хуысинæ къæсæрыл бахызт... Тасолтан ын бандонмæ ацамыдта, фæлæ уый не сбадт...

Уыцы аз хъæубæстæ æвдисæн уыдысты, Иры дзыхъхъы чи нæма ‘рцыд, ахæм хъуыддагæн: Тасолтан йæ дыккаг чызг Мæдинæйы Хуысинæйæн радта.

Кæйдæр зæрдыл æрлæууыд: кæддæр Тасолтан дæр йæ цардæмбалы скъæфгæ ракодта: ирæд цæмæй бафыстаид, уый йæм нæ уыд.

## КÆСАГАХСÆГ

*Англисаг адæмон аргъау*

Раджы кæддæр иу стыр цæугæдоны былгæрон царди мæгуыр кæсагахсæг. Цот дæр ын нæ рацыд. Йæ ус та ахæм фыдсыл уыд, æмæ дзы лæг йæ сæрæн нал уыд.

Иуахæмы та бады доны былгæрон æмæ хъуыдытæ кæны, куыд ма цæра дарддæр, ууыл. Скуывта Хуыцаумæ, йæ хыз доны баппæрста, фæстаг хатт ма бафæлварон æхсæвæрваг кæсаг æрцахсын, зæгъгæ. Хыз цыдæр уæззау разынд. Раласта йæ тыхамæлттæй æмæ дзы иу гыццыл кæсаг систа.

Хъусы, æмæ йæм кæсаг дзуры: «Ныхс мæ, мæ цæппузыртæ сыгъзæрин сты, асыгъдæг сæ кæн æмæ сæ дæ дзыппы нывæр. Æхца дын фестдзысты. Æрмæст макæмæн мацы схъæр кæн».

Кæсагахсæг йæ хæдзармæ бацыд, сыгъзæрин æхцатæ фынгыл æркалдта. Ус сæ уайтагъд афснайдта æмæ йæ фæрсы, кæм сæ ссардта, уымæй. Куы нал æй уагъта, уæд ын лæг радзырдта хъуыддаг.

Уæддæр ус хъæр кæны, цавæр кæсаджы цæппузыртæ сты, фенын мын æй кæн, кæннод æлдармæ фæцæудзынæн æмæ дæ уый æрфæрсдзæни!

Лæг та баппæрста хыз донмæ, æмæ та дзы уыцы кæсаг бахауд. Радзырдта йын лæг йæ хабæрттæ, æмæ йын уый афтæ зæгъы: «Кæд дын гæнæн нал ис, уæд мæ равдис дæ усмæ, стæй мæ фондз хайы скæн. Иу хай дзы дæ ус бахæрæд, иннæ хай дæ бæхæн ратт, æртыккаг – дæ куыдзæн, цыппæрæм – дæ гæдыйæн. Фæндзæм хай та хъомдоны фæйнæджы бын бавæр».

Лæг афтæ бакодта, æмæ иуцасдæр рæстæджы фæстæ йæ усæн райгуырд дыууæ лæппуйы сыгъзæрин сæрыхилимæ; бæх ныззад дыууæ сыгъзæрин байраджы, куыдз – дыууæ сыгъзæрин къæбылайы, гæды – дыууæ сыгъзæрин лæппыны.

Лæпputæ бахъомыл сты. Иуахæмы æлдар ууылты фæцæйцыд æмæ федта лæппуты. Æрлæууыд, бадзырдта сын сæ фыдмæ æмæ йæ нал уадзы, иу мын дзы ратт, ницы хъуаг уыдзæн, мæхи хъæбулау æй схъомыл кæндзынæн, зæгъгæ.

Цы гæнæн ма уыди кæсагахсæгæн. Радта æлдарæн йæ диссаджы фырттæй иуы.

Тынг бауарзта æлдар лæппуйы, уымæн æмæ алцæмæй дæр бæллиццаг уыди, цæрдæг, коммæгæс. Искæй лæппуйы фылдæр кæй уарзта, уый йæхи лæппумæ хъыг каст. Уыцы аз æлдар цуаны ацыд, æмæ йæ фыртæн фадат фæцис йæ маст райсынæн. Бæрзонд мæсыджы сæрæй акæсæм, зæгъгæ, уый æфсонæй лæппуйы акодта æмæ йæ уырдыгæй раппæрста. Фæлæ уый йæхи æппындæр нæ ныццавта. Йæ фыды хæдзары балæууыд æмæ йын загъта, æз уыцы хæдзармæ нал цæуын, фæлтау æндæр бæстæм фæцæудзынæн, зæгъгæ.

Фыд ын йæ фæллойæ бæх, куыдз æмæ гæды рахицæн кодта, стæй кæсаджы фæндзæм хай. Систа астæрды фæйнæг æмæ дзы разынд сыгъдæг сыгъзæринæй конд бæхы фæлыст. Срæвдз кодта йæ фырты бæх, куыдз æмæ гæдыимæ, æмæ ацыдысты дард балцы.

Лæппу бонтæ, къуыритæ фæцыд. Кæддæр бæхæццæ иу сахармæ. Уым адæм иууылдæр – сау дарæсы. Куыд ын радзырдтой, афтæмæй хохы сæр цæры дыууадæссæрон залиаг калм, æмæ йæм алы аз дæр ацафон сахары рæсугъддæр чызджытæй иу хъуамæ ацæуа. Кæннод ахæм маргхæццæ судзгæ арт раулæфдзæн, æмæ кæмттæ, быдыртæ æд цæрæгойтæ басудздзысты. Ацы аз йæ рад у сахары дзырдзæугæдæр лæгтæй иуы чызгæн. Хъуамæ баппара уыцы дæлимоны дзыхы йæхи.

Уыцы хабар фехъусгæйæ, лæппу бадис кодта, уымæй уæ чи фервæзын кæна, ахæм нæй, зæгъгæ.

Уыцы райсом дзыллæтæ араст сты чызджы фæстæ, цæмæй йын фæстаг фæндараст зæгъой. Кæсагахсæджы фырт фæдзырдта йæ фæндаггон æмбæлттæм, æмæ семæ ацыдысты. Хохы рæбынмæ куы бахæццæ сты, уæд адæм æрлæууыдысты, чызг иунæгæй цæуы хохы сæрмæ. Лæппу дæр араст йæ фæстæ. Уый фенгæйæ, иууылдæр дисы бацыдысты, калмы ныхмæ цæуын куыд уæнды, зæгъгæ.

Лæппу хохы фахсыл куыд схызт æрдæгмæ, афтæ арвы тыхджын нæрын райхъуыст. Арвæрттывд стынг. Калм йæ сæр радардта хохы тигъæй æмæ лæппумæ рахъæр кодта, ды та ам цы кусыс, зæгъгæ.

Лæппу йын загъта, чызджы уымæй бахъахъхъæнынмæ кæй æрбацыд. Ауагъта йæм куыдз æмæ гæдыйы. Уыдон цалынмæ калмы сæр æхсыдтой, уæдмæ йын æй лæппу цирхъæй ахауын кодта. Уалынмæ зæххы бынæй иугай, æхситгæнгæ, зынын райдыдтой калмы иннæ сæртæ. Калынц сæ цæхæр, хъавынц куыдз æмæ гæдыйы судзынмæ. Уалынмæ бæх дæр райдыдта зæвæтдзæгъдæн æмæ армаццагæй хæцын, лæппу цъыкк кæны калмы сæртæ, æмæ сæ скуынæг кодтой.

Чызг куыннæ цин кодтаид, мæрдтæй йæ чи раздæхта, уыцы лæппуйыл. Фелвæста йæ сыгъзæрин къухдарæн æмæ йæ лæппуйы æнгъуылдзыл бакодта йæ усаг суæвыны охыл. Зæрдæ йын бавæрдта афæдзы фæстæ чындзæхсæв скæнынæй. Диссаджы арфæтæ йын фæкодтой сахары цæрджытæ дæр. Лæппу калмы дыууадæс æвзаджы ралыг кодта, залмы сыфы сæ батыхта, йæ дзыппы сæ нывæрдта æмæ араст дарддæр.

Чызг адæмимæ атагъд кодта йæ фыды хæдзармæ. Фæндагыл æй иу лæппу æрурæдта æмæ ард хæры, чи йæ фервæзын кодта, уыцы лæппу кæй у. Голладжы æрбамбырд кодта калмы сæртæ æмæ йæм сæ æвдисы. Чызг сдызæрдыг. Лæппуйы акодта йемæ. Фыд йæ чызджы

дзæбæхæй куы федта, уæлдайдæр лæппуимæ, уæд фыр цинæй рахъавыд чындзæхсæв кæнынмæ. Фæлæ чызг не сразы, афæдзмæ нæ мой кæнын, зæгъгæ. Мæнг усгурæн уый хъыг куыннæ уыд, æмæ уæд йæхи баауон кодта.

Чызг афæдз куырдуаты фæбадт. Адæм дæр чызджы цинæй уыдысты хъæлдзæг, сæхи цæттæ кодтой чындзæхсæвмæ.

Уалынмæ фæзынд лæппу. Разæй куыдз æмæ гæдыйы арвыста чызгмæ, цæмæй базона, йæ мойаг кæй æрбацæуы. Чызг сæ куы федта, уæд, цингæнгæ, атагъд кодта лæппуйы размæ. Уалынмæ фæзындысты чызджы хæдзармæ, сæ цæсгæмттыл хуртæ æмæ мæйтæ хъазыдысты, афтæмæй. Чызг фыдæн куы радзырдта, мæ ирвæзынгæнæг ацы лæппу у, зæгъгæ, æрмæст уæд бамбæрста фыд хабæрттæ. Уæлдайдæр, цæхæрцæст лæппуимæ ахæм диссаджы бæх, куыдз æмæ гæдыйы куы федта, уæд куыннæ уыдаид хъал йæ чызгæй. Сахары цæрджытæ иумæйаг чындзæхсæв скодтой сæ буц чызг æмæ сæ ирвæзынгæнæг лæппуйæн.

*Англисаг æвзагæй*
*Гаглойты Аминæйы тæлмац*

# ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ
# ХÆСТ – ЛÆДЖЫ УДÆН ДЗÆХСТ

...Æмæ та цыфæнды уырыд, хъуырмæтыхст сахат, царды æлгъыстаг æнæрай уавæрты дæр ис – адæймаджы цыт æмæ кадæн – ирвæзæн хос: диссагыл ма дис куы кæнай, цинагыл – цин.

Лæг йæхи кой куы кæна, уæд мæн кæддæриддæр, алы уавæрты дæр цинæмхиц дисы бафтауынц нæ фыдæлты зонд, сæ кæлæнхъæстæ ныхæстæ -дзырдбæстытæ, сæ удысконд – ныфсы æвидигæ гуырæн-суар; лæппуйæ лæгау лæггæнæн ныстуантæ æмæ зæрдæмæхъаргæ, зондагайæн фæдзæхстытæ. Уымæн, æмæ сæм æппæт уыдæттæ æвæлмон царды нæ равзæрдысты, фæлæ мингай азты фыдæвзарæнты.

Гъемæ ма уæдæ фæдисы æууæлтæй, хæсты сау бæллæхæй æвирхъаудæр фæлварæн цы уа лæджыхъæдæн, æхсар æмæ ныфсæн – ома, цас бæззон дæ, цæмæй дын бар уа намысджын фыдæлты аккаг фæдонбайзæддаг дæхи схонынæн.

Хорз. Мæнæ ахæм табутæ-бæллицтæй райдайон мæ сæйрагдæр ныхас, ирон фыдæлтыккон æмбисæндтæ, зондамонæнты рæствæндаггæнæн къæсæрыл лæугæйæ: «Хæсткъахæгæн-иу æппæты разæй уым йæхи хæдзар додойаг куы фæуид!»

Дун-дунетæ Хуыцау адæймагæн цæрынæн бæзгæ куы скодта, фæлæ йын йæ зонд куы нæ бафæрсыгъта алы налат хъуыдытæ-уынаффæтæй, уæдæй фæстæмæ æбуалгъдæр цы фæдисы хъæр айзæлд: – *Вставай, страна огромная, вставай на смертный бой!* – уырдæм æдæрсгæйæ фæцæуын дæр та ирон сахъгуырдты разæнгард кодта фыдæлты цардыуаг, сæ зонды æгъуыстæджы цæхæр:

– *Хæсты хъæр фæдисы хъæр у!*

Æмæ, дам, кæд бадгæ кæныс, уæд уырдыг слæуу, кæд лæугæ кæныс, уæд мауал сбад, фæлæ хæрзбон зæгъ æвæстиатæй дæ мад-дæ фыдæн, дæ фыццаг хъæбулы – дзидзидай хъæбулы! – мадæн, кæнæ дæ ногхаст бинойнагæн, науæд дæ сусæг уарзонæн дæр æмæ… æмæ…

Уымæн æмæ, дам:

– *Фæдисы фæстаг хъæстаг у!*

Уымæн æмæ, дам:

– *Хæстæй æмæ фæдисæй фæлидзын – худинаг!*

Уымæн æмæ, худинаг йæ сæрмæ чи æрхæсса, уый лæджы номы аккаг нæу; уый адæмы ‘хсæн цæрын-хæрыны аккаг нæу: «*Æвзæр карды бæсты фæрæт – хуыздæр, худинаг царды бæсты мæлæт – хуыздæр*!»

Уæд ма ахæм могортæ, ахæм рæбинаг цæджындзтæ уыд цардыуагæн, ирон, незамантæй уæдмæ æрлæгæрдæг цардæн. Уæд ма цардвæлтæрд, хæстæхсыст, тохысгуыхт фыдæлты комытæф хæццæ кодта сæ зæйцмæ – фæстагæттæм – ирдгæты уддзæфау æвронггæнæг уæлдæф…

Уæд ма фыдæлты фæдзæхстытæ, сæ амынд царды нысанты рæстдзинадыл дызæрдыг ничима кодта, никæй уæны ма уыд уый.

Уымæн æмæ, дам:

*– Нæртон лæг æхсары бын (ома тыхгæнæджы) оффытæ нæ кæны.*

Кæннод, дам, дæхи ахæм фидисы амæттаг кæныс:

*– Хæмпæлыл арт куы бандзарай, йæ тæрхъустæ лидзын уæд бай-дайынц.*

Цы уынаг, цæхæрцæст æмæ цы дæрдтыл-уæрæхты æнкъараг уы-дысты дзæнæтыбадæг фыдæлтæ, цы:

*– Хæстоны цæстытæ цæхæртæ калынц.*

*– Хæстон лæг адзалæй нæ тæрсы.*

*– Хæст хъæру-ныфсæй у, бирæ ницы амоны.*

Афтæтæ дзурынæн, ахæм хатдзæгтæ кæнынæн сын бар æмæ бындур уымæн уыд, æмæ ‘ппæт дæр сфæлтæрдтой æмæ базыдтой дæргъвæтин царды гуыргъахъхъ фæндæгтыл, лæгæвзарæн уынгæджы бонты. Гъемæ, хистауæн, хиппæлой не сты ахæм ныхæстæ дæр:

*– Ирон адæм гæрзты хорз æмæ знаджы бирæйæ нæ тарстысты.*

Уый та нын дзы æнæхъæн адæмæн бæрзонд аргъгонд – иумæйагæй. Æмæ, дам, уымæн афтæ рауад хъуыддаг, æмæ:

– *Ирон лæг чъылдым (*ома знагмæ, – Е.*) не здахы.*

Ахæм фæтк та йын уартæ йæ рагфыдæл нартæй баззайгæ у:

*– Нарт фæсте цæф мард мæрдтæм нæ уагътой.*

Ноджы ма сæхæдæг дæр къæбутдзæф нæ уыдысты, счъилтæм лæ-бурæг æмæ дыууæ уæны астæумæ хъавæг:

*– Нарт чъылдымæхстахуыр нæ уыдысты.*

Æнæхъæн дуне æрвнæрæгау куы ныййæ-лæ-лæй кодта, куы нынкъу-ыст хæцæнгæрзтæ æмæ рæмудзæн æрмæджыты гыбар- гыбурæй, уæд-дæр та уыцы хæсты цардараудæн-судзæн, туглæсæн быдыры рабæрæг нæ дзыллæйы хъæбатыр ударæзт, зондахаст, лæгау-лæгты миниуæг.

Кæд æмæ æцæг афтæ у:

*– Хæсты боны сгуыхтæн йæ кад мыггагмæ цæры (æмæ нæры); Хæсты цæхæрæн йæ фæнык не ʻмбийы; Хæсты мард лæгæн йæ зарæг дардыл хъуысы.*

О, о! Фæлæ йæ рæзгæ цард, йæ тæккæ цардбарæн дуг нывондæн чи ʻрхаста сæрибар æмæ хуыздæр фидæны сæрвæлтау, уыдоны нæ абоныккон удхар, хъæрзынтæ, Хуыцау зæгъæд, æмæ фæсмойнаг ма фæкæнæнт, цы Æцæг Дунейы сты, уым. Ома, не ʻхсидгæ туг мах уый охыл æнæвгъау нæ фæкалдтам, зæгъгæ… Знаджы, дам, мах уый охыл куыйхъæд, куыйдур нæ бакодтам!

Æрмæст та уæддæр æмæ уæддæр, кæд уыцы зынгхуыст хъайтарты раз азымджын стæм истæмæйты, уыцы рæстæджы уæлахиздзауты раз, уæд нын се ʻрдыгæй хатыр уæд: ахæм дуджы нын цæргæ ʻрцыд…

Фæлæ та цыфæндыйæ дæр нæ хуыздæр хос, не 'нæбасæттон ирон лæджы хæс, оптимист цæмæй уай, уый у! Гъемæ батæхуды кæнæм, цæмæй Хуыцауы уарзонæй сфæлдыст æппæт адæмтæн дæр сæ туджы ахъара, сæ зонд сын бацахса нæ хъомысджын фыдæлты сидт – сæ хъазуатон цардвæндагыл дунемæ рантысгæ сидт:

*– Тыхфæлварæн мауал скæнæм, фæлæ цардфæлварæн скæнæм!*

***ЕГАР***

# «МАХ ДУГ»-Ы ÆВÆРÆНТÆЙ

# ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ

## ЧИ У РАСЫГГÆНАГ

Лалым сæумæрайсом заводы дуармæ хæрхæмбæлд фæци Тохсиимæ. Кæрæдзийæн салам загътой æмæ мидæмæ бараст сты.

– Дæ хорзæхæй, Лалым, искæйы бинонты цард тархъæд у, фæзæгъынц, фæлæ де'фсин Заретæимæ уе'хсæн цы рауад? – хъавгæ бафарста Тохси. – Знон «Рæстдзинад»-ы кастæн, дæ бинонтæй дæхи ахицæн кæныны тыххæй тæрхондонмæ кæй балæвæрдтай, уый.

– Тохси, æз дæуæй цы басусæг кæнон, ахæмæй мæм ницы ис. Сомы дæр мæ нæ кæнын кæныс, фæлæ дын ард хæрын: мæ хъуырмæ дзы сдæн.

– Заретæйæ? Хъæуы фидауц куы уыд кæддæр!

– Кæддæр, кæддæр, – сфæзмыдта йæ Лалым. – Куыд мæ цæрын кæнут, уæ хорзæхæй, ахæм адæймагимæ: алы æхсæв ресторантыл æмæ нуазæндæттыл зилы...

– Ау! Нуазгæ кæны?!

– Нæ, уанцон нæу! Йæхæдæг нуазгæ бæргæ нæ кæны, фæлæ... мæн агурæг фæзилы уымыты...

*«Мах дуг», 1962, № 4*

## ВЕНГРИАГ ЮМОР

Журналист редактормæ бахаста æрмæг.

– Уый кæуылты фыст у, уый! Фæцыбырдæр æй кæн, – загъта йын редактор.

– Фæцыбырдæр кæныны амал ын нæй, – хъынцъымгæнгæйæ загъта автор, – текст æххæст хъуыдытæй фыст у.

– Æмæ дзы уæд та иу хъуыды аппар.

– Хорз, бафæлвардзынæн.

Сахаты фæстæ журналист тынг æнкъардæй æрбацыд редактормæ.

– Гъы, аппæрстай дзы? – фæрсы йæ уый.

Автор йæ къух ауыгъта. Редактор дзы домдта, гæнæн кæмæн нæй,

ахæм хъуыддаг бакæнын: æрмæджы иунæг бæлвырд хъуыды дæр нæ уыди.

*«Мах дуг», 1962, № 4*

## САТИРИКОН АРВИСТОН

Лæг сæхимæ æрбацыд æмæ, фатер сыгъдæг æфснайдæй куы федта, уæд смæсты йæ усмæ:

– Цæмæн ныссæрфтай ме стъолы рыгтæ, уым мын телефоны номыртæ фыст куы уыд!

* * *

Мексикæйы истой ног киноныв. Костюмтыл хардзгонд æрцыд 2 доллæры æмæ 63 центы. Киноныв хуындис «Адам æмæ Евæ».

* * *

– Рауæй мын кæнут ацы тутитæй иу.

– Нæ, балхæн дыууæйы дæр: иу дзы дзургæ кæны, иннæ та сæ тæлмац кæны.

* * *

«Зынаргъ телевидени! – студимæ фыста иу хъыгзæрдæ фыд. – Сымах аххосæй мæ сывæллæттæ æхсæв афоныл нал хуыссынц. Уымæ гæсгæ уæ курын, æмæ, уæ хорзæхæй, уæд та афтæ бакæнут, цæмæй афоныл стгæ уæддæр кæной. Гъемæ уæ телеæрмæг дæттут райсомæй 7 сахатыл».

* * *

Директор фæдзырдта йæ секретарьмæ:

– Дæ хорзæхæй, нæхимæ, мæ хæдзармæ тел ныццæв, мæ чызг телефонæй дзурын иу минут уæддæр куыд фæурома, афтæ – йæ мадимæ мæ æвæстиатæй аныхас кæнын хъæуы.

*«Мах дуг», 1962, № 7*

*СЕЧЪЫНАТЫ Солтан*

## ДЫУУÆ ЧЫНДЗÆХСÆВЫ

Датикъо раздæр хъæуы нымад лæг уыди: уындджын, æгъдауджын. Искæй тыхст ацаразынмæ никуы базивæг кодтаид. Уымæй кусынмæ та куыд зæрдæргъæвд уыд! Цы йын бабар кодтаис, æмæ цы нæ скодтаид! Сызгъæрин къухты хицау уыд. Æмæ йæ адæм дæр уарзтой. Искæмæ

исты циндзинад ис, зæгъгæ, уæд æм чи нæ фæдзырдтаид, нæ чъиритæй, нæ ноͅзтæй нын саход, зæгъгæ, чи нæ загътаид. Афтæ арæх æй хуыдтой, æмæ йæ куыстмæ нал æвдæлд. Куыдфæстагмæ фæцахуыр ис хуындты бадын, æмæ-иу æй цы бон нæ хуыдтой, уыцы бон-иу сæ дуармæ рацыд æмæ æнхъæлмæ каст, кæд та мын исчи «йæблуагъæ» зæгъид, зæгъгæ. Йе та-иу исты æфсонæй зонгæтæй искæмæ бацыд.

Афтæмæй æнæ нозт нал фæрæзта Датикъо. Фæстагмæ афтæ сси, æмæ искуы чындзæхсæв, хист, куывд, авдæнбæттæн, кæнæ хуын исты искæмæ базонæд, æндæр-иу æнæ хонгæйæ дæр уым балæууыд. Йæ кад адæмы æхсæн фæцудыдта. Нал æй хуыдтой, хæддзуйæ дæр та æрбацæудзæн, зæгъгæ.

Иухатт та Датикъо кæйдæр авдæнбæттæнæй расыгæй фæцæйцыд сæхимæ. Клубы размæ куы бахæццæ, уæд адæмы ныхас йæ хъустыл ауад, «Дыууæ чындзæхсæвы», зæгъгæ. Лæг йæ хъустæ фæгæмæл кодта. «Цы зæгъут? Кæд уыдзысты? – æрдæгцъынд цæстытæй кæсгæйæ, афарста, афишæйы раз чи лæууыд, уыдоны.

– Райсом, райсом, Датикъо, «Дыууæ чындзæхсæвы», æрбацу-иу, – загътой йын уыдон.

– Хорз, хорз, уæ рынтæ уын ахæра Датикъо, – зæгъгæ, йæ фæндагыл араст расыг лæг.

Дыккаг бон куы райхъал, уæд йæ зæрдыл дыууæ чындзæхсæвы хабар æрлæууыд, æмæ йе `фсины афарста:

– Абон та чындз чи хæссы?

Ус æм йе зноны расыджы тыххæй нырма мæсты уыд æмæ йын бустæ хуызæй загъта:

–Дæхи сцæттæ кæн: сæумæцъæхæй дæм дыууæ ранæй хонджытæ уыди, уыцы фыдгуыбын дын атона!

Лæджы бауырныдтой усы ныхæстæ. Бацин кодта æмæ та загъта:

– Æмæ кæцæйты уыдысты?

– Кæцæй нал æрбаздæхай, уырдыгæй, – тынгдæр æм смæсты йе ’фсин. Дæ хæдзар раууатмæ цæуы, ды та ноͅздзуан зилыс. Адæм дæ схъыг сты, уæддæр ды дæ гуыбын де 'ккой акæныс æмæ та искæйы дуарæй бакæсыс…

– Банцай, куы та фæкъæртт дæ! – фæхъæр ыл кодта Датикъо. Ус скуыдта æмæ феддæдуар. Лæг йæхи адаста, йæ бæрæгбоны цъухъхъа скодта æмæ, æнæ исты бахæргæйæ, уынгмæ рацыд æд лæдзæг.

«Ам баддзынæн, æмæ адæм чердæм цæуой, уырдæм цæудзынæн

æз дæр», – загъта йæхинымæр. Фæлæ хуынды цæуæг никуыцæй зынд. Лæг æххормагæй куы стыхст, уæд мидæмæ бацыд, исты ахæрон, загъгæ, фæлæ та фæстæмæ раздæхт, æфсæстæй ма чындзæхсæвы цы кусдзынæн, загъгæ. Æмæ йыл сæ дуармæ, æнхъæлмæ кæсгæйæ, баизæр.

Дыууæизæрастæу адæм, уæлдайдæр фæсивæд, арæзтæй клубы `рдæм къордгæйттæй цæуын райдыдтой. «Уæдæ адон уырдæм цæудзысты», – сæ рæзты цы дыууæ чызджы сцæйцыди, уыдоны афарста:

– Чындзæхсæвмæ ма цæут, мыййаг, чызджытæ?

– О, уырдæм цæуæм, – дзуапп радтой уыдон, кæд нæ «Дыууæ чындзæхсæвæй» фæрсы, загъгæ.

– Оууа, уæдæ æз дæр — уе'мбал! – фæцæрдæг Датикъо æмæ семæ фæраст и. – Кæд нæ байрæджы кодтам, уæд. Æмæ сымах кæм чындзæхсæвмæ цæут, дыууæ чындзæхсæвы ис, куы загъынц?

Чызджытæ бахудтысты:

– О, афтæ у, «Дыууæ чындзæхсæвы». Уæлæ клубы...

– Клубы, загъут?! — лæг дзыхълæуд фæкодта. Иуцъусдуг æдзæмæй алæууыны фæстæ, афарста: – Æмæ дзы хистæртæй ничи уыдзæн?

– Цæуылнæ…

– Уæдæ уæд фæтагъд хъæуы...

Бахæццæ сты клубмæ. Йæ дуармæ уыдис бирæ адæм. Рады лæууыдысты билеттæм кассæмæ. Датикъо клубы дуармæ бацыд.

– Дæ билет, – дзуры йæм дуаргæс.

– Цавæр билет?..

– Спектакльмæ не `рбацыдтæ?

– Цавæр спектакльмæ? Уæдæ уæ чындзæхсæв кæм ис?

– Æз дæр дын уый кой кæнын: «Дыууæ чындзæхсæвы». Хорз спектакль у.

Датикъо йæм сонт каст ныккодта: «Чындзæхсæв, спектакль... Адон цы ныхæстæ кæнынц?».

– Æнæ нозт, æнæ хæрд чындзæхсæв? – афарста та лæг.

Хабар ын бæлвырддæр куы бамбарын кодтой, уæд Датикъо йæ лæдзæг зæххыл ныццавта:

– Æнæрай дзы скæнут хус «чындзæхсæвæй», æххормагæй ма мæ ахсæн мæ фæсонтыл дæр баныхæсти.

Мæсты здæхт фæкодта æмæ сæхимæ фæраст и.

*«Мах дуг», 1962, №10*

*АЛÆГАТЫ Чермен*

# МÆХИ МÆХÆДÆГ

Иу лæгæн йæ гæды скъаппæй карчы æйчытæ давта. Уæд æй иузаман æрцахста æмæ йæм дзуры:

– Ныр та мын кæдæм аирвæздзынæ! Цæхæрадонмæ йæ ахаста, капсул ын йæ гуыбыныл бабаста æмæ йыл спичкæ бадардта. Гæды фæтарстис æмæ хæдзары смидæг, æйчытæ кæцæй давта, уым. Лæг йæ усмæ хъæр кæны:

– Цорæхан! Хæдзары сæфт кæнæм ныртæккæ.

Цорæхан куыд фестад, афтæ капсул фехæлд, æмæ – дæ фыдгул афтæ. Къусæй, тæбæгъæй, рудзынгæй ныффалгæрон сты. Зæронд ус фæтарст æмæ тыргътæй рахауд, йæ сæр тарвазыл ныддаудта æмæ уадзыгæй баззад. Лæг фыр катайæ кæрты къуымты ратæх-батæх кæны, хъæргæнгæ:

– Чи мын уыдис?! Мæхи мæхæдæг! – Æмæ сæрæн тымбыл къухæй – хафт.

*«Мах дуг», 1962, №10*

# ЦЫППАР БÆЛЦЦОНЫ

*Адæмон æмбисонд*

Куырм, йæ лæдзæджы бырынкъæй фæндаг сгаргæ, фæцæйцыд æмæ хъуыдытæ кодта: «Ныр афтæ куырмæджы кæдæм фæхæццæ уыдзынæн? Гъæй-джиди, æмæ иу цæстджын адæймагыл куы фæхæст уаин»...

Кæй кой кæнай – къæсæрмæ! Уайтагъд фембæлд иу лæгыл, фæлæ йе ’намондæн кæд разынд къуырма.

– Цæй æмæ афтæ бакæнæм, – дзуры Куырм Къуырмайы хъусы, – бацæдис кæнæм нæ дыууæ дæр, æмæ нын æнцондæр уыдзæн: æз хъусгæ кæндзынæн, ды та – уынгæ, æмæ ныл афтæмæй сайд не `рцæудзæн.

– Хорз! – сразы Къуырма. Араст сты дарддæр. Фембæлд сыл иу æнæкъах лæг. Фæрсы сæ:

– Кæдæм балц кæнут дыууæйæ, ныронг уæ иумæ куы никуы федтон?

Ракодтой йын сæ хабар.

– Уæдæ ма æххæст мæн дæр уе 'мцæдисон бакæнут, æнæпайда уын нæ уыдзынæн. Цалынмæ уæ иу уынгæ кæна, иннæ – хъусгæ, уæдмæ æз дыууæ хъуыддаджы дæр бакæндзынæн, сымах та мын-иу цæуынæн аххуыс кæндзыстут.

Сразы сты Куырм æмæ Къуырма.

Бирæ нæ ауадысты, афтæ сыл фембæлд Мæгуыргур. Йæ уæлæ, куыдз цы атона, уый нæй. Фæрсы сæ:

– Кæдæм араст стут, æртæйæ уæ иумæ куы никуы федтон?

Уымæн дæр та ракодтой сæ хабар.

– Уæ хорзæхæй, мæн дæр уемæ ауадзут.

Бацæдисон та уый дæр семæ, æмæ уæд сæ цыппар дæр ард бахордтой, уыцы бонæй фæстæмæ кæрæдзийæ кæй нал фæхицæн уыдзысты æмæ сæ цæдис кæй нал фехалдзысты, уый тыххæй.

Æмæ ма, чи зоны, абон дæр иумæ æмцæдисæттæ уыдаиккой, иу хабар сыл куы нæ 'рцыдаид, уæд.

Цæвиттон, иу талынггæрæтты тар хъæдмæ бахæццæ сты. Æппæты разæй цæуы Къуырма, йæ фæстæ – Куырм, уый фæдыл – Къуылых, се ‘ппæты фæстæ – Мæгуыргур. Иуран Къуырма йæ мидбынаты дзыхълæуд фæкодта æмæ дзуры йе ‘мбæлттæм:

– Мæ хъустыл цыдæр къæрццытæ цæуы!

Уыцы ныхасмæ Куырм йæ къухы ауунæй фæйнæрдæм афæлгæсыд æмæ фæхъæр кодта:

– Куыд уынын, афтæмæй абырджытæ æрбацæуынц!

– Лидзгæут, æфсымæртæ! – фæтъæлланг ласта Къуылых, йæхæдæг, гæпгæпгæнгæ, фæтæхы.

– Æцæг, æцæг, кæннод нæ бастигъдзысты! Фезмæлут! – фæкодта Мæгуыргур æмæ къутæрты астæу аныгъуылд.

Ныййиугæйттæ сты сæ цыппар дæр. Куырм кæмдæр цъымарайы ныссагъд, тыххæй-фыдæй ма рабырыд хъæбæр зæхмæ, æрбадт æмæ хъуыды кæны:

«Ай нын цы мæрддаджы цæдис у?! Къуырма хъусджынтæй хуыздæр куы хъуса, Куырм цæстджынтæй хуыздæр куы уына, Къуылых къахджынтæй тагъддæр куы лидза æмæ Мæгуыргур стигъынæй куы тæрса, уæд афтæмæй куыд цæрдзыстæм?!»

Цæдис æмбойны фехæлд.

*«Мах дуг», 1962, №11-12*

# МАРДЫ УÆЛХЪУС

Бæгъи, хъæуы кусагдæр лæгтæй иу, куы амардис, уæд ын йæ сыхаг Ноги чырыны уæлхъус тæфæрфæс кодта:

– Бæгъи, мæ хур, уæлæуыл кадджынæй фæцардтæ не 'хсæн. Дæ куыстдомд уæнгтæн æнцой никуы радтай. Дæ фондз фырты дын кæддæриддæр фæндаг лæвæрдтой сæ бæсты кусынмæ. Зæрондæй ма хъæдмæ дæр цыдтæ, хос дæр карстай, быдыры куыстытæ дæр кодтай... Ныр мæнæ, акæс-ма сæм, дæ фырттæ амæй-ай хъомылдæрæй дæ уæлхъус лæууынц æмæ, мæгуыртæ, хъыг кæнынц сæ дарæгыл. Рухсаг у, рухсаг, Бæгъи, раздæр дæ мæлын хъуыдис, ахæм фондз фырты чи схаста!

*«Мах дуг», 1962, № 4*




*Нывгæнæг Сланты Руслан*

***– Иронау чи нæ зоны, уыцы хицæутты сæ куыстæй исгæ кæндзысты...***

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

*ДЗАСОХТЫ Музафер*
*(1937)*

*Ирыстоны адæмон поэт, прозаик, тæлмацгæнæг, публицист, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат, Балинт Балашшийы (Венгри) номыл Дунеон литературон премийы лауреат, Цæгат Ирыстон æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг, Дыгуры районы кадджын гражданин Дзасохты Созырыхъойы (Сосыгкойы) фырт Музафер райгуырд 1937 азы 10 январы Æрыдоны районы Красногоры (Бæрæгъуыны) хъæуы. Йæ фыд æбæрæгæй фесæфт Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, йæ мад æвирхъауæй фæмард 1954 азы колхозы быдыры.*

*1952 азы Музафер каст фæци сæхи хъæуы авдазон скъола æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта Николаевскы станицæйы астæуккаг скъолайы. 1960 азы каст фæци Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты историон-филологон факультет æмæ уыцы аз кусын райдыдта газет «Рæстдзинад»-ы. Уыди литературон кусæг, сæрмагонд уацхæссæг, культурæйы хайады хицау. 1971 азы йæ сæвæрдтой газет «Молодой коммунист»-ы редакторæй. Дыууæ азы фæстæ йæ арвыстой Мæскуыйы СЦКП-йы ЦК-йы цур Уæлдæр партион скъоламæ æмæ йæ 1975 азы каст фæци сырх дипломимæ. Дыууæ азы бакуыста партийы Цæгат Ирыстоны обкомы инструкторæй. Уыди Цæгат Ирыстоны радиохъусынад æмæ телеуынынады комитеты сæрдары хæдивæг. 1985 азæй фæстæмæ 33 азы разамынд лæвæрдта журнал «Ногдзау»-æн.*

*Поэты æмдзæвгæты фыццаг чиныг «Фыды фарн» джиппы уагъдæй рацыд 1964 азы. Уæдæй фæстæмæ рауагъта 40 чиныгæй фылдæр: поэзи, прозæ, тæлмацтæ. Йæ уацмыстæ тæлмацгонд сты нæ бæстæйы бирæ адæмты æвзæгтæм. Семæ базонгæ сты Индийы, Монголийы, Болгарийы. 2012 азы йæ 75 азы юбилеймæ йе 'мдзæвгæтæ æмæ радзырдты чиныг рацыд Венгрийы.*

*Музаферы уацмыстæ ахуыр кæнынц, зæгъæн ис, Ирыстоны скъолаты æппæт къласты дæр. Йæ повесть «Уалдзыгон стъалытæ» та хаст æрцыд «Уæрæсейы адæмты литературæ»-йы ахуыргæнæн чиныгмæ.*

*Йæ прозаикон уацмысты сæйрагдæртæ сты романтæ «Менджы сой», «Мысыры сыджыт», «Дзæбидыры хъул», «Дæллаг Ир».*

# МАДЫ ЗÆРДÆ

Уалдзæг æрцæуы мæргъты зарджытæ æмæ дидинджытимæ. Уый фæстæ ралæууы сæрд, фæззæг... Ныууары мит. Дымгæ хæхтæ æмæ быдырты зилынæй нал фефсæды. Цъиутæй ма ам чи баззайы, уыдон дæр æддæмæ нал фæзынынц. Хæдзæрттæ æмæ сараты дæлбазырты сæхи бааууон кæнынц. Цыма, æмбæхст ран æнæуынæрæй бадгæйæ, уалдзæг тагъддæр ралæудзæн, уый хуызæн. Æмæ, зымæг цыфæнды даргъ куы вæййы, уæддæр ын йæ хъæру басæттынц хуры хъарм тынтæ. Ног та ралæууы уалдзæг. Урсдоны раивылдимæ раивылынц бæллицтæ æмæ æнкъарæнтæ. Хъызт бонты раивынц æртæхдзæст райсомтæ æмæ хурæфсæст зæрæхсидтæ. Миты гæлæбуты фæстæ арвæй фæуары зарæджы зæлтæ æмæ зæлдаг тынтæ. Дымгæйы къуыззитт бамынæг вæййы булæмæргъты зардæй.

Фæлæ Госæдайы зæрдæйы цы маст æмæ катай ныссалд, уымæ нæ хæццæ кæнынц хуры тынтæ, нæ йæм хъуысы ницавæр зарæг. Зымæджы фæстæ уалдзæг куыд ралæууы, афтæ зæронд усы зæрдæйы сагъæсы бынат цин никуы бацахсы. Бады Госæда рудзынджы цур. Хъуыдытæ кæны. «Халæттæ фæстæмæ тæхынц, – дзуры йæхинымæр. – Абон сæумæцъæхæй дæлæрдæм уыди сæ балц. Ныр раздæхтысты. Уыдон дæр сæ уаг нæ халынц. Атæхынц, фæлæ та сæ бынæттæм раздæхынц. Уæд Тасолтан куыд никуыцæй зыны ацал-ауал азы? Хæстмæ куы цыди, уæд мын фидар зæрдæ куы бавæрдта, мæнæн дурты бын дæр тас нæу, Дзыцца, фæстæмæ дæм зындзынæн, зæгъгæ. Чи йæ зыдта, уыдон ма ныртæккæ дæр фæзæгъынц: «Тасолтан мард нæу. Ахæм лæппумæ мæлæт нæ бауæнддзæн».

Хæрзæрыгон уыди. Хъазты кафынæй нæ бафсæст. Тамарæйæн йæ зæгъинæгтæ дæр нæ загъта. Йæ зæрдæйы сусæгдзинæдтæ раргом кæныны бон дæр æй нæ фæци. Йæ райст-бавæрды дзаумæттæ итувæрдæй баззадысты. Ме ссæуынмæ, дам мын сæ рæвдз дар. Госæда сæ чырыны бæргæ бафснайдта, фæлæ сæ хицау нæ зыны. Нæ зыны йæ фæтæнуæхск Тасолтан, къæсæрæй дуармæ дæр кафгæ чи цыди, йæ мадыл æрхъæцмæ чи нæ хъæцыди, уыцы Тасолтан. Йе 'мбæлтты 'хсæнæй нал хъуысы йæ хъæлдзæг ныхас, йæ хъæрæй худын, фæлæ ма абон дæр Хоситæм Тасолтаны номæй дзурынц. Уымæн æмæ Госæдайы иунæг фырт йе 'мгæрттæй нæ фæхъуыд. Цыппар æмæ

ссæдз азы размæ Германы хæстмæ ацыд æмæ уырдыгæй нæма сыздæхт. Йæхæдæг æй хуыздæр зоны: куыддæр ын фадат фæуа, афтæ зындзæни. Æнафоны æрбахойдзæн сæ дуар. Мидæмæ, зæгъгæ йын куы зæгъой, уæддæр нæ бацæудзæн, цалынмæ йæм Госæда ракæса, уæдмæ. Уадз æмæ сæ фембæлд æнæнхъæлæджы рауайа. Æвиппайды цин амонд тыхджындæр кæны.

Ныййарæг æмæ хъæбул кæрæдзиуыл ныттыхсдзысты æмæ, цалынмæ мады зæрдæйы цы маст ныннdзыг, уый стайа, уæдмæ мидæмæ нæ бацæудзысты. Стæй уæд ногæй цæрын райдайдзысты... Хæсты размæ куыд уыд, афтæ. Нæ, уымæй ноджы хуыздæр, хъæлдзæгдæр. Тамарæйы нал æрхæсдзысты: уый цыппæрдæс азы размæ чындзы ацыд. Бирæ фенхъæлмæ каст йæ уарзонмæ, фæлæ, æгæр æрæгмæ куы зынди, уæд иу æрыдойнагмæ смой кодта.

Чызджы тыххæй сыл ницы 'рцæудзæн. Госæдайæн йæ чындзаг ныртæккæ дæр цæттæ у. Бечырты Дунетханмæ лæппутæ кæсынæй куы не 'фсæдынц. Йæ иу бакаст дæр чызджы аргъ у. Сылгоймаджы куыстмæ – рæвдз. Æгъдау раттынмæ дæр – афтæ. Æмæ йæ Госæда дæр йæхинымæр чындзагæн уымæн равзæрста. Цалынмæ йæ ничима ракуырдта, уæдмæ куы фæзынид Тасолтан, кæннод та уымæй дæр æнæхай фæуыдзысты. Ныр цал æмæ цал чындзаджы равзæрста йæхицæн æмæ та аирвæзынц. Фæлæ Дунетханæн ауадзæн нал ис. Ацы фæззæг дæр ма нæ фæзындзæн йæ бæлццон?! Нæ, уымæн уæвæн нæй. Фæстаг рæстæг æй йæ фыны мæлæты арæх уыны. Æвæццæгæн, фæндагыл ис...

Госæда йæ мидбынат фестъæлфыд, цыма кæй æрталынг, уымæй фæтарст, уый хуызæн. Йæхицæн ныхæстæ кæныныл фæци: «Кæд, мыййаг, афонмæ уынджы ссæуы, уæддæр æз ам æнцад бадын».

Йæ раздарæны дзыппы йæ къух атъыста. Дæгъæлтæ æмæ дзы къухмæрзæн йеддæмæ куы ницы уыд, уæд иннæ уатмæ фæзылд, пецы уæхскæй спичкæтæ райста æмæ дуары 'дде фæци. Кулдуармæ куы рахæццæ, уæд спичкæ ссыгъта æмæ хъавгæ æрлæууыд, дынджыр дзыхъхъ къахт кæм уыд, уымæ 'ввахс.

– Ацы телыхъæд ма тагъддæр куы ныссадзиккой. Тасолтан æнафон куы фæзына, уæд дзы ныххаудзæн. Хæсты размæ куыд лæгъз уыди, афтæ 'нхъæл ма йын уыдзæн...

Рæстæг фæсахсæвæртæй фæфалдæр, уæддæр Госæдайыл хуыссæг нæма 'рхæцыд. Йæ мой Садуллæ куы амард, уæдæй нырмæ дыууæ азы

йеддæмæ нæма рацыд, фæлæ йæм цæмæдæр гæсгæ афтæ кæсы, цыма иунæгæй раджы баззад.

Садуллæ йæ адзалы рынчын куы ’рцис, уæд йæхимæ ’рбасидти йæ бинойнагмæ æмæ, тыхулæфтгæнгæ, дзурын райдыдта:

– Цомиан, мæ царды кæрон æрхæццæ. Нымад фæдæн, Хуыцауæй мын цы бонтæ лæвæрд уыд, уыдон...

– Ныууадз, дæ хорзæхæй, дæхи ма тыхсын кæн, фæдзæбæх та уыдзынæ,– йæ цæстытысыг тыххæй уромгæйæ йын зæрдæтæ авæрынмæ хъавыди Госæда, фæлæ йæ Садуллæ йæ къухы змæлдæй æрурæдта æмæ дарддæр йæ ныхас кодта:

– Мæлын та мæ нæма фæнды. Ома чысыл фæцардтæн, уый тыххæй нæ. Ныронг дæр, æвæццæгæн, мæ Хуыцауæй рох фæдæн, Барастыры минæвар мæм хуымæтæджы афтæ æрæгмæ æнæзынгæ нæ уыди. Ныр æрхæццæ мæ царды кæрон, æмæ дын ацы ныхæстæ дæр уымæн кæнын. Нæ мæ фæндыд æнæ Тасолтаны фенгæ ацы дунейæн хæрзбон зæгъын. Уал азы бæргæ фидар лæууыдтæн, фæлæ кæронмæ нæ бафæрæзтон. Ныр дæ иунæгæй æнхъæлмæ кæсын бахъæудзæн. Бузныг дæ дæн, мæнæй фидардæр кæй разындтæ, уымæй. Стæй дæм хæлæг дæр кæнын: ды мæнæй амондджындæр дæ, Тасолтаны чи фендзæн... Хъусыс, хатыр-иу дзы ракур...

Зæронд лæджы фæстаг ныхæстæ кæмдæр хурхыуадындзты масты æртæхтимæ сæмхæццæ сты æмæ дзæбæх хъуысгæ дæр нал ракодтой. Дыууæ цæстысыджы къæмисæнтыл æртылдысты æмæ базыл атадысты. Госæда уымæй размæ дæр йæхи тыххæй урæдта, фæлæ ныр йæ мойы афтæмæй куы федта, уæд йæ кæуын йæ былалгъмæ схæццæ æмæ богъ-богъгæнгæ, иннæ уатмæ рацыд. Сыхæгтæй чидæртæ фæдисы уайæгау æрбакодтой. Хъуыддаг куы бамбæрстой, уæд Госæдайы æрсабыр кодтой, сæхæдæг рынчыны размæ бацыдысты.

Уыцы изæр Садуллæ амард. Иры хъæутыл апырх фыдохы уац. Хоситæм мардмæ æрцыдысты сæ хæстæджытæ, сæ къабæзтæ, сæ зонгæтæ. Мыггаджы хистæр ингæнкъахджыты уæлмæрдтæм арвитыны агъоммæ бацыди Госæдамæ æмæ йын афтæ:

– Цомиан, цы уавæры дæ, уый мах иуылдæр æмбарæм. Стыр зынæн стыр хъару хъæуы. Фæразын – йæ хуыздæр хос. Нал ис Садуллæ. Ныр цалдæр æмæ ссæдз азы хабар нæй Тасолтанæй дæр. Зын у, фесæфтис, зæгъгæ, сдзурын. Æвзаг уыцы ныхæстæ зæгъынмæ тасгæ дæр нæ кæны, фæлæ абоны онг йæ ном рохуаты кæй ис, уый мæм раст нæ кæсы. Са-

дуллæйы фарсмæ йын цырт куы ныссадзиккам...

Зæронд лæг цыма йæ фæстаг ныхæстæй тæргæ фæкодта, уый хуызæн уайтагъд æндæрырдæм фæци:

– Кæд ма, мыййаг, æгас у – цы нæ вæййы! – уæд ын уымæй ницы уыдзæн. Куы ссæуа, уæд æй йæхæдæг сæфтаудзæн...

– Кой дæр æй ма кæн, Хъæлæмырзæ, – йæ кæуын тыххæй уромгæйæ, загъта Госæда. – Æз мæ иунæгæн цæрдудæй цырт нæ садзын. Райсом куы фæзына æмæ мын, куыд тагъд мæ аныгæдтай, зæгъгæ, куы бауайдзæф кæна, уæд та йын цы дзуапп ратдзынæн? Нæ, уыцы хъуыддагæй ницы рауайдзæн. Мæ хъæбулмæ ма цы цæсгом равдисдзынæн?..

Бавæрдтой зианы. Адæм сæ хæдзæрттæм фæцыдысты. Госæда иунæгæй баззад. Цæрын ын бæлвырд фæзындæр. Хуыцау хорз, æмæ йæм сыхæгтæ сæ цæст дарынц, æндæр цы фæуид?! Æххуыс ын кæнынц, тыхсын æй ницæмæй уадзынц. Æрмæст сæ хæсджынæй никæмæй баззайдзæн. Тасолтан куы ссæуа, уæд йæ хæрзгæнджытæй алкæмæн дæр арфæ ракæнын базондзæн. Цæугæ та æнæмæнг скæндзæн. Сæхимæ хæсты фæудæй бирæ фæстæдæр чи сыздæхт, ахæмтæ иу æмæ дыууæ ис. Æхсæз азы размæ дыууæ црайуаджы æнæнхъæлæджы сæ хæдзары дуæрттæ куы бахостой. Науæд Дзуццаты Сæрæби та! Хъæдгæронмæ сæм Госæда йæхæдæг куы фæцыди! Зæгъгæ дæр никæмæн ницы кодта, афтæмæй фæраст. Сыхæгтæй та йæ бæсты исчи ацыдаид, фæлæ Госæда хъуамæ йæхи цæстытæй федтаид уыцы лæппуйы, кæннод фæсмон кодтаид. Цраумæ дæр æй нæ ауагътой, зæрондæн, дам, даргъ фæндаг у, зæгъгæ, æмæ ма абон дæр йæхимæ мæсты кæны, кæй нæ ацыди, уый тыххæй.

Хъæдгæроны фæзилæнмæ куы бахæццæ, уæд йæ къухмæрзæнæй йæ хид асæрфта æмæ хæстæгдæр бацыди, æфсæйнаг быру кæуыл уыд, уыцы цыртдзæвæнмæ. Хъалæгаты Тæтæрийы фондз фырты кой уый размæ дæр фехъуыста, фæлæ сын цырт ам сæвæрдтой, уый нæ зыдта. Йæ хус цæстытæй къамтæм бирæ фæкасти, стæй йæхицæн дзурæгау загъта:

– Ахæм хъæбултæй бавдæлон у! Фаг фæрсты фидар ис сæ ныййарæгæн...

Йæ цуры чидæр кæй æрлæууыд, уый зонгæ дæр нæ бакодта Госæда. Фæстæмæ куы фæкаст æмæ æнæзонгæ нæлгоймаджы куы ауыдта, уæд куыддæр фефсæрмы. Бæлццон ын, æвæццæгæн, йæ уавæр фæфиппайдта æмæ йæ цыма нырма ныр фæхъуыды кодта, уый хуызæн æй бафарста:

– Хорз ус, искæмæ æнхъæлмæ кæсыс?

– Никæмæ... Хъæдгæронмæ цæуын æмæ мæнæ ам афæстиат дæн...

– Уæдæ иумæ цом. Æз дæр хъæдгæройнаг дæн.

– Бахатыр кæн, фæлæ кæй лæппу дæ? – бафарста Госæда, иуцасдæр куы ауадысты, уæд.

– Дзуццаты...

Зæронд ус, уыцы мыггаг куы айхъуыста, уæд æваст сдзурын ницыуал бафæрæзта. Йæ зæнгтæ адон сты. Æрæджиау сдзырдта:

– Æрæджы сæ лæппу кæмæн ссыд, уыцы Дзуццаты нæ зоныс?

– Уый мæхæдæг дæн æз. Кæд нæ хæстæг дæ, уæддæр дæ нал хъуыды кæнын... Дæхи мын бацамон...

– Нæ дæн, мæ хур, уæ хæстæг, – фæндаджы астæу лæугæйæ, дзырдта Госæда. – Фæлæ нæхицæй дæумæ раст дæн. Мæ лæппу дæр хæсты ис æмæ йыл, зæгъын, кæд искуы фембæлдтæ. Йæ ном Тасолтан хуыйны... Хоситæй...

Зын кæсæн уыди комкоммæ уыцы сахат зæронд усы цæсгоммæ. Сæрæби, цыма цыдæр æрымысыныл архайдта, уыйау Госæдайы уæхсчы сæрты кæдæмдæр нымдзаст. Йæхинымæр та хъуыды кодта: цы зæгъа зæронд усæн? Хоситы Тасолтаныл никуы сæмбæлд. Никуы йын фехъуыста йæ кой дæр...

Куы ссыди, уæдæй нырмæ ахæм уазджытæ сæ къæсæрæй цалдæр бахызт. Æмæ сын цы зæгъын йæ бон уыди, зæрдæвæрæн ныхæстæй дарддæр?..

– Тасолтан... Тасолтан... Хоситæй... – сабыр хъæлæсы уагæй сдзырдта Сæрæби. – Нæ зонын... Æргом куы дзурон, уæд ыл никуы сæмбæлдтæн... Кæд ыл фембæлдтæн, уæддæр уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыд æмæ...

Æрдæгфæндагæй раздæхти фæстæмæ Госæда. Сæрæби йæ сæхимæ бæргæ хуыдта, фæлæ ма сæм цæмæ цыдаид?! Кæд ын йæ хъæбулы тыххæй ницы загъта, уæддæр йæ зæрдæ чысыл фæфидардæр. Ноджы тынгдæр æй бауырныдта, Тасолтан æгас кæй у, уый.

Цæуы рæстæг. Тасолтан сывæллонæй кæй ныууагъта, уыдон сæхæдæг ныр сывæллонджынтæ сты. Госæда дæр зæрондæй-зæронддæр кæны. Фæлæ йæм низтæ хæстæг нæ уæндынц. Æвæццæгæн, уыдон дæр зонынц, Цомианы йæ уарзон хъæбулмæ æнхъæлмæ кæсын кæй хъæуы, уый æмæ та йæ иувæрсты ахизынц. Афтæ куы нæ уаид, уæд афонмæ раджы амардаид. Ныртæккæ та йæ мæлынмæ не ’вдæлы.

Рудзынгæй та кæсы Госæда. Уынджы сабитæ хъазынц. Сæ хъæлæсы дзаг худынц. Сыхæгты кæртæй цæуы фæрæты къупп-къупп. Фæлæ сæ Цомиан нæ уыны, хъусгæ дæр сæ нæ кæны. Диссаджы хурбон скодта. Рагуалдзæг ахæм рæстæг арæх вæййы. Фæлæ æрттивгæ тынтæ нæ хæццæ кæнынц зæронд усы зæрдæмæ. Уымæн йæ хъуыдытæ Тасолтанимæ сты.

Куыддæр уынджы тигъæй постхæссæг æд хызын æрбазынд, афтæ Госæдайы цæстытæ фæрухсдæр сты. Æнцъылдтæ цæсгомыл цыма цины тынтæ бакалд, уыйау фæхъæлдзæгхуыз. Постхæссæг рудзынджы акомкоммæ куы 'рбахæццæ, уæд æм Госæда фæрссаг ахоста. Уый йæ хост хъуысгæ дæр нæ фæкодта, фæлæ та иннæ бонты хуызæн ацы хатт дæр рудзынджы 'рдæм разылд æмæ йын къухæй ацамыдта, писмо дæм нæй, зæгъгæ.

Зæронд усы цæстыты зынг æрхуыссыд. Æрдæбоныциндзинад русты æнцъылдты æрбайсæфт, æмæ та цæсгом йæ фыццаг хуыз райста.

– Нæй та дзы абон дæр хабар, – загъта Госæда æмæ уыцы фæллад-хуызæй йæ рæмбынықъæдзыл æрæнцой кодта. – Уæвгæ, Тасолтан гæххæтт нæ сæрвитдзæн. Дзæгъæлы йæм æнхъæлмæ кæсын. Уый æваст æрбалæудзæн. Æвиппайды æрбахойдзæн дуар...

## ХОРЗ У ФИСТÆГÆЙ ЦÆУЫН

Фистæгæй цæуын бирæ уарзын. Уæлдайдæр – быдырон фæндæгтыл. Талынг ма уæд, æндæр кæцыфæнды афон дæр – сæрд дæр, зымæг дæр... Зæрдæйы цавæрдæр æмбæхст бæллицтæ райгуыры, сæ кæрон мæм нал фæзыны. Мæ алыварс цы фæуынын, уыдон мæм бынтон æндæр фæкæсынц. Цыма, телыхъæды цъуппыл цы цæргæс абады, уый хуызæн амæй размæ никуыма федтон... Æнæзонгæ адæймаджы къахвæдтæ, зæронд хъæллæгъы бындзæфхæдтæ, зына-нæзына Джермецыччы митæмбæрзт рæгътæ, Æрджынарæджы кулдуар, Æрхыбыл, Куыройыдон – алчидæр дзы риуы циндзинады тых бауадзы, æмæ мыл цыма базыртæ ныссагъдæуы, уыйау атæхынæввонг свæййын.

Нæ хъæумæ куы фæцæуын, уæд бирæ хæттыты æрдæгфæндагыл машинæйæ рахизын æмæ дарддæр фистæгæй араст вæййын. Сосайыл нæ. Уæд мæм машинæтæ æруром-æруром кæндзысты (шофыртæн сæ фылдæр мæ зонгæтæ сты). Стæй ам æнæуи цæуджытæ дæр фылдæр ис, æмæ уыдонæй, æппын ницы, фæлæ алкæмæн салам дæттын уæддæр

хъæуы. Мæн та иунæгæй, куыд ничи мæ хъыгдара, афтæмæй цæуын фæфæнды, æмæ, нæ хъæумæ комкоммæ цы къахвæндаг ис, ууылты араст вæййын.

Хорз у фистæгæй цæуын... Иннæ хæттытау та абон дæр мæ зæрдæ рухс у. Ныридæгæн быдыр улæфы уалдзæджы комытæфæй. Ранæйрæтты цъиуты цъыбар-цъыбур хъуысы. Цыма уазал зымæджы фæстæ æваст хъæрæй ныззарын нæ уæндынц, афтæ мæм кæсы.

Фæндаджы былгæрæттæ цъæх-цъæхид адардтой. Зæрдæйы цыма ныфсы цæхæртæ базмæлынчындæуыд, уый хуызæн дзы ферттывтой цавæрдæр зынгтæ. Уыдон, æвæццæгæн, бынтон никуы ахуыссынц. Æрмæст хаттæй-хатт чысыл æрмынæг вæййынц, æмæ сыл тæнæг фæлм æрбады. Фæлæ та хъæлдзæгдзинады дымгæ куы рацæуы, уæд ногæй разынынц, хуры тынтау ссудзынц.

Арт, пиллон арт судзы мæ зæрдæйы, нæ йæ зонын, цæмæн. Фæлгæсын мæ развæндагмæ. Кæсы мæм мæ развæндаг йæхæдæг дæр. Кæсынц мæм цъиусуртæ, телыхъæдтæ, хæмпæлтæ. Къахвæндаджы нарæг уаццаг дардæй кæцæйдæр мæ размæ згъоры æмæ мæ тæккæ цур айсæфы. Цыма зæрдæйы смидæг вæййы. Фæлæ фæстæмæ куы ракæсын, уæд мæ бауырны, йæ кæрон уым кæй нæ фæци æмæ дарддæр кæй атындзыдта.

Далæ сæ сæртæ бæрзонд систой, нæ хъæугæрон цы даргъ гæдыбæлæстæ ис, уыдон дæр. Уæвгæ, айразмæ дæр зындысты, æз сæм нырма ныр фæкомкоммæ дæн, æндæр. Афонмæ та сæ цъуппытæ халæттæй байдзаг сты, æмæ уыдон бæстæ сæ сæрыл систой. Ничи сæ уарзы. Адæм нæ, фæлæ сæ мæргътæ сæхæдæг дæр се сæфт уынынц. Цы фæуой, уæдæ! Уыдон дæр цин кæнынц уалдзæджы ралæудыл. Сæхи зæрдæйæ заргæ кæнынц, кæд сын кæуыны хуызæн уайы, уæддæр.

Хорз у фистæгæй цæуын... Дæ фæндаг дæхи бар куыд уа, афтæмæй...

Æрдз йеддæмæ дæ куыд ничи хъыгдара... Уæд адæймаг фæллайгæ нæ кæны. Зæрдæ фыр цинæй срухс вæййы...

Фæнды мæ мæ хъæлæсы дзаг ныззарын, нæ хъæубæстæ дисты куыд бацæуой, Кæрдзыны рæгъты миттæ мæ комытæфæй куыд атайой, Урсдоны ихтæ куыд базмæлой... Фæнды мæ, фæлæ дзы ницы рауайдзæн. Уымæн æмæ зары мæ зæрдæ, æмæ уый раз дзыхæй зард нæ сахаддзæн, никуыдæм фехъуысдзæн.

Цæуын фистæгæй мæ райгуырæн хъæумæ, мæ уарзон фæндæгтыл, мæ уарзон быдыртыл... Бирæ нæ хъæуы, æвæдза, адæймаджы самондджын, схъæздыг кæнынæн! Ныхас зæрдæйы хъæздыгдзинадыл

цæуы. Иннæтæ йæ разы ницы сты. Кæсын æнæмигъ сыгъдæг арвмæ, цъæх фæлмæй æмбæрзт урссæр хæхтæм, Куыройыдонмæ, Уæлбылмæ, æмæ мæ амондæн кæрон нал ис! Нæхимæ куы ’рцæуын, уæд алы хатт дæр афтæ вæййы. Нæ йæ зонын, цæмæн. Æвæццæгæн, мæ сабидуг ам кæй аивгъуыдта, уый тыххæй. Уæвгæ, мæ рагбонтæ никуыдæм аивгъуыдтой. Ам баззадысты. Ам сæ ныууагътон, дард балцы цæуын куы сфæнд кодтон, уæд. Бирæ, тынг бирæ сæ уарзын. Æмæ сыл куы сæмбæлын, уæд афтæ цин дæр уый тыххæй фæкæнын. О, о, хорз у фистæгæй цæуын.

Кæсынц мæм алы рæттæй мæ цинæфсæст сабийы бонтæ се ’нæхин цæстытæй æмæ мæ домынц сæхи хуызæн хъæлдзæг, æнæмæт, æнæсайд æмæ сыгъдæгзæрдæ уæвын. Хорз ныстуантæ æвæрынц мæ размæ.

Зынын мæм райдыдтой нæ хъæуы хæдзæрттæ. Алы цары бын дæр дзы цард фыцы, сæ къæйыл – чъиритæ, сæ цæхæрыл – физонæг, сæ уæларт – бæгæны, куыд фыцы, афтæ. Фыцынц зæрдæтæ, фыцы туг, фыцынц æнкъарæнтæ, бæллицтæ... Хорз у фыцын. Хорз у судзын. Хъуамæ дæ хъармæй искæй батавай, хъуамæ дæ зынгæй искæй ссудзай.

Кæсын мæ хъæумæ дардæй æмæ йæм кæсынæй нал æфсæдын. Æхсызгон мын у, алы хæдзарæй дæр дзы фæздæг кæй кæлы, уый. Къонайы арт куы судза, уæд цардæн æрмынæгæй тас нæу, уазал дзы дæрдты лидзы...

Хæлæг кæнын мæ хъæумæ, уыйбæрц фырттæ кæмæн ис. Иугæйттæ нæ, фæлæ дæсгæйттæ æмæ ссæдзгæйттæй нымайгæ сты уыдон. Алкæй зæрдæ дæр дзы дзаг у уарзондзинадæй. Алчи дæр дзы сæрыстыр у, ам кæй райгуырд, уымæй. Уыдонæй та йæ бирæтæ скадджын кæндзысты. Йæ хорзы кой та бирæ хæттыты айхъуысдзæн æнæхъæн Ирыстоныл, йæ цытыл цыт бафтдзæн, йæ намысыл – намыс.

Райгуырæн зæххыл алцыдæр зынаргъ у. Лæг кæм схъомыл вæййы, уым ын алчидæр адджын у. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ къабæзты туг куы байсысид, уæд мын Куыройыдон карддæттæг тых фестид, мæлгæмæлын, Елмæрзайы суадонæй куы ануазин, уæд мæ тугдадзинтæ ногæй скусиккой. Сабийæ кæм ратæх-батæх кодтон, уыцы цъæх нæууыл цæуынæй никуы бафæллаин.

...Кæд сындæггай цыдтæн, уæддæр мæм фæндаг æгæр цыбыр фæкаст. Къутуты цурæй нæ хъæу иууылдæр разынди. Уынын, уынгты цы адæм цæуы, уыдоны. Ныртæккæ та мыл иууылдæр куыд цин кæндзысты! Раст сæ цыма алкæмæн дæр исты стыр хорздзинад ракодтон, уый

хуызæн. Цыма сæ зæрдæты хъарм ме 'рцыдмæ ауæрстой, уыйау та мæ сæ мидбылхудтæй барæвдаудзысты, сбуц мæ кæндзысты сæ фæлмæн дзыхы ныхасæй. Ехх, æвæдза, адæм хорз сты!.. Уыдоны аккаг хъæбул разын – уымæй стырдæр амонд нæй.

Нырма нæ хъæумæ нæма бахæццæ дæн, афтæмæй риуы цæйбæрц циндзинæдтæ райгуырд! Уагæры ма мидæмæ куы бацæуон, уæд та куыд уыдзæн!..

Фистæгæй цæуын хорз у... Æрмæст дæ нарæг къахвæндаг дæ райгуырæн быдыртыл дæ райгуырæн хæдзармæ куы хона, уæд. Кæнæ дын уыцы къахвæндаг де 'рыгон хъæлдзæг бонтæ куы 'рымысын кæна.

Хорз у фистæгæй цæуын!..

## ХУРТЫ ХУРТÆ

Уалдзæг йæ цъæх мидбылты худы. Кæрдæгæй, бæлæстæй, хæмпæлтæй. Мæргътæ дæр сæхиуыл нал ауæрдынц. Кæд дзы алчи йæхи хъæлæс тынгдæр райхъуысыныл архайы, уæддæр сын дзы, иуварсæй хъусгæйæ, иу зарæг – уалдзыгон зарæг – раурад. Мидбылхудт æмæ зарæг та хорз фидауынц, растдæр зæгъгæйæ та, æнæ кæрæдзи нæ фидауынц, æмæ сын уалдзæг диссаджы уазæгуарзон фысым разынд.

Дуне йæ мидбылты худы, æрдз йæ минмырон хъæлæсæй зары йæ тæккæ амондджындæр зарджытæй иу, алы тихалæгмæ дæр чи хъары, алы сыфтæрмæ дæр чи æххæссы. Бæстæ йæм хъусынæй нал æфсæды. Стæй канд хъусыныл нæ – уыцы зæрдæисгæ зарæгмæ дуне базмæлыд æмæ рæзынмæ фæци. Зайæгойтæ зайгæ кæй кæнынц, ахæм ном дæр сын уымæн радтой. Æмæ та уалдзæджы ралæудимæ, уалдзыгон зарæгмæ хъусгæйæ, хæрдмæ æмæ фæйнæрдæм бырсынмæ февнæлдтой.

Уыгæрдæны цъæх «бецыкк» фадхъултæм сгæпп ласта. Бæлæстæй чи йæ тæккæ къуыбар æфтаугæйæ у, кæуыл та дзы суанг сыфтæртæ дæр фæзынди. Хъæды къох иууылдæр цъæх адардта. Фæлурсцъæх. Къалиутыл цы сыфтæртæ фæзынд, уыдон куыд æвзонг сты, афтæ æвзонг у, сæхи цы ахорæны стылдтой, уый дæр. Фæлæ рæстæг рацæудзæн, æмæ фæлурсцъæхы бынат бацахсдзæн æцæг цъæх, æмæ йæ хонын райдайдзысты «цъæх-цъæхид».

Ногдзыд сыфтæрыл та уал ныртæккæ фæлурсцъæх дæр хорз фидауы. Бæлæстæ райгонд сты сæ уалдзыгон фæлыстæй, æмæ чындздзон

чызджытау сæ ног «къабатæ» дымгæмæ пæр-пæр кæнынц. Æрмæст æппæт бæлæстæн нæ. Фатхъæды къудзийæн мæсты гогызау йæ фæдджитæ фæйнæрдæм фæцыдысты æмæ йæ хæтæлтыхт згæхуыз сыфтæ фаронæй нырмæ æнæвнæлдæй лæууынц. Кæд хуыскъ баци, зæгъгæ йæм хæстæгдæр бацыдтæн. Цæй хуыскъ æмæ цæй цыдæр!

Къудзийæн иннæты хуызæн йæ къабæзты уалдзæг зилдух кодта. Куыд раиртæстон, афтæмæй фатхъæды пыхс æртæ «уæладзыгæй» арæзт разынд. Фароны сыфтæртæ ма фидар хæцыдысты æрмæстдæр фыццаг «уæладзыджы» къалиутыл. Цыма уалдзæджы æрцыд æппындæр ницæмæ дардтой, афтæ зынд. Дыккаг «уæладзыджы» иу сыфтæр дæр нал баззад. Сæ бæсты фæзындысты цыллæйы калмы йас цыргъбырынкъ къуыбæрттæ. Æртыккаг «уæладзыг» уалдзæджы хъæбысмæ йæхи фидар нылхъывта – йæ рæутау æнæвнæлд ног сыфтæртæ дымгæ арæхстгай змæлын кодта.

Бæласы фыццаг «уæладзыг» мæм зæронд лæджы хуызæн фæкаст, йæ хъæбулты хъæбулты хъæлдзæг æмæ амондджынæй чи федта, йæ хурты хурты уалдзæджы хъарм кæй батавта, ахæм зæронд лæджы хуызæн. Фароны сыфтæртæн дыккаг «уæладзыджы» къуыбæрттæ уыдысты йæ хъæбултæ, æртыккаг «уæладзыджы» къуыбæрттæй цы сыфтæртæ равзæрд, уыдон та – йæ хъæбулты хъæбултæ.

## ФÆСМОН

Абондæргъы хъæд-хъæд фæцыдтæн, фæлæ дзы уалдзæджы миниуджытæй ницæуыл уыйас мæ цæст æрхæцыд, кæд мартъийæн йæ къахыл ауайын раджы æмбæлд, уæддæр. Хъæды фæндæгтæ мæ-иу арæхдæр бахуыдтой зымæджы фæдтæм. Иуæй-иу хатт-иу мæ размæ фесты ставд лæхурæджы хуызæн чъизихæццæ миты хъæпæнтæ. Æрдæгтад сæкæры дынджыр къæрттытау-иу сæхи цæгаты арфдæр къуымтæм нылхъывтой. Уырдыгæй сын алидзæн нал ис, уый зыдтой æмæ æнæ хъæр, æнæ цъистæй æнхъæлмæ кастысты сæ боны фыддæрмæ.

Æрдузмæ рахизгæйæ-иу мыл атыхст æнахуыр уазал дымгæ. Мæ дæллагхъуыртæм-иу фæлæбурдта, хъусты-иу йæ къуыс-къуыс ссыд, афтæмæй та йын афтæ уæндонæй архайын афон нал уыд. Мартъийæ æнæхъæн æртындæс боны рацыд. Искæй куывды та афтæ къæйных уæвын аив нæ вæййы. Фæлæ уый уалдзæгмæ хъаргæ дæр нæ кæны, æндæр афтæ фынæйæ нæ лæууид.

Уалынмæ иу райдзаст æрдузмæ бахæццæ дæн. Хуры тынтæ дзы тыбар-тыбур кодтой. Хъазыдысты фароны хус сыфтæртыл, æхсæр æмæ фатхъæды бæгънæг къалиутыл. Ферттывтой-иу, æрдузы рæзты цы ирд суадон згъордта, уый тæстытæ уылæнтыл.

Мæхи сусхъæды æхсæст къалиутыл æруагътон. Уайтагъд, хуры тынты хъарм куыд æхсызгон у, уый банкъардтон. Зымæгон дарæсы мидæмæ дæр мæм æрбахъардта. Мæ резинæ цырыхъхъытæ цыма артмæ дардтон, уыйау сæ уæлцъар ссыгъд. Цæгатырдыгæй мыл æлхыскъгæнаг дымгæ йæхи æрбаскъæры æмæ мæ хъусы кæрæттыл йæ тых авзары. Иуырдыгæй мыл зымæг ныдзæвы, иннæрдыгæй – уалдзæг. Уазал чъылдымырдыгæй лæбуры, хур та мæ разырдыгæй æндавы.

Æрæджиау фæкомкоммæ дæн малусæг дидинджытæм. Цыма иннæ зайæгойтæй исчи сæ разæй куы фæуа, уымæй фæтарстысты, уыйау рæзынмæ фесты æмæ уайтагъд зæххæй сгæпп ластой. Сæ урс-урсид сæртæ æфсæрмдзастæй æркъул сты, æмæ, сæ фæстæ цы дидинджытæ фæзындзæн, уыдонмæ 'нхъæлмæ кæсынц.

Сæ астæумæ бацыдтæн æмæ тæккæ заддæр ран тонынмæ февнæлдтон. Иу басты фаг мын куы баисты, уæд фæстæмæ фæзылдтæн, йæ сæрты кæмæн æрбахызтæн, уыдонæй дæр ма ратонон, зæгъгæ, фæлæ дзы мæ цæст ницæуылуал æрхæцыд. Иуцасдæр æдзынæг фæкастæн æмæ та сæ радыгæй уынын райдыдтон. Æрмæст мæм ныр дзæвгар къаддæртæ фæкастысты. Æрдæбоны хуызæн сæрбæрзонд уой, уый бæсты сæ хъузджыты бампылдысты, зæххæй ма зына-нæзына зындысты. Кæд сын се ’мбæлтты тонынмæ куыд æнауæрдонæй бавдæлдтæн, уый бамбæрстой æмæ æмбæхсынмæ уымæн фесты.

Цыдæриддæр уыди, уæддæр дидинджытæм нал бавнæлдтон. Кæй æртыдтон, уыдон дæр фаг уыдысты, стæй мæ сæ зæрдæхудты цæуын дæр нал бафæндыд.

## ЦÆСТЫТÆ

Æфсæст куырм у. Кæд ын цæстытæ ис, уæддæр дзы ницы уыны. Æххормаг та алцыдæр уыны, суанг ын цæстытæ куы нæ уа, уæддæр.

Нæхицæй æфсæстæй рацыдтæн, фæлæ хъæды рагæй нал уыдтæн æмæ мын æрдзы уындæй æххормаг уыд. Дуне афтæ конд у, æмæ дзы маст æмæ цинау алы ныхмæвæрд хъуыддæгтæ фæрсæй-фæрстæм цæуынц. Уыдон бон æмæ æхсæвау кæрæдзи раив-баив куы нæ кæниккой,

хур æмæ къæвдайау кæрæдзи æрцыдмæ куы не ’нхъæлмæ кæсиккой, уæд нæ дун-дуне дисыл нал æфтауид, бæллицтæ гуырынхъом нал уаиккой.

Хъæды рацу-бацу кæнынæй æфсæдын райдыдтон. Дардæй дæр цы цъæх-цъæхид къутæрты уындмæ бæллыдтæн, уыдон æнæрцæфдзинадæй мæ зæрдæ байдзаг. Æнæкæрон æхсызгондзинад мын æрхастой сырхдзæццытæбуар цæрдæг балеры сонт цъыввыттытæ æмæ гæркъæраджы фæдисмæсидæг хъæртæ.

Æрдзы рæсугъддзинадмæ кæсынæй куыд æфсæстæн, афтæ æххормаг кæнын райдыдтон. Цæстытæ мæ зæрдæйы уыйас тынг куынæуал хъуыдысты, уæд сæ ахсæн йæхи бакæнынвæнд скодта. Абондæргъы фылдæр кастæн дидинæгджын æрдузтæ æмæ кæрдæгджын тъæпæнтæм, цин кодтон, фароны хус хæмпæлты сæрты цъæх-цъæхид æвзартæ кæй акастысты, ууыл. Гæркъæраджы ахстон дæр ма басгæрстон. Йæхæдæг уым нæ разынд, фæлæ дзы авд дзыгъуыр айчы куы федтон, уæд бамбæрстон, цард дзы цæджджинагау кæй фыцы. Ноджы хъарм куы разындысты, уæд аивæй хæрис бæласæй хизыныл фæдæн. Иудзæвгар ауадаин, афтæ гæркъæраг уæларвæй æрхауæгау кæцæйдæр фæзынд æмæ бæласыл абадт. Ахстоны хицау кæй уыд, уый ма мын цы базонын хъуыд. Æз тагъд-тагъд хъæды арфы аныгъуылдтæн, цæмæй къуыртты бадæджы мауал хъыгдардтаин.

Ныр уыцы нывтæм кæсынæй куы бафсæстæн, уæд мыл ме ’ххормаг æртæфст. Абондæргъы мæ ахсæны цæстыты сæр ницæмæн хъуыд, фæлæ сæм ныр æххуысмæ фæдзырдта, æмæ æрдзы рæсугъддзинадимæ уынын райдыдтой гæнгæлыйы уыгæрдæнтæ æмæ хъæндæлыйы сакъадæхтæ, тыртыйы ногдзинад сыфтæртæй æмбæрзт сындзæрх къалиутæ æмæ ма суанг, а фæззæгæй нырмæ фароны хус сыфтæрты ’хсæн æмбæхстæй чи фæлæууыд, æхсæры уыцы цалдæр нæмыджы дæр.

Уалдзæджы лæвæрттæй мæхи хорз куы федтон, уæд мæ ноджы тынгдæр бауырныдта, æфсæст куырм кæй у, æххормаг та – цæстджын.

## РАЙГУЫРÆН ЗÆХХ

Æрдз кæддæриддæр рæсугъд у. Хохы дæр æмæ быдыры дæр. Уалдзæг дæр æмæ зымæг дæр. Адæймагæн уæлдай ад кæны, боны рухс кæм федта, уыцы къуым, йæ къахыл кæм ауад, уыцы зæххы гæппæл. Йæ сабийы бонтæ кæм арвыста, уымæй йын зынаргъдæр ницы ис, æмæ

йæ цæрайæ уымæн фæцæры, йæ сæрвæлтау мæлæт райсынил уымæн сразы вæййы.

Цард æмæ мæлæт. Уыдон райгуырæн бæстæйы уидæгтæ сты. Кæд цæргæ, уæд – райгуырæн зæххыл, кæд мæлгæ, уæд – райгуырæн зæххы сæраппонд.

Мæ мадымад йæ мæлæты рынчын куы 'рци, уæд, цæмæй тагъддæр адзæбæх уа, ууыл нæ хъуыды кодта, фæлæ йæ цотæн фæдзæхста:

– Хъусут, ам-иу мæ ма баныгæнут, æз хохы мæрдтæй никæй зонын.

Дзыцца нал фервæздзæн, уый мæ нæ уырныдта, æмæ мæм йæ ныхæстæ куыддæр худæгау кастысты. Амы мæрдтæй, дам, никæй зонын. Цыма куы амардаид, уæд, уæлæуыл кæй зыдта, уыдоны мæрдты дæр базыдтаид.

Йæ цот æй сдзырд дæр нæ уагътой, мæлынмæ, дам дын нырма раджы у, æмæ йæ кой дæр ма кæн, фæлæ зæронд ус, йæ царды кæрон кæй ралæууыд, уый æмбæрста æмæ та-иу фæстæмæ йæхи ныхасмæ рахызт:

– Цыфæнды зын уын куы уа, уæддæр-иу мæ быдырмæ аласут. Бирæ уæлдай хæрдзтæ уæ нæ бахъæудзæн...

Цалдæр боны фæстæ мæ мадымад амард. Йæ хъæбултæ йын сæххæст кодтой йæ фæдзæхст æмæ йæ Уæлладжыры комы рæбынæй быдираг хъæумæ раластой æмæ йæ баныгæдтой, йæ царды фылдæр азтæ кæм арвыста, уыцы зæххыл.

Зынаргъ у тынг райгуырæн зæхх адæймагæн. Æгасæй дæр æмæ мардæй дæр.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **17 апрелы** Красноярскы крайы Фысджыты цæдис æмæ нæ республикæйы сфæлдыстадон интеллигенцийы 'хсæн арæзт æрцыд Æппæтуæрæсейон видеосеминар «Æврæгъты сæрмæ хидтæ». Ныхас дзы цыд литературæйы фарстатыл æмæ нæ бæстæйы адæмты 'хсæн хæлардзинад æмæ сфæлдыстадон бастдзинæдтæ сфидар кæныныл.

► **20 апрелы** зындгонд ирон поэт Дзаболаты Хазбийы райгуырдыл 90 азы кæй сæххæст, уый фæдыл йæ райгуырæн Ногхъæуы арæзт æрцыд юбилейон-номарæн изæр. Уыд дзы йæ чингуыты æмæ йæхиуыл фыст æрмæджыты равдыст. Архайдтой дзы фысджытæ, ахуыргæнджытæ, Дзаболаты мыггаджы минæвæрттæ. Раныхасгæнджытæ куыд дзырдтой, афтæмæй Хазби уыд, йæ цыбыр царды ирд æмæ хæдхуыз фæд чи ныууагъта, ахæм курдиатджын поэт.

► **9 майы** Дзæуджыхъæуы Сæрибары фæзы ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Советон Цæдисы Уæлахизы 76 азы кадæн хæстон парад. Архайдтой дзы республикæйы разамынд, хæсты ветерантæ, 58-æм æфсады хæйттæ æмæ горæты цæрджытæ…

► **14 майы** Ирыстонмæ ссыд зындгонд историк æмæ археолог Владимир Кузнецов. Ахуыргонд фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг Сергей Меняйлоимæ, стæй та республикæйы интеллигенциимæ. Кузнецов радзырдта, аланты исторingийыл куыд куыста, цы бафтыд йæ къухы, цы цæлхдуртыл сæмбæлд æмæ ма йæм цы фæндтæ ис, уый тыххæй.

Фысымтæ бузныг загътой ахуыргондæн, ирон адæмы истори иртасынмæ уæзгæ хуынтæ кæй бахаста, уый тыххæй. Дзæуджыхъæуы минæвæртты æмбырды Сæргълæууæг Икъаты Русланбег та йæ схорзæхджын кодта майдан «Дзæуджыхъæу – Хæстон намысы горæт»-æй.

► **18 майы** РЦИ-Аланийы Хицауады преми «Мæ уарзон Ирыстон»-æй хорзæхджынгонд æрцыдысты номинациты: «Телеуынынады æрмæджытæ»-йы – Зыхъуаты Жаннæ; «Радиойы æрмæджытæ»-йы – Чысиаты Эвелинæ, Мамиаты Дианæ, Налдыхъуаты Камилæ; «Мыхуыры æрмæджытæ»-йы – Бичилти Алетæ. «Сæрмагонд преми» лæвæрд æрцыд Налдыхъуаты Зæлинæйæн.

*Шеф-редактор* Н. С. ДЖУСОЕВА
*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* М. Т. БАГАЕВ
*Специалист по информационным ресурсам* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 15.05.2021. Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м².
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 251. Цена свободная. Выход из печати 26 мая 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон Цæгат Ирыстоны мыхуыры æмæ дзыллон-хабархæссæг фæрæзты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал «Мах дуг» расидтысты «МАХ ДУГ»-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!**

*Журналы историйы уый у фыццаг Преми. Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы кад фæбæрзонддæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*




- *поэзи;*
- *прозæ;*
- *публицистикæ;*
- *драматурги;*
- *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты 3 къордыл:*

- *7 азæй 15 азмæ;*
- *16 азæй 35 азмæ;*
- *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!*

*Конкурсы къæпхæнтæ:*

*15-æм майæ 30-æм октябрьмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адресмæ:* ***mahdug@mail.ru****, дзырд «Конкурс» дзы фæнысан кæнгæйæ; 1-æм ноябрæй 30-æм ноябрьмæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты авторты уацмыстæн; 10-æм декабры каддджын уавæры уæлахиздзау автортæ æрцæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры æмæ дзыллон-хабархæссæг фæрæзты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Инстаграм æмæ Фейсбукы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.*

*Фæрнæйдзаг ут!*




Индекс 73247
12+